सोम

12 अक्टूबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

आश्विन, शुक्ल पक्ष, द्वितीया संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक




मां ब्रह्मचारिणी कें प्रणाम


RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 34 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00


# नेपाल मे फेर उफनल गंडकी, घर-पुल बहल, सैकड़ो लापता, बिहार मे अलर्ट

## नेपाल मे नदी कात रहनिहार लोक कें ऊपरी क्षेत्र मे जेबाक देल गेल चेतावनी

- बिहारक सीमावर्ती क्षेत्र मे सेहो बढ़ाओल गेल निगरानी
- बगहा मे खतराक निशान सं ऊपर बहि रहल अछि गंडक

**काठमांडू, समदिया**

नेपालक गोरखा जिला मे रविदिन बूढ़ी गंडकी नदी मे अनचोके आयल बाढ़ि सं कतेको घर, पुल आ निर्माणस्थल बहि गेल। भूस्खलनक कारण नदीक प्रवाह बाधित होयबाक आ तखन अनचोके पानि तेजी सं नीचा दिस बढ़बाक आशंका जताओल गेल अछि। नेपालक अधिकारी सभ नदीक कात रहनिहार लोक कें सुरक्षित स्थान पर जेबाक चेतावनी देने छथि। एहि घटना सं फेर एक बेर नेपाल सं सटल बिहारक सीमावर्ती क्षेत्र मे बाढ़िक आशंका आ नदीक निगरानीक सवाल उठल अछि।

नेपालक बाढ़ि पूवार्नुमान विभाग नदीक कात रहनिहार लोक आ यात्री सभ कें सतर्क रहबाक, नदी सं दूर रहबाक आ सुरक्षित ऊंच स्थान पर जेयबाक सलाह देने अछि। प्रारंभिक आकलन मे ऊपरका क्षेत्र मे भूस्खलन सं नदीक प्रवाह रुकबाक आ तखन पानि अनचोके छोड़बाक आशंका जताओल गेल अछि।

### नेपाल मे भारी क्षति, बचाव अभियान जारी



समाचार संस्था रॉयटर्स आ एसोसिएटेड प्रेसक रिपोर्टक अनुसार, गोरखा जिलाक चुमनुब्री क्षेत्र मे भूस्खलनक बाद बूढ़ी गंडकी नदी मे अनचोके बाढ़ि आयल। नदीक तेज धारा मे घर, झूला पुल आ जलविद्युत परियोजनाक निर्माणस्थल कें क्षति भेल। किछु बिजली आ संचार टावर सेहो प्रभावित भेल। नेपालक सेना हेलीकॉप्टर आ स्थलमार्गक सहायता सं बचाव अभियान चला रहल अछि। रविदिन उपलब्ध सूचनाक अनुसार, 49 लोक कें बचाओल गेल छल आ पांच लोक लापता बताओल गेलाह।

### बिहार पर की अछि खतरा?

बिहारक दृष्टि सं एहि घटना मे एकटा महत्वपूर्ण भेद बुझब आवश्यक अछि। नेपालक बूढ़ी गंडकी नदी त्रिशूली नदी प्रणाली सं जुड़ल अछि, जे आगू नारायणी अर्थात गंडक नदी प्रणाली मे मिलैत अछि। एहि कारण नेपालक ऊपरी क्षेत्र मे अनचोके पानि बढ़बाक असरि गंडकक निचला प्रवाह पर पड़बाक संभावना रहैत अछि। मुदा एहि बेरक बाढ़िक पानि बिहार धरि कतेक मात्रा मे पहुंचत आ ओकर असरि केहन होयत, से एखन उपलब्ध सूचना सं निश्चित नहि कहल जा सकैत अछि। बिहार जल संसाधन विभागक 11 अक्टूबरक वास्तविक समयक आंकड़ाक अनुसार, गोपालगंजक डुमरियाघाट मे गंडकक जलस्तर 62.09 मीटर छल, जे चेतावनी स्तर 61.22 मीटर सं ऊपर, मुदा स्थिर छल। पश्चिम चंपारणक बगहा मे जलस्तर 88.45 मीटर दर्ज कयल गेल, जे चेतावनी स्तर 88.30 मीटर सं ऊपर छल। ई आंकड़ा गंडक तटीय क्षेत्र मे निगरानी जारी रखबाक आवश्यकता दशार्बैत अछि, मुदा एहि जलस्तर कें नेपालक ताजा बाढ़ि सं जोड़बाक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेटल अछि।

### बिहार सरकारक तैयारी की अछि?

बिहार सरकार नेपालक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र मे आकस्मिक बाढ़िक आशंका कें देखैत गंडक सं जुड़ल जिला सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देने छल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी संबंधित अधिकारी सभ कें जलप्रवाह, तटबंध आ संवेदनशील क्षेत्रक लगातार निगरानी करबाक आ जरूरत पड़ला पर तत्काल बचाव आ राहतिक व्यवस्था करबाक निर्देश देने छलाह। गंडक तटवर्ती गाम सभ मे जलस्तर पर नजरि, तटबंधक जांच, नाव आ राहति दलक तैयारी तथा निचला क्षेत्रक लोक कें समय पर सूचना देब जरूरी अछि। नेपाल आ बिहारक अधिकारी सभक बीच जलप्रवाह संबंधी सूचना साझा होयब एहि समय विशेष महत्वपूर्ण अछि।

### एक नजरि

**फोन पर बात करैत डायल 112केर सिपाही मारि लेलक गोली, मृत्यु**

**किशनगंज** : किशनगंज जिला मे रविक भोर सदर थाना परिसर स्थित पुलिस बैरक मे डायल 112 पर तैनात 32 वर्षीय सिपाही समीर कुमार अपन सर्विस पिस्टल सं माथ मे गोली मारि लेलनि। अस्पताल मे चिकित्सक हुनका मृत घोषित कए देलनि। मृतक मूल रूप सं भागलपुर जिलाक निवासी छलाह। घटना भोर करीब 8 बजे सं 8:15 बजे के बीचक अछि।

**कट्टा सं केक काटि जन्मदिन मनौलक छात्र, पकड़ल गेल**

**मुजफ्फरपुर** : मुजफ्फरपुरक जामिन मठिया घाट लग नवम कक्षा मे पढ़यबला एक छात्र कट्टा सं केक काटि जन्मदिन मनौलक। एहि घटनाक वीडियो 10 अक्टूबरक बताओल जा रहल अछि। सूचना पर पुलिस छापामारी कए जन्मदिन मनाबयबला छात्र आ ओकर एक दोस्त सहित दू नाबालिग कें पकड़लक। ओकरा सभक लग सं एकटा देसी कट्टा बरामद भेल अछि।

# पशु तस्कर सं सांठगांठ मामिला मे थानेदार जमादार आ सिपाही पर एफआइआर

## तस्कर सभ सं सांठ-गांठ कए अवैध वसूली आ मवेशी लादल ट्रक छोड़बाक आरोप, एसपी केलनि कारबाइ

**किशनगंज, समदिया**

किशनगंज मे पशु तस्कर सभ सं सांठ-गांठ कए अवैध वसूली करबाक आ मवेशी लदल ट्रक छोड़ि देबाक गंभीर आरोप मे एसपी संतोष कुमार पैघ कारबाइ केलनि अछि। किशनगंज पुलिस द्वारा जारी प्रेस विज्ञप्तिक अनुसार, पाठामारी थानाक निर्लंबित तत्कालीन थानाध्यक्ष गंगा प्रसाद गुप्ता, सहायक अवर निरीक्षक सुनील कुमार आ चालक सिपाही पवन कुमारक विरुद्ध ठाकुरगंज थाना मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। एहि मामिला मे संबंधित पुलिसकर्मी सभक अतिरिक्त पशु तस्कर, लाइनर आ अन्य एंट्री माफिया सभ कें सेहो नामजद कएल गेल अछि। पुलिस सभक विरुद्ध गहन छानबीन कए रहल अछि। आरोप लगलाक बाद तीनू पुलिसकर्मी निर्लंबित कयल गेल छथि।



### 17-18 अगस्तक रातिक अछि मामिला

ई मामिला 17 आ 18 अगस्तक रातिक अछि। एसपी संतोष कुमार कें गुप्त सूचना भेटल छलनि जे तत्कालीन पाठामारी थानाध्यक्ष गंगा प्रसाद गुप्ता आ अन्य दू पुलिसकर्मी ठाकुरगंज थाना क्षेत्र मे टोल प्लाजा लग पशु तस्कर आ एंट्री माफिया सभ सं सांठ-गांठ कए अवैध वसूली कयने छथि। आरोप अछि जे पुलिसकर्मी सभ तस्कर सभ सं पाइ लए मवेशी लदल ट्रक कें छोड़ि देलनि। एहि बातक जानकारी वरिष्ठ अधिकारी सभ कें भेटिते पुलिस महकमा मे हड़कंप मचि गेल। एसपी तत्काल मामिलाक जांच करबाक आदेश देलनि।

### जांच रिपोर्टक आधार पर भेल निलंबन

मामिलाक जांच किशनगंजक अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी-2 मनोज कुमार सिंह सं कराओल गेल छल। जांच रिपोर्ट मे तीनू पुलिसकर्मीक आचरण संदिग्ध पाओल गेल। संगहि कर्तव्य निर्वहन मे लापरवाही आ भ्रष्ट आचरण मे संलिप्तताक बात सेहो सोझां आयल। जांच रिपोर्ट आधार पर एसपी 22 सितंबर कें तीनू पुलिसकर्मी कें तत्काल प्रभाव सं निर्लंबित कए देलनि। तकर बाद पशु तस्कर सभ सहित सात नामजद आरोपितक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए आगांक छानबीन करबाक आदेश देल गेल। प्रेस विज्ञप्ति जारी कए एसपी एहि कारबाइक जानकारी मीडिया कें देलनि।

### भ्रष्ट आचरण बर्दाश्त नहि : एसपी

एसपी संतोष कुमार कहलनि जे कर्तव्य निर्वहन मे लापरवाही, अनियमितता अथवा भ्रष्ट आचरण कोनो परिस्थिति मे बर्दाश्त नहि कयल जायत। ओ सभ पुलिसकर्मी कें गैरकानूनी काज करयबला लोकक विरुद्ध कठोर कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। एहन लोक कें कोनो परिस्थिति मे प्रोत्साहित नहि करबाक लेल सेहो कहलनि।

# पीएम मोदी आ मुख्यमंत्री विजय मेट्रो मे बैसलाह चेन्नई मे दोहरौलनि *वी विल डू इट* केर नारा

- टीवीकेक जीतक बाद तमिलनाडुक पहिल दौरा, विद्यार्थी सं कहलनि - भारतक भविष्य बहुत शानदार होयत

**चेन्नई, समदिया**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी रविदिन चेन्नई मे कहलनि जे मंदिर सं लए कए मेट्रो धरि तमिलनाडु मे नव भारतक झलक देखाइत अछि। भारत अपन सांस्कृतिक शक्ति सं प्रेरणा लैत अछि आ वैज्ञानिक प्रगति कें आधार बना आगू बढ़ैत अछि।



प्रधानमंत्री चेन्नई मेट्रो परियोजनाक दोसर चरणक 14.6 किलोमीटर लंबा पूनमल्ली-वडापलानी मार्गक उद्घाटन कयलनि। तकर बाद ओ मेट्रो ट्रेन मे यात्रा कयलनि। एहि दौरान तमिलनाडुक मुख्यमंत्री विजय सेहो हुनका संग छलाह।तकर बाद प्रधानमंत्री जयगोपाल गरोडिया हिंदू विद्यालयक स्वर्ण जयंती समारोह मे पहुंचलाह। ओ विद्यार्थी सं कहलनि जे भारतक भविष्य बहुत शानदार होयत आ एहि भविष्यक सब सं पैघ नायक युवा पीढ़ी होयत। ओ बच्चा सभ सं वी विल डू इट अर्थात हम ई कए कए देखायब केर नारा लगबौलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे नव शिक्षा नीति सं शिक्षाक गुणवत्ता आ देशक वैश्विक पहिचान बढ़ि रहल अछि। खेलक क्षेत्र मे करियर बनेबाक इच्छा रखनिहार युवाक लेल नीक सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।






# महिषी उग्रतारा धाम : जतय तंत्र साधनाक लेल जुटैत छथि देश-विदेशक साधक

- मां ताराक आराधना बिनु पूर्ण नहि होइत अछि तंत्र साधना

**सहरसा, समदिया**

मिथिलाक प्राचीन शक्तिपीठ महिषी उग्रतारा मंदिर श्रद्धा, साधना आ रहस्यपूर्ण आध्यात्मिक परंपराक अद्भुत केंद्र अछि। मान्यता अछि जे एतय भगवती उग्रताराक आराधना कयला बिना तंत्र साधना पूर्ण नहि होइत अछि। एहि कारणें नवरात्र, खास कए अष्टमीक अवसर पर बिहार, बंगाल आ नेपाल सहित विभिन्न क्षेत्रक साधक आ श्रद्धालु सभक भीड़ उमड़ैत अछि।



### सतीक बामा नेत्र एतय खसल अछि

शक्ति पुराण अनुसार, माहामाया सतीक मृत शरीर कें लए कए शिव पागल सन ब्रह्मांड मे घूमि रहल छलाह। एहि कारण सं संभावित प्रलय कें रोकबाक लेल विष्णु अपन सुदर्शन चक्र सं माहामायाक शरीर कें 52 भाग मे विभक्त कए देलनि। जाहि ठाम सतीक शरीरक हिस्सा धरती पर खसल, ओ स्थल सिद्धपीठ कहल गेल। महिषी उग्रतारा स्थान संबंधी मान्यता अछि जे सतीक बामा नेत्र भाग एहि ठाम खसल छल।

मान्यता अछि जे ऋषि वशिष्ठ अपन उग्र तप सं भगवती कें प्रसन्न केलनि। ओहन कठिन साधना करबाक कारणें भगवती कें वशिष्ठ आराधिता उग्रतारा कहल जाइत अछि। दोसर मान्यता अनुसार माता अपन भक्त सभक उग्र सं उग्र व्याधिक विनाश करैत छथि, एहि कारणें भक्तसभ हुनका उग्रतारा नाम सं जनैत छथि।

महिषी मे भगवती तीन रूप मे विद्यमान छथि - उग्रतारा, नील सरस्वती आ एकजटा। मान्यता अछि जे बिना उग्रताराक आदेश तंत्र सिद्धि पूर्ण नहि होइत अछि। एहि कारण सं तंत्र साधना करयवाला लोक अवश्य एहि ठाम अबैत छथि। नवरात्रक अष्टमी दिन एहि ठाम साधक सभक भीड़ लागल रहैत अछि।

### तीन कात सं कोसी तटबंध सं घेरायल अछि मंदिर

सहरसा सं सड़क मार्ग सं मंदिर जुड़ल अछि। श्रद्धालु ऑटो अथवा बस सं एहि ठाम पहुंचि सकैत अछि। स्थल तीन कात सं तटबंध सं घेरायल अछि, मात्र एक दिस सं पहुंचबाक मार्ग अछि, तथापि पहुंचब कठिन नहि अछि। बिहारक अतिरिक्त नेपाल सं सेहो श्रद्धालु एतय अबैत छथि।

# पटन देवी मंदिर मे नवरात्रिक पहिल दिन उमड़ल श्रद्धालु सभक भीड़

## वैदिक आ तांत्रिक विधि सं होइत अछि पूजा

**पटना, समदिया**

कलश स्थापना संगहि शारदीय नवरात्रिक शुरूआत भए गेल अछि। पटना स्थित पैघ पटन देवी मंदिर मे नवरात्रिक पहिल दिन श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ल। ई मंदिर 51 शक्तिपीठ मे सं एक मानल जाइत अछि। मंदिरक गर्भगृह मे कारी पाथर पर महाकाली, महालक्ष्मी आ महासरस्वतीक प्रतिमा बनल अछि। पैघ पटन देवी मंदिर मे कारी पाथर सं बनल महाकाली, महालक्ष्मी आ मां सरस्वतीक प्रतिमा स्थापित अछि। प्रत्येक वर्ष नवरात्रिक अवसर पर एतय बहुत धूमधाम सं पूजा-अर्चना कयल जाइत अछि। एहि अतिरिक्त मंदिर मे भैरवक प्रतिमा सेहो स्थापित अछि। मंदिरक महंत विजय शंकर गिरि के अनुसार, माता के ह्यनगर रक्षिकाह्ल सेहो कहल जाइत अछि। हुनकर मान्यता अछि जे माता राति मे नगरक भ्रमण करैत छथि आ नवरात्रिक समय आधा राति मे मंदिरक भीतर पायल के आवाज सुनाइत अछि।

महंत बतौलनि जे महाअष्टमीक दिन एतय वैदिक आ तांत्रिक दुनू विधि सं पूजा होइत अछि। तांत्रिक पूजा आधा राति मे गुप्त रूप सं कयल जाइत अछि,



जाहि के देखबाक अनुमति केकरो नहि अछि।

### नवरात्रि मे अलग-अलग व्यंजनक लगैत अछि भोग

मंदिरक महंतक कहब अछि जे प्रतिपदा सं विसर्जनक दसमा दिन धरि माता दरबार मे अलग-अलग दिन अलग-अलग व्यंजनक भोग लगाओल जाइत अछि। खीर, हलवा आ पुआक अतिरिक्त शनिदिन माता के खिचड़ीक भोग लगाओल जाइत अछि।

### पाताल लोक सं जुड़ल अछि हवन कुंड

मंदिरक पुजारी कृष्णागिरि बतौलनि जे एतय हवन कुंडक विशेष महत्व अछि। हुनकर कहब अछि जे एहि हवन कुंडक अवशेष आइ तक बाहर नहि निकालल गेल अछि।

मान्यता अछि जे हवन कुंड पाताल लोक सं जुड़ल अछि। नवरात्रिक महानवमी दिन पूणार्हुति देबाक समय हवन कुंड मे डालल गेल हुमाद आ नारियल लगभग 4 सं 5 फीट ऊंचाई तक जमा भए जाइत अछि आ ई सभ सामग्री अपने-आप पाताल लोक मे चलि जाइत अछि।

### 51 शक्तिपीठ मे सं एक अछि पटन देवी मंदिर

हवन कुंड मे डालल गेल हवन सामग्री कहियो बाहर नहि निकालल जाइत अछि। मंदिरक महंत विजय शंकर गिरि बतौलनि जे पटन देवी मंदिर विश्वक 51 शक्तिपीठ मे सं एक अछि।

मान्यता अछि जे भगवान शंकरक तांडवक दौरान माता सतीक शरीर 51 टुकड़ा मे बंटि गेल छल। जतय-जतय माता सतीक अंग खसल, ओहि सभ स्थान पर शक्तिपीठ स्थापित भेल।

जानकार सभक कहब अछि जे सम्राट अशोकक शासनकाल मे एहि मंदिरक स्वरूप बहुत छोट छल। मंदिरक पुजारीक मान्यता अछि जे एतय स्थापित महाकाली, महालक्ष्मी आ महासरस्वतीक प्रतिमा सतयुगक अछि। मंदिर मे बलि देबाक परंपरा आइयो जारी अछि।

### पैघ पटन देवी मंदिर कोना पहुंचब?

पैघ पटन देवी मंदिर पहुंचबाक लेल पटना जंक्शन सं ऑटो वा बस पकड़ि गांधी मैदान आ अशोक राजपथ होइत मंदिर पहुंचल जा सकैत अछि। पटना साहिब स्टेशन सं सेहो ऑटो लए श्रद्धालु मंदिर पहुंचि सकैत छथि।

गांधी मैदान सं ऑटो द्वारा अशोक राजपथ होइत पटना सिटी पुलिस अनुमंडल कार्यालय दिस जाए पड़ैत अछि। ओतय दहिना दिस पैघ पटन देवी मंदिरक एकटा पैघ आ भव्य प्रवेश द्वार बनल अछि। एहि द्वार सं सीधा दक्षिण दिस गेलापर पैघ पटन देवी माताक मंदिर अछि। एकर अतिरिक्त गायघाट सं लगभग आधा किलोमीटर पैदल चलि कए वा अपन गाड़ी सं सेहो मंदिर आसानी सं पहुंचल जा सकैत अछि।

# बिहारक 47 पुल आ 55 एसएच पर वसूलल जायत टोल टैक्स

## राजस्थान मॉडल पर तैयार भए रहल व्यवस्था

**पटना, समदिया**

बिहारक लोक सभ सं जुड़ल जरूरी खबर अछि। राज्य मे राजस्थान मॉडल पर टोल टैक्स वसूलीक तैयारी कयल जा रहल अछि। बिहार मे 250 मीटर सं बेसी लंबा 47 महत्वपूर्ण पुल आ 55 राज्य राजमार्ग (एसएच) के चिन्हित कयल गेल अछि। एहि सड़क सभ पर व्यावसायिक वाहन सभ सं टोल टैक्स वसूलबाक व्यवस्था लागू करबाक तैयारी तेज भए गेल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, एहि लेल राज्य सरकार कम लागत बला टोल प्लाजा निर्माण, इलेक्ट्रॉनिक टोल कलेक्शन आ ओकर संचालन तथा रखरखावक व्यवस्था के अध्ययन कए रहल अछि। एहि कड़ी मे बिहारक अधिकारी सभक एकटा टीम सितंबर 2026क आखरी सप्ताह मे राजस्थानक संबंधित कार्यालय सभक दौरा कयने छल। बताओल जा रहल अछि जे टीम ओतय टोल वसूलीक तकनीकी व्यवस्था आ कम खर्च मे टोल प्लाजा संचालित करबाक मॉडल के देखलक। राजस्थान मे अध्ययन दौरा करबाक लेल बिहार राज्य पुल निर्माण निगम लिमिटेड, पथ निर्माण विभाग आ बिहार स्टेट रोड डेवलपमेंट कॉरपोरेशन लिमिटेडक अधिकारी सभके अनुमति देल गेल छल।



राज्य सरकारक वर्तमान योजनाक अंतर्गत चयनित पुल आ राज्य राजमार्ग सभ पर टोल प्लाजा बनाओल जाएत। एतय इलेक्ट्रॉनिक टोल कलेक्शनक व्यवस्था रहत, जाहि सं फास्टैगक माध्यम सं शुल्क वसूलल जा सकत। एहि तरहें पुल आ राज्य राजमार्ग सभ पर टोल टैक्स वसूलीक व्यवस्था विकसित करबाक लेल योजना तैयार कयल जा रहल अछि।

एकर पहिने मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे 2 सितंबर के कैबिनेटक बैसार भेल छल। एहि बैसार मे टोल वसूली, निगरानी, शुल्क संरचना तैयार करबाक आ संबंधित परामर्श सेवा सभक लेल 30 करोड़ 94 लाख 71 हजार 500 रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल छल। एहि योजनाक अंतर्गत टोल वसूलीक व्यवस्था विकसित करबाक, निगरानी प्रक्रिया तय करबाक आ जरूरतक अनुसार परियोजना सभके एक संग जोड़ि संचालनक व्यवस्था बनयबाक लेल सलाहकारक सहायता लेल जाएत।

### शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी केंद्र सं मांगलनि 2021 करोड़

**पटना।** बिहारक शिक्षा व्यवस्था मे आबय बला किछु दिन मे बदलाव देखबाक लेल भेटि सकैत अछि। शिक्षा विभाग दिस सं एहि लेल खास तैयारी कयल जा रहल अछि। एकर संग केंद्र सरकार सं सेहो सहायता मंगबाक पहल कयल जा रहल अछि। शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारीक अनुसार, राज्य मे 1520 नव प्राथमिक विद्यालय खोलल जाएत। एकर संग बच्चा सभके शिक्षा सं जुड़ल कतेको नीक सुविधा देल जाएत।

# जेपीक 124म जयंती पर मुख्यमंत्री आ राज्यपाल प्रतिमा पर माल्यार्पण कए कयलनि नमन

## कतेको मंत्री आ अधिकारी रहलाह उपस्थित

**पटना, समदिया**

लोकनायक जयप्रकाश नारायणक 124म जयंतीक अवसर पर पटना मे राजकीय समारोह आयोजित कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे बिहारक राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल (सेवानिवृत्त) सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, मंत्री रामकृपाल यादव सहित कतेको मंत्री आ नेता उपस्थित रहलाह। एहि अवसर पर राज्यपाल, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ अन्य नेता सभ जेपी गोलंबर स्थित लोकनायक जयप्रकाश नारायणक प्रतिमा पर माल्यार्पण कए हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे देश आ खास कए बिहार लेल जेपी द्वारा कयल गेल काज के कहियो बिसरल नहि जा सकैत अछि। 1974 मे हुनकर नेतृत्व मे चलाओल गेल छात्र आंदोलन देशक दशा आ दिशा बदलि देने छल। उल्लेखनीय अछि जे लोकनायक जयप्रकाश नारायण भारतीय राजनीति मे प्रमुख नेता सभ मे सं एक छलाह। लोकतंत्रक रक्षा, भ्रष्टाचारक विरोध आ सामाजिक बदलाव लेल ओ महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। 1970क दशक मे



हुनकर नेतृत्व मे चलल आंदोलन देशक राजनीति के नव दिशा देलक। एहि आंदोलनक प्रमुख केंद्र बिहार रहल छल। एहि कारण पटना मे हुनकर जयंती पर आयोजित कार्यक्रमक विशेष महत्व अछि। जेपीक छात्र आंदोलन सं बिहारक कतेको नेता उभरलाह, जे बिहारक संग-संग केंद्रक राजनीति मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। लालू प्रसाद यादव, नीतीश कुमार, स्वर्गीय रामविलास पासवान आ स्वर्गीय सुशील कुमार मोदी जेहन प्रमुख नेता जेपीक छात्र आंदोलनक उपज मानल जाइत छथि।

### डॉ. प्रेम कुमार बिहारवासी सभक कें नवरात्रिक देलनि शुभकामना

**पटना।** बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन कलश स्थापना आ मां दुर्गाक पहिल स्वरूप मां शैलपुत्रीक पूजा-अर्चनाक पावन अवसर पर समस्त बिहारवासी सभ कें हार्दिक शुभकामना आ बधाइ देलनि। डॉ. प्रेम कुमार मां शैलपुत्रीक श्रीचरण मे नमन करैत प्रदेशवासी सभक सुख, शांति, समृद्धि, उत्तम स्वास्थ्य आ मंगलमय जीवनक कामना कयलनि। ओ कहलनि जे नवरात्रि भारतीय संस्कृति, आस्था आ शक्ति-उपासनाक पावन पर्व अछि। ई पर्व समाज मे सद्भाव, एकता आ सकारात्मकता के मजबूत करबाक प्रेरणा दैत अछि। ओ मां दुर्गा सं प्रार्थना कयलनि जे हुनकर कृपा सं बिहार निरंतर विकासक पथ पर आगू बढ़ैत रहय आ राज्य मे शांति, सद्भाव आ समृद्धि बनल रहय।

### विधानसभाक अध्यक्ष मुख्यमंत्री सं कयलनि शिष्टाचार भेंट

**पटना।** बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं शिष्टाचार भेंट कयलनि। एहि दौरान ओ दक्षिण अफ्रीका मे सीपीए सम्मेलन आ तकर बाद ऑस्ट्रेलिया, न्यूजीलैंड, सिंगापुर आ मालदीवक अध्ययन दौरा सं जुड़ल अनुभव साझा कयलनि। ओ प्रवासी भारतीय सभ सं भेल चर्चा आ बिहार मे निवेशक संभावना संबंधी विस्तृत जानकारी मुख्यमंत्री के देलनि। डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्री कें बतौलनि जे विदेश यात्राक दौरान ओ प्रवासी भारतीय आ बिहारवासी सभ कें बिहार मे भए रहल विकास काज, बदलैत परिस्थिति आ निवेशक अनुकूल अवसर सभक जानकारी देलनि। ओ बिहार मे निवेश करबाक इच्छुक किछु लोक सभक प्रस्तावक जानकारी सेहो मुख्यमंत्री के देलनि। मुख्यमंत्री संबंधित निवेशक सभ सं भेंट कए हुनकर प्रस्ताव पर चर्चा करबाक सहमति व्यक्त कयलनि। अध्यक्ष बिहार विधानमंडल भवन 100 वर्ष सं बेसी पुरान भेला पर नव भवनक आवश्यकता सं मुख्यमंत्री के अवगत करौलनि।

# गंगा नदी पर 4250 करोड़ सं बनि रहल 6 लेन शेरपुर-दीघवारा पुल

## 30 किलोमीटर कम होयत दूरी, पटना सहित 5 जिला कें लाभ

**पटना, समदिया**

पटना आ सारण जिलाक बीच आवागमन नीक बनयबाक उद्देश्य सं 6 लेन बला शेरपुरझ्रदीघवारा मार्गक निर्माण काज प्रगति पर अछि। एहि परियोजना सं दुनू जिलाक बीच यात्रा बेसी सुविधाजनक होयत आ सड़क परिवहनक क्षमता बढ़त। परियोजना चालू भेलाक बाद राजधानी पटना मे जाम सं सेहो राहति भेटबाक उम्मीद अछि। बिहार सरकारक पथ निर्माण विभाग अपन आधिकारिक वेबसाइट पर ट्वीट कए एहि परियोजनाक जानकारी देने अछि।

भेटल जानकारीक अनुसार, शेरपुरझ्रदीघवारा मार्गक कुल लंबाइ 14.5 किलोमीटर निर्धारित कयल गेल अछि। एहि परियोजनाक लेल 4250 करोड़ रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। 6 लेन बला ई मार्ग क्षेत्र मे यातायात सुगम बनयबाक आ सड़क संपर्क नीक करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। परियोजना पूरा भेलाक बाद



शेरपुर आ दीघवारा के बीच यात्रा दूरी लगभग 30 किलोमीटर कम होयबाक दावा कयल जा रहल अछि। एहि सं यात्राक समय आ ईंधन दुनू मे बचत भए सकैत अछि। हालांकि, वास्तविक बचत यात्रा शुरू करबाक आ आखरी स्थान तथा चुनल गेल मार्ग पर निर्भर करत।

सड़क परियोजना पूरा भेलाक बाद पटना आ सारण जिलाक बीच आवागमन कएनिहार लोक सभके नीक परिवहन सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। सड़कक क्षमता बढ़ला सं क्षेत्रीय संपर्क मजबूत होयत। मुदा परियोजनाक निर्धारित समयसीमा, निर्माणक वर्तमान स्थिति आ यातायात शुरू होयबाक तिथि संबंधी जानकारी एखन उपलब्ध नहि कराओल गेल अछि। नव सड़क संपर्क सं छपरा, सिवान, गोपालगंज आ हाजीपुर दिस आन-जाय कएनिहार यात्री सभके लाभ भेटबाक उम्मीद अछि। एहि मार्गक उपयोग सं लंबी दूरी तय कएनिहार बहुत रास वाहन सभके पटना शहरक भीतरी हिस्सा सं गुजरबाक जरूरत कम पड़त। एहि सं शहरक प्रमुख सड़क सभ पर वाहनक दबाव घटय मे मदति भेटि सकैत अछि।

पटना मे बढ़ैत वाहनक दबावक बीच रिंग रोड के शहरक बाहर सं यातायात निकालबाक लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। शेरपुरझ्रदीघवारा संपर्क विकसित भेला सं लंबी दूरी तय कएनिहार वाहन सभके वैकल्पिक मार्ग भेटि सकत। एहि सं शहरक भीतर जाम कम होयबाक संभावना अछि। हालांकि, एकर वास्तविक असर परियोजना पूरा होयबाक, दोसर संपर्क मार्ग सभ आ यातायात प्रबंधन पर सेहो निर्भर करत।

शेरपुरझ्रदीघवारा पुल पटना रिंग रोडक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। पुल चालू भेलाक बाद पटना आ आसपासक क्षेत्र सभक बीच सड़क संपर्क नीक होयबाक उम्मीद अछि। एहि सं यात्री सभक संग माल ढुलाई कएनिहार वाहन सभके सेहो लाभ भेटि सकैत अछि। परियोजनाक समयसीमा, निर्माणक वर्तमान प्रगति आ पुल चालू होयबाक तिथिक आधिकारिक पुष्टि भेलाक बादे एकर शुरूआत संबंधी निश्चित जानकारी भेटि सकत।

# मैथिली गीत, लोकनृत्य आ नाटकक प्रस्तुति सं जीवंत भेल मिथिलाक परंपरा

## 'मैत्रेयी पहचान मिथिला फाउंडेशन'क नवरात्रि मिलन समारोह मे मिथिला संस्कृतिक छटा बिखरल

**पटना, समदिया**

मैत्रेयी पहचान मिथिला फाउंडेशनक तत्वावधान मे पटना स्थित होटल वाइब्रेंट मे नवरात्रि मिलन समारोह आयोजित कयल गेल। माता दुर्गाक आगमनक खुशी मे आयोजित एहि समारोह मे मिथिलाक समृद्ध संस्कृति, मैथिली भाषा, लोकगीत, लोकनृत्य आ पारंपरिक संस्कारक मनोरम झलक देखय लेल भेटल। कार्यक्रमक विशेषता रहल जे सभटा सांस्कृतिक प्रस्तुति महिला सभ मैथिली भाषा मे देलनि। फाउंडेशनक संस्थापिका पूजा झा, रंजना झा, नूतन चौधरी, संगीता झा आ राधा झाक नेतृत्व मे आयोजित एहि समारोह मे महिला सभ अपन कला आ सांस्कृतिक प्रतिभाक माध्य मे मिथिलाक परंपरा कें जीवंत कय देलनि। कार्यक्रमक शुरूआत स्वागत आ दीप प्रज्वलन सं भेल। तकर बाद भगवती गीत, गणेश स्तुति आ मां दुर्गाक आराधना सं वातावरण भक्तिमय



भए गेल। माही झा गणेश स्तुति प्रस्तुत कयलनि, जखन कि हर्षिता झा आ शानवी झाक नृत्य दर्शकसभक मन मोह लेलक। रंजना झा, अर्चना झा, विभा झा, रोशनी आ वंदना चौधरी सहित अन्य प्रतिभागी भगवती गीत प्रस्तुत कयलनि। सुषमा झा ह्यफूल अड़हुल के लाल-लाल लायब, मां हे, अहीं के चरण चढ़ायबह्ल गीत प्रस्तुत कए भक्तिभाव भरि देलनि। मिथिलाक पारंपरिक लोकसंस्कृतिक विशेष झलक जट-जटिन आ झिझिया नृत्य मे देखय लेल भेटल। नूतन चौधरी, अर्चना सिंह, संगीता झा, रेनू झा, अनीता आर. झा आ अनु झा जट-जटिन प्रस्तुत कयलनि। वरिष्ठ महिलासभक झिझिया प्रस्तुति दर्शक सभ कें आकर्षित कयलक। रोशनी, नीतू मिश्रा, शिवानी, नेहा आ ओजस्विनी देवी स्तुति प्रस्तुत कयलनि। मुस्कान झा ह्यजगदंब अहिं अवलंब हमरह्ल गीत गौलनि। पूजा झा, गुड़िया मिश्रा, मुस्कान, प्रगति मिश्रा आ अंजलि नयन मैथिली गीत प्रस्तुत कयलनि। सीमा मिश्रा आ राखी नृत्यक माध्य मे राम-सीता विवाह प्रसंग प्रस्तुत कयलनि। समारोहक एकटा आकर्षण ह्यनुनुवा के दोसर बियाह, मधुबनी वाली भेल बताहह्ल नाटक रहल। नूतन चौधरी, विभा झा, रोशनी, शिवानी, बीनू झा, अनु झा, अनीता झा, नेहा, सविता ठाकुर, मुस्कान आ हर्षिता सहित अन्य कलाकार एहि नाटक मे भाग लेलनि। ई आयोजन मैथिली भाषा, मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत आ महिला प्रतिभा कें प्रोत्साहित करबाक सार्थक प्रयास रहल। फाउंडेशनक उद्देश्य महिला सभ कें साझा मंच देब आ अगिला पीढ़ी धरि मिथिलाक भाषा, संस्कृति आ संस्कार पहुंचेबाक अछि।

# लोकनायक जयप्रकाश नारायणक आदर्श आइयो लोकतंत्र आ जनसेवाक लेल प्रेरणास्त्रोत : डॉ. प्रेम कुमार

**पटना, समदिया**

बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार भारतीय स्वतंत्रता संग्रामक महानायक, संपूर्ण क्रांतिक प्रणेता आ भारत रत्न सं सम्मानित लोकनायक जयप्रकाश नारायण जीक जयंती पर हुनकर चित्र पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि। एहि अवसर पर डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे जयप्रकाश नारायण भारतीय राजनीति मे एहन महान जननेता छलाह, जे अपन संपूर्ण जीवन समाज, राष्ट्र आ जनहित लेल समर्पित कए देलनि। हुनकर जीवन त्याग, संघर्ष, नैतिकता आ जनसेवाक प्रेरणादायी उदाहरण अछि। ओ सत्ता आ व्यक्तिगत महत्वाकांक्षा सं ऊपर उठि लोकतांत्रिक मूल्य, सामाजिक न्याय आ जनभागीदारी के मजबूत करबाक लेल जीवन भरि प्रयास कयलनि। हुनकर संपूर्ण क्रांतिक अवधारणा मात्र राजनीतिक परिवर्तन धरि सीमित नहि छल, बल्कि एहि मे सामाजिक, आर्थिक, शैक्षणिक आ नैतिक परिवर्तनक व्यापक परिकल्पना निहित छल। डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे जयप्रकाश नारायण अपन विचार



आ आंदोलन सभक माध्यम सं युवा सभ मे नव चेतनाक संचार कयलनि आ लोकतंत्र मे जनभागीदारी तथा नागरिक अधिकारक महत्व के रेखांकित कयलनि। हुनकर विचार आइयो जनप्रतिनिधि, युवा आ सामाजिक कार्यकर्ता सभके जनसेवा आ राष्ट्रहितक मार्ग पर आगू बढ़बाक प्रेरणा दैत अछि।

ओ कहलनि जे त्याग, संघर्ष आ लोककल्याणक प्रति जयप्रकाश नारायण जीक प्रतिबद्धता भारतीय लोकतांत्रिक इतिहास मे हुनका विशिष्ट स्थान प्रदान करैत अछि। हुनकर आदर्श सभके अपन जीवन मे उतारब आ लोकतांत्रिक मूल्य सभके मजबूत बनायब, हुनका प्रति सच्चा श्रद्धांजलि होयत।

# एसएसबी जयनगरक कारबाइ, मादक दवाइ संग एक व्यक्ति पकड़ल गेल

जयनगर, समदिया

भारत-नेपाल सीमापर मादक आ मनःप्रभावी पदार्थक अवैध तस्करी रोकबाक लेल चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगरक ए समवाय हरनेक जवान सभ हरने बाजार लग कारबाइ कए नशीला दवाइक खेपक संग एक व्यक्ति कें पकड़लनि। भेटल गुप्त सूचनाक आधारपर एक विशेष गश्ती दल गठित कयल गेल। सहायक उपनिरीक्षक (सामान्य) सेवांग मोटुपक नेतृत्व मे तीन अन्य जवानक संग गश्ती दल सीमा स्तंभ संख्या 280/23 सं करीब 300 मीटर भारतीय क्षेत्र मे हरने



बाजार लग निगरानी शुरू कयलक। एहि दौरान भारत-नेपाल सीमाक दिस जा रहल एक व्यक्ति हाथ मे काल रंगक पन्नी लेने देखल गेल। संदेह होयबाक बाद जवान सभ ओकरा रोकि तलाशी लेलनि। पन्नीक जांच कयलापर ओहि मे नशीला दवाइ बरामद भेल। संबंधित व्यक्ति दवाइक बिल नहि देखाबि सकल, जाहिपर ओकरा हिरासत मे लए लेल गेल। पकड़ल गेल व्यक्तिक पहचान मधुबनी जिलाक हरलाखी थाना क्षेत्रक हरने गाम निवासी उमेश साह (करीब 41 बरख) केर रूप मे भेल अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे पता चलल जे ई दवाइ हरने निवासी रोशन दास सं लेल गेल छल आ एकरा नेपाल मे कोनो अज्ञात व्यक्ति कें सौंपबाक योजना छल। जब्त दवाइ आ पकड़ल गेल व्यक्ति कें आगूक कानूनी कारबाइ लेल हरलाखी थाना सुपुर्द करबाक प्रक्रिया कयल जा रहल अछि। 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर अवैध तस्करी आ प्रतिबंधित पदार्थक आवाजाही रोकबाक लेल एसएसबीक जवान लगातार सतर्कता आ मुस्तैदी सं काज कए रहल छथि। एहि तरहक गतिविधि मे शामिल लोकसभक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ जारी रहत।

# अनारकोठी मे कन्या सभ निकाललनि भव्य कलश शोभायात्रा

## कलश स्थापनाक संग शारदीय नवरात्र शुरू

हायाघाट, समदिया

शारदीय नवरात्रक शुभारंभ पर रविदिन बाबा भूतनाथ दीनाराम ब्रह्मस्थान नवदुर्गा मंदिर, अनारकोठी मे भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। पूजाक संस्थापक आ संरक्षक जानकी नंदन चौधरी उर्फ बाबा भूतनाथक नेतृत्व मे आयोजित एहि शोभायात्रा मे रिकार्ड संख्या मे कन्या सभ भाग लेलनि। शोभायात्राक दौरान पूरा क्षेत्र मां दुर्गाक जयकारा सं गूंजि उठल आ वातावरण भक्तिमय बनि गेल।

कलश शोभायात्रा मंदिर परिसर सं शुरू भए सुरहाचट्टी आ आनंदपुर चौक होइत होरलपट्टी स्थित गंगासागर पोखरि पहुंचल।



ओतय कन्या सभ विधि-विधानक संग जल भरलनि। तकर बाद शोभायात्रा निर्धारित मार्ग सं वापस अनारकोठीस्थित नवदुर्गा मंदिर पहुंचल। मंदिर परिसर मे वैदिक मंत्रोच्चारक बीच विधिवत पूजा-अर्चना कयल गेल आ कलश स्थापित कयल गेल। एहि संग शारदीय नवरात्रक पूजा शुरू भए गेल। आयोजकसभक अनुसार, नवरात्रक दौरान मंदिर मे मां दुर्गाक विभिन्न स्वरूपक पूजा-अर्चना कयल जायत। कलश शोभायात्रा मे बड़ संख्या मे श्रद्धालुसभक सहभागिता रहल। खास कए कन्यासभक एतेक पैघ भागीदारी लोकसभक आकर्षणक केंद्र बनल रहल।

# कलश स्थापनाक संग दस दिवसीय मां दुर्गाक आराधना शुरू

मनीगाछी, समदिया

घर, पूजा पंडाल आ भगवती मंदिर सभ मे वैदिक मंत्रोच्चारक बीच कलश स्थापनाक संग शारदीय नवरात्र शुरू भेला पर रविदिन मनीगाछी प्रखंडक गामसभक वातावरण भक्तिमय भए गेल। नवरात्रक पहिल दिन मां शैलपुत्रीक विशेष पूजा-अर्चना कयल गेल। एहि अवसर पर शक्तिपीठक रूप मे मान्यता प्राप्त मां बाणेश्वरी भगवती स्थान, भंडारिसम आ छिन्नमस्तिका भगवती स्थान, धरमपुर उजान मे विशेष पूजा भए रहल अछि।

नेहरा, सकरी (ब्रह्मपुर), पैठान कबई, कायस्थ कबई, मनीगाछी आ बाजितपुर सहित विभिन्न गाम मे मां दुर्गाक प्रतिमा स्थापित कयल गेल अछि। पूजा समिति सभ आकर्षक पंडाल बनौने अछि आ रंग-बिरंगी रोशनीक व्यवस्था कयल गेल अछि। एहि दौरान भजन-कीर्तन आ भागवतकथाक प्रवचन सेहो भए रहल अछि।नेहरा सहित



कतेको गाम मे पूजा समितिक दिस सं भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। नेहरा महावीर जी स्थान सं गाजाबाजा आ भगवान राम, सीता, लक्ष्मण आ हनुमानक झांकीक संग शोभायात्रा निकलल। यात्रा बेहरा थाना क्षेत्रक हरिपुर गामस्थित मंदिरवला पोखरि पहुंचल।ओतय पंडित कृष्णानंद झा वैदिक मंत्रोच्चारक संग पूजा-अर्चना करौलनि। हुनकर निर्देशन मे यजमान सुरेंद्र चौधरी सहित शोभायात्रा मे शामिल 251 कन्याक कलश मे गंगाजल भरल गेल। तकर बाद शोभायात्रा फेर महावीर जी स्थान पहुंचल।महावीर जी स्थानपर पंडित कृष्णानंद झा विधि-विधान आ वैदिक मंत्रोच्चारक संग कलश स्थापित करौलनि। एहि अवसर पर पूजा समितिक सदस्य, गामक लोक आ नेहरा थाना पुलिस उपस्थित छल। नवरात्रक शुरूआतक संग क्षेत्र मे भक्तिक माहौल बनल अछि आ श्रद्धालु मां दुर्गाक आराधना मे लीन छथि।

### निशाक हालति मे हंगामा करबाक आरोप मे दू गोटे पर प्राथमिकी

**सिंहवाड़ा।** सिंहवाड़ा थाना क्षेत्रक कोरा गाम मे नशाक हालत मे गाली-गलौज आ हंगामा करबाक आरोप मे पुलिस दू गोटेक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कयने अछि। आरोपितसभक पहचान कोरा गाम निवासी प्रमोद राम (30) आ कन्हैया राम (25) केर रूप मे भेल अछि। मिठलब जानकारीक अनुसार, दीपक कुमार अपन घरपर पाइपलाइनक काज करा रहल छलाह। एहि दौरान दुनू आरोपित पर गाली-गलौज करैत हंगामा मचयबाक आरोप अछि। एहि सं परेशान भए दीपक कुमार डायल-112 पर फोन कय पुलिस कें सूचना देलनि। सूचना भेटिते घटनास्थल पर पहुंचल पुलिस दुनू आरोपित कें सिंहवाड़ा थाना लए गेल। ओतय ब्रेथ एनालाइजर सं जांच कयल गेल, जाहि मे शराब पीने रहबाक पुष्टि भेल। थानाध्यक्ष बसंत कुमार कहलनि जे एहि मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए आगूक कारबाइ कयल जा रहल अछि।

# मासिक नाट्य शृंखला मे काव्य कोलाज 'केंद्र मे स्त्री'क धारदार प्रस्तुति

## मैथिली कविता मे स्त्री-विमर्शक विविध आयाम उभरल, काव्य-संग्रह सेहो भेल लोकार्पित

पटना, समदिया

विशेष रूप सं नव पीढ़ीक मैथिली कवि लोकनिक कविता मे व्यक्त स्त्री-विमर्श सं जुड़ल चिंता आ अभिव्यक्तिक शैली रविदिन विद्यापति भवन मे शहरी दर्शक सभ कें बेर-बेर झकझोरलक। वरिष्ठ रंगकर्मी किशोर केशवक कल्पनाशील निर्देशन मे प्रस्तुत काव्य कोलाज 'केंद्र मे स्त्री' मे कलाकार सभ अपन अभिनयक माध्यम सं कविता सभ कें जीवंत बना देलनि। प्रसिद्ध मैथिली नाट्य संस्था भंगिमा, पटनाक एहि प्रस्तुति मे प्रियंका झा, रितु राजपूत, प्रीति कुमारी, बैजू झा, शिवम कुमार झा, अनिमेष सिंह आ अमित कुमार मिश्र सहित अन्य कलाकार भाग लेलनि। स्त्री-विमर्श पर आधारित एहि काव्य कोलाज मे आठ गोट कविक तेरहटा कविता शामिल छल। कवि सभ मे हरे कृष्ण झा, विनोद कुमार



झा, दिलीप कुमार झा, ज्योत्स्ना चंद्रम, डॉ. विभा कुमारी, दीपा मिश्र, शारदा झा आ प्रियंका मिश्र शामिल छलीह। चयनित कवितासभक माध्यम सं भूमंडलीकरणक बाद स्त्री-विमर्शक विभिन्न आयाम मे आयल परिवर्तन कें बुझबाक गंभीर प्रयास कयल गेल। प्रस्तुतिक बाद एहि शृंखलाक एखन धरि भेल तीनू प्रस्तुति जन्मदिन आ त्रिशंकु, डैडीगाम आ घसल अठन्नीक वीडियो चेतना समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा भंगिमाक यूट्यूब चैनल पर लोकार्पित कयलनि। एहि अवसर पर कवि वैद्यनाथ मिश्र रचित शृंखला-काव्य पुस्तक से कहलनि सीता सेहो लोकार्पित भेल। सीता कें केंद्र मे राखि एकहि शीर्षकक अंतर्गत लिखल गेल 24 टा कविताक ई संग्रह अछि। चेतना समितिक सचिव जयदेव मिश्र आ भंगिमाक सचिव किशोर केशव जानकारी देलनि जे नवंबर मासक दोसर रवि, 8 नवंबर कें दीपावली होयबाक कारण प्रस्तुति स्थगित रहत। अगिला प्रस्तुति 13 दिसंबर, 2026 कें होयत। चेतना समिति आ भंगिमाक संयुक्त तत्वावधान मे अगस्त 2026 सं अगस्त 2027 धरि चलयवला एहि शृंखला मे प्रत्येक मासक दोसर रवि मैथिली कथा, कविता, उपन्यास, व्यंग्य आ ललित निबंध पर केंद्रित प्रस्तुति आयोजित कयल जाइत अछि। एहि पहलाक उद्देश्य मैथिली साहित्यक विविध विधा कें मंचीय प्रस्तुति आ नव प्रयोगक माध्यम सं दर्शक सभ धरि पहुंचेनाइ अछि।

# दुर्गा पूजा कें लए चौकीदार कें सभ सतर्क रहबाक निर्देश, संदिग्ध गतिविधिक सूचना तुरंत देबाक आदेश

शिवाजीनगर, समदिया

दुर्गा पूजा कें शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ सुरक्षित वातावरण मे संपन्न करयबाक लेल रविदिन शिवाजीनगर थाना परिसर मे चौकीदार परेड आयोजित कयल गेल। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमारक नेतृत्व मे भेल परेड मे सभ चौकीदार कें अपन-अपन महाल मे भ्रमणशील रहैत विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल। थानाध्यक्ष चौकीदार सभ कें असामाजिक तत्वक गतिविधि पर नजरि रखबाक, संदिग्ध व्यक्तिक आवाजाही पर ध्यान देबाक आ क्षेत्रक महत्वपूर्ण गतिविधि सं जुड़ल सूचना संकलित कए तुरंत थाना पहुंचयबाक आदेश देलनि। ओ कहलनि जे दुर्गा पूजाक दौरान गाम-गाम मे पूजा पंडाल बनैत अछि आ श्रद्धालुक आवाजाही बढ़ि जाइत अछि। एहन स्थिति मे



विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक आ अप्रिय घटना कें रोकबा मे चौकीदारसभक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। ओ कहलनि जे चौकीदार ग्रामीण क्षेत्र मे प्रशासन आ आम लोकक बीच महत्वपूर्ण कड़ी छथि। विवाद, तनाव, अफवाह वा कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी भेटला पर बिना देरी कयने पुलिस कें सूचित करथि। राति मे सेहो विशेष निगरानी रखबाक निर्देश देल गेल।

थानाध्यक्ष पूजा समिति, स्थानीय जनप्रतिनिधि आ ग्रामीणसभक संपर्क मे रहबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे आपसी समन्वय आ सतर्कता सं क्षेत्र मे शांति आ सौहार्द बनल रहत। अफवाह वा विवादक आशंका भेलापर स्वयं निर्णय लेबाक बदला संबंधित पुलिस पदाधिकारी कें जानकारी देथि। अपर थानाध्यक्ष प्रवीण कुमार आ अंबिका सिंह सेहो चौकीदार सभ कें अपन कर्तव्यक निर्वहन मुस्तैदी सं करबाक लेल प्रेरित कयलनि।

# दुल्लीपट्टी मे 200म दुर्गा पूजनोत्सव पर मैथिली कविता-संग्रह दुर्गा आओती दुल्लीपट्टीक विमोचन

जयनगर, समदिया

मधुबनी जिला मे सभ सं पहिने दुगार्पूजा शुरू करबाक प्रमुख स्थल सभ मे शामिल दुल्लीपट्टीस्थित नव बहुमंजिला दुर्गा मंदिर मे 200म दुर्गा पूजनोत्सवक अवसर पर कलश स्थापना समारोह आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर डॉ. वीरेंद्र झा रचित मैथिली कविता-संग्रह दुर्गा आओती दुल्लीपट्टी पुस्तकक विमोचन कयल गेल। कार्यक्रम मे साहित्यकार, जनप्रतिनिधि, शिक्षाविद् आ समाजक गणमान्य लोकनि भाग लेलनि। पुस्तकक विमोचन जयनगर अनुमंडलक डीसीएलआर प्रवीण कुमार पांडेय, कवि नारायण यादव, अधिवक्ता चंद्रेश्वर यादव, श्याम किशोर सिंह, मुखिया प्रतिनिधि सह



दुगार्पूजा समितिक सचिव वीरेंद्र यादव, मुख्य पुरोहित राज कुमार झा, गणेश झा, सहयोगी पंडित गोविंद झा, अवकाशप्राप्त भाकपा नेता भूषण सिंह, अवकाशप्राप्त यामुन प्रसाद गुप्ता, रामविलास राम, कार्यकारी अध्यक्ष गंगा गुप्ता, कोषाध्यक्ष मोनू सिंह, शिक्षाविद् मनीष झा, राज किशोर साह, पूर्व सरपंच सुखदेव साह आ डॉ. प्रभात झा सहित अन्य गणमान्य लोकनि संयुक्त रूप सं कयलनि। एहि अवसर पर मैथिली भाषा आ साहित्यक महत्व पर चर्चा कयल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे क्षेत्रक धार्मिक परंपरा, आस्था आ सांस्कृतिक धरोहर कें साहित्यक माध्यम सं संरक्षित रखब आवश्यक अछि। 200म दुर्गा पूजनोत्सव पर मैथिली कविता-संग्रहक विमोचन स्थानीय संस्कृति आ साहित्यक प्रति सम्मानक प्रतीक अछि। एहि पहल सं नव पीढ़ी कें अपन भाषा, परंपरा आ सांस्कृतिक विरासत सं जुड़बाक प्रेरणा भेटत। कार्यक्रमक अध्यक्षता वीरेंद्र यादव कयलनि, जखन कि मंच संचालन शिक्षाविद् मनीष झा कयलनि। कलश स्थापना समारोह कें लए मंदिर परिसर मे उत्साह आ भक्तिमय वातावरण बनल रहल। आयोजन मे स्थानीय लोकक उल्लेखनीय भागीदारी रहल। एहि अवसर पर शिवजी गुप्ता, सरोज यादव, राजकुमार साह, अशोक झा, सुरेंद्र गुप्ता, राजकुमार झा, विनय गुप्ता सहित सैकड़ो ग्रामीण उपस्थित छलाह। धार्मिक अनुष्ठानक संग आयोजित एहि कार्यक्रम मे दुल्लीपट्टीक सांस्कृतिक आ साहित्यिक पहिचान सेहो उभरि कए सामने आयल।

### चोरीक मोटर पंपक संग आरोपी गिरफ्तार

**मनीगाछी।** नेहरा थाना पुलिस चोरी भेल मोटर बरामद करैत एक आरोपी कें गिरफ्तार कय रविदिन न्यायिक हिरासत मे पठा देलक। गिरफ्तार आरोपीक पहचान जगदीशपुर गाम निवासी अब्दुल बारिकक पुत्र मोहम्मद शकीलक रूप मे भेल अछि।थानाध्यक्ष मोती कुमारक अनुसार, जगदीशपुर गामक मोहम्मद मोबिन शनिदिन अपन मोटर चोरी होयबाक सूचना थाना कें देलनि। सूचना भेटिते पुलिस त्वरित कारबाइ करैत शिकायतकर्ता द्वारा संदेह जताओल गेल लोक सभ सं पूछताछ कयलक। पूछताछक दौरान मोहम्मद शकील सवालसभक संतोषजनक जवाब नहि देलनि। तकर बाद पुलिस हुनकर घर मे तलाशी लेलक, जतय चोरी भेल मोटर बरामद भेल। पुलिस मोटर जब्त करैत शकील कें गिरफ्तार कय लेलक।

# दुर्गापूजा मे सुरक्षित आ निर्बाध बिजली लेल पटनाक प्रमुख पूजा पंडालक निरीक्षण

पटना, समदिया

दुर्गापूजाक अवसर पर राजधानी पटना मे निर्बाध, गुणवत्तापूर्ण आ सुरक्षित बिजली आपूर्ति सुनिश्चित करबाक लेल ऊर्जा सचिव सह बिहार स्टेट पावर होल्डिंग कंपनी लिमिटेडक अध्यक्ष-सह-प्रबंध निदेशक अजय यादव (भा.प्र.से.) आ साउथ बिहार पावर डिस्ट्रीब्यूशन कंपनी लिमिटेडक प्रबंध निदेशक सौरभ जोरवाल (भा.प्र.से.) प्रमुख पूजा पंडालसभक निरीक्षण कयलनि। निरीक्षण कयल गेल स्थल सभ मे 33/11 केवी विद्युत शक्ति उपकेंद्र, श्रीकृष्ण मेमोरियल, डाकबंगला चौराहास्थित विद्युत पूजा समितिक पंडाल, भूमि विकास बैंक, बुद्ध



मार्गस्थित दुगार्पूजा पंडाल आ बेली रोडपर खाजपुरा शिव मंदिर लग बनल पूजा पंडाल शामिल अछि। निरीक्षणक दौरान पूजा पंडाल सभ मे बिजली व्यवस्थाक संग तार आ विद्युत उपकरणक सुरक्षा, विद्युत लाइनक स्थिति, ट्रांसफॉर्मर आ फीडरक तैयारी तथा आपातकालीन स्थिति मे त्वरित कारबाइक व्यवस्थाक समीक्षा कयल गेल। पंडालक आसपास लटकल आ जर्जर तार कें तत्काल ठीक करबाक, भीड़भाड़ बला जगह सं गुजरैत विद्युत लाइनक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक आ बिजली सं जुड़ल संभावित खतरा कें समय रहैत दूर करबाक निर्देश देल गेल। ऊर्जा सचिव अजय यादव संबंधित अधिकारी आ अभियंता सभ कें निर्देश देलनि जे दुगार्पूजाक दौरान निर्बाध बिजली आपूर्ति आ श्रद्धालुसभक सुरक्षा सर्वोच्च प्राथमिकता रहबाक चाही। ओ प्रमुख पूजा पंडाल आ आसपासक क्षेत्र मे विद्युत नेटवर्कक गहन निरीक्षण करबाक आ आवश्यक रखरखावक काज निर्धारित मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) के अनुरूप पूरा करबाक निर्देश देलनि।

ओ विशेष रूप सं उच्च वोल्टेज (एचटी) आ निम्न वोल्टेज (एलटी) विद्युत नेटवर्क, वितरण ट्रांसफॉर्मर आ संबंधित उपकरणक समुचित रखरखाव पर जोर देलनि। आवश्यकतानुसार गुणवत्तापूर्ण डाइइलेक्ट्रिक पेंटक उपयोग आ सभ सुरक्षा मानकक पालन सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। संगहि, बिजलीक काज मे लागल सभ कर्मी कें निर्धारित वर्दी पहिरबाक आ कार्यस्थल पर अनुशासन तथा सुरक्षा नियमक अनिवार्य रूप सं पालन करबाक निर्देश देलनि। प्रबंध निदेशक सौरभ जोरवाल कहलनि जे दुगार्पूजाक दौरान विद्युत वितरण क्षेत्रक नियंत्रण कक्ष सक्रिय रहत। फ्यूज कॉल सेंटर, फील्ड टीम आ आपातकालीन मरम्मत दल कें पूरा पर्वक दौरान सतर्क राखल जायत, जाहि सं कोनो शिकायत अथवा बिजली खराब होयबाक सूचना भेटिते त्वरित कारबाइ कयल जा सकय।

# जेपीक प्रतिमा पर माल्यार्पण, हुनक बताओल बाट पर चलबाक संकल्प

दरभंगा, समदिया

लोकनायक जयप्रकाश नारायणक जयंतीक अवसर पर शनिदिन भगवानदास मोहल्लास्थित जेपी चौकपर हुनकर प्रतिमापर माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। एहि अवसर पर उपस्थित लोक सभ लोकनायकक व्यक्तित्व आ कृतित्व पर प्रकाश दैत हुनकर बताओल बाटपर चलबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रम मे पार्षद नवीन सिन्हा, नफीसुल हक रिंकू, पूर्व पार्षद मधुबाला सिन्हा, जेपी सेनानी रतन श्रीवास्तव, सीनेट सदस्य सचिन राम सहित मो. उमर, जितेंद्र राम, कमल राम, रोहित आ कृष्णा सिंह समेत कतेको लोक उपस्थित छलाह। सभ गोटे लोकनायक जयप्रकाश नारायणक प्रतिमापर माल्यार्पण कए हुनकर योगदान कें याद कयलनि। एहि दौरान भारत रत्न डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमापर सेहो माल्यार्पण कए हुनका नमन कयल गेल। वक्ता सभ कहलनि जे



लोकनायक जयप्रकाश नारायण अपन संघर्ष, त्याग आ विचार सं देशक राजनीति मे नव दिशा देलनि। लोकतंत्र आ समाजक लेल हुनकर आदर्श आइयो प्रासंगिक अछि। हुनकर विचार समाज मे न्याय, समानता आ जनभागीदारीक भावना मजबूत करबाक प्रेरणा दैत अछि। उल्लेखनीय अछि जे भगवानदास मोहल्लास्थित जेपी चौकक स्थापना 1977 मे कयल गेल छल। एहि चौकपर लोकनायक जयप्रकाश नारायणक संग बाबा साहब डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमा सेहो स्थापित अछि। चौकक दक्षिण दिस आंबेडकर मार्ग अछि, जे भीमराव आंबेडकर कॉलोनी धरि जाइत अछि।

# झंझारपुर मे कागज पर सिमटल स्वास्थ्य विभागक जांच, फर्जी नर्सिंग होम पर नहि लागि रहल लगाम

## बैनर पर पैघ डॉक्टरक नाम, भीतर झोलाछापक राज

**झंझारपुर, समदिया**



मधुबनी स्वास्थ्य विभाग फर्जी नर्सिंग होम आ जांच घर पर भले सए बेर छापेमारी कय ले, मुदा जमीनी हकीकत बदलैत नहि देखाइत अछि। झंझारपुर मे विभागीय जांच महज खानापूर्ति बनि कए रहि गेल अछि। स्थानीय जुगाड़ आ मिलीभगतक कारण जांचक बादो फर्जी अस्पतालक संख्या लगातार बढ़ि रहलअछि। सबसं पैघ सवाल ई अछि जे जांचक दायरा मे आयल क्लीनिक आ नर्सिंग होम पर सेहो बेरोकटोक धंधा चलैत रहैत अछि। जांच अधिकारी क्लीनिकक बैनर-पोस्टर पर लिखल नामी-गिरामी डॉक्टर सं संपर्कतक नहि कए पबैत छथि। ई डॉक्टर कतय सं अबैत छथि, कहिया अबैत छथि आ कतय रहैत छथि, एकरजानकारी जांच टीम तक नहि जुटा पबैत अछि। जांचक समय लैब मे मात्र एकटा असिस्टेंट भेटैत छथि, जखन कि बैनर पर नाम लिखल डॉक्टर गायब रहैत छथि। सूत्रक अनुसार, कोनो फर्जी नर्सिंग होम कें बंद अथवा सील करबाक आदेश देल जाइत अछि, तं संचालक किछुए दिन बाद नव नाम आ नव बोर्ड लगाकऽफेर धंधा शुरू कए दैत छथि। संचालक ओही पुरान रहैत छथि, मात्र नाम आ पहचान बदलि जाइत अछि।एहि सं बेसी चिंताजनक बात ई अछि जे बाहर सं नर्सिंग होम बंद देखाइत अछि आ ताला लागल रहैत अछि, मुदा भीतर चोरी-छिपे सर्जरी सं लए कए प्रसव तक काज होइत रहैत अछि।

**» सील भेलाक बाद नाम बदलि फेर शुरू भए जाइत अछि धंधा**

रोगी कें पाछूका दरबज्जा सं भीतर लेल जाइत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे एहन अस्पताल मे प्रशिक्षित डॉक्टर, लैब टेक्नीशियन आ जैव-चिकित्सकीय कचराक निपटाराक समुचित व्यवस्था नहि रहैत अछि। कम खर्चमे इलाजक लालच मे गरीब रोगी फंसि जाइत छथि। गलत इलाजक कारण कतेको बेर मरीजक जान पर सेहो बनि अबैत अछि। स्थानीय लोकनि मांग कयलनि अछि जे कागजी जांचक बदला बैनर पर लिखलडॉक्टरक भौतिक सत्यापन, राति मे औचक निरीक्षण आ सील कयल गेल नर्सिंग होमक नियमित निगरानी हो। लोकक कहब अछि जे एहि तरहक सख्त कारबाइ सं मात्र फर्जी अस्पतालक अवैध धंधा पर लगामलगाओल जा सकैत अछि।

# आर्केस्ट्राक नाम पर नाबालिग बालिकाक शोषण, 9 बालिका मुक्त, 3 संचालक गिरफ्तार

**मधुबनी, समदिया**

आर्केस्ट्राक नामपर नाबालिग बालिकासभक शोषण आ हुनका सं अवैध रूप सं काज करयबाक सूचनापर पुलिस जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र मे छापेमारी अभियान चलौलक। एहि अभियानक दौरान 9 नाबालिग बालिका कें मुक्त कराओल गेल, जखन कि एहि मामिला मे संलिप्त 3 आरोपित कें गिरफ्तार कयल गेलअछि। अपर पुलिस महानिदेशक (कमजोर वर्ग), बिहार, पटनाक निर्देश आ मिशन मुक्ति फाउंडेशन नामक गैर-सरकारी संस्थाक सहयोग सं ई अभियान चलाओल गेल। वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनीक आदेशपर पुलिस उपाधीक्षक (साइबर) केर नेतृत्व मे संबंधित थाना, महिला थाना, मानवाधिकार संस्थाक प्रतिनिधिआ चाइल्डलाइनक संयुक्त टीम गठित कयल गेल छल। अभियानक क्रम मे लौकहा, लौकही आ राजनगरथाना क्षेत्र मे संचालित आर्केस्ट्रा मे छापेमारी कयल गेल। एहि दौरान कुल 9 नाबालिग बालिका कें मुक्तकरा विधिवत महिला थाना, मधुबनी आनल गेल।3 आरोपित गिरफ्तार, न्यायिक हिरासत मे पठाओल गेलप्रारंभिक जांच मे नाबालिग बालिका सभ कें आर्केस्ट्रा मे काज करयबाक मामिला मे संचालक सहित 3आरोपित कें गिरफ्तार कयल गेल। गिरफ्तार आरोपित सभ मे लौकही थाना क्षेत्रक पिपराही निवासीचंद्रशेखर राम, लौकहा थाना क्षेत्रक लौकहा निवासी रामनारायण कुमार आ खुटौना थाना क्षेत्रक सिजवार निवासी अखिलेश कुमार राम शामिल अछि। एहि मामिला मे महिला थाना कांड संख्या 70/26, दिनांक 10अक्टूबर 2026 केर अंतर्गत भारतीय न्याय संहिता (बीएनएस), किशोर न्याय अधिनियम, बंधुआ मजदूरीउन्मूलन अधिनियम आ पॉक्सो अधिनियमक संबंधित धारा मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। गिरफ्तारआरोपित सभ कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, मुक्त कराओल गेल सभ नाबालिग बालिका कें आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कयला उपरांत बाल कल्याण समिति (सीडब्ल्यूसी)क समक्ष प्रस्तुत कयल जायत।

# दुर्गापूजा कें लए देवधा थाना परिसर मे शांति समितिक बैसार

**जयनगर, समदिया**

दुर्गापूजा शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ सुरक्षित वातावरण मे संपन्न करयबाक लेल मधुबनी जिलाक देवधा थाना परिसर मे शांति समितिक बैसार आयोजित कयल गेल। बैसारक संयुक्त अध्यक्षता जयनगरक अनुमंडल पदाधिकारी दीपक कुमार आ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सदानंद कुमार कयलनि। बैसार मेप्रशासनिक अधिकारी, पुलिस पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि, राजनीतिक दलक नेता आ स्थानीय गणमान्य लोकभाग लेलनि। एहि दौरान दुर्गापूजाक अवसर पर क्षेत्र मे शांति-व्यवस्था बनौने रखबाक, सामाजिक सद्भावकायम करबाक आ आपसी भाइचाराक संग पर्व मनयबाक विषय पर विचार-विमर्श भेल। अधिकारी लोकनिकहलनि जे पर्व-त्योहार समाज मे प्रेम, सद्भाव आ एकताक संदेश दैत अछि। दुर्गापूजाक दौरान सभ समुदाय कें आपसी सहयोग आ जिम्मेदारीक संग आगू आबय पड़त, जाहि सं कोनो अप्रिय स्थिति उत्पन्ननहि हो। बैसार मे पूजा समिति सभ आ स्थानीय लोकक बीच समन्वय बनौने रखबाक तथा कोनो समस्या होयला पर प्रशासन कें समय पर सूचना देबाक विषय पर सेहो चर्चा भेल। अधिकारी लोकनि शांतिआ सामाजिक सद्भाव कायम रखबाक लेल स्थानीय जनप्रतिनिधि, पूजा समिति आ शांति समितिक सदस्यक भूमिका कें महत्वपूर्ण बतौलनि। उपस्थित जनप्रतिनिधि आ गणमान्य लोकनि सेहो क्षेत्र मे शांतिबनौने रखबाक लेल प्रशासन कें सहयोग करबाक प्रतिबद्धता जतौलनि। बैसार मे एहि बात पर जोर देल गेल जे शांति-व्यवस्था बनौने रखब मात्र प्रशासनक जिम्मेदारी नहि, बल्कि आम नागरिकक सामूहिकदायित्व सेहो अछि। बैसार मे प्रखंड विकास पदाधिकारी राजीव रंजन कुमार, अंचल अधिकारी अखिलेश चौधरी, देवधा थानाध्यक्ष ब्रजेश कुमार सिंह, देवधा उत्तरीक मुखिया शंभू महतो, सरपंच सुजीत साह, भाजपा नेता अमरेश झा, किशुनदेव सहनी, सरोज गोहीवर, विपिन गोहीवर आ रामबाबू कामत सहित आन लोक उपस्थित छलाह। बैसारक माध्यम सं सभ सं पारंपरिक उत्साह आ धार्मिक श्रद्धाक संग दुर्गापूजामनयबाक तथा आपसी भाइचारा आ सामाजिक सौहार्द बनौने रखबाक अपील कयल गेल।

# कलश शोभायात्राक संग दस दिवसीय दुर्गापूजाक शुभारंभ

**बिस्फी, समदिया**

प्रखंड क्षेत्रक सिमरी, नरसाम, परसौनी, बिस्फी सहित विभिन्न गाम मे रविदिन सं दसदिवसीय शारदीय नवरात्र आ दुर्गापूजाक शुभारंभ भव्य कलश शोभायात्राक संग भेल। एहि अवसरपरश्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। बिस्फी दुर्गापूजा समितिक तत्वावधान मे निकालल गेल कलश शोभायात्रा मे 351 कन्या भाग लेलनि। शोभायात्रा गामक विभिन्न मार्ग सं होइत कमला नदी तक पहुंचल,जतय कन्या सभ नदी सं जल भरलनि। तकरबाद दर्जनों पंडितक उपस्थिति मे वैदिक मंत्रोच्चारक बीच पूजास्थलपर कलश स्थापित कयल गेल। प्रथम कलश लेबाक लेल श्रद्धालुसभक भीड़ जुटल छल। पूरावातावरण भक्तिमय बनल रहल। एहि अवसरपर पूजा समितिक अध्यक्ष मनोज यादव, सचिव आ पत्रकारराकेश कुमार यादव, कोषाध्यक्ष मुकेश कुमार पासवान, विकास यादव, गोलू कुमार, सुमित कुमार, छोटू कुमारसहित समितिक अन्य सदस्य उपस्थित छलाह। ओम्हर, परसौनी मे विगत 44 बरख सं आयोजित होइतआबि रहल दुर्गापूजाक अवसरपर शिव दुर्गापूजा समितिक तत्वावधान मे सेहो भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। एहि धार्मिक आयोजन मे श्रद्धालु सभ बढ़ि-चढ़ि कए भाग लेलनि। समितिक अध्यक्ष इंद्रमोहन झा, सचिव बसंत कुमार झा आ कोषाध्यक्ष मुरली झा सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह। कलशशोभायात्राक संग विभिन्न गाम मे शारदीय नवरात्र आ दुर्गापूजाक अनुष्ठान शुरू भेला पर चारूकातभक्तिमय वातावरण बनि गेल अछि।

# लदनियां प्रखंड मे भव्य कलश शोभायात्राक संग दुर्गापूजाक शुभारंभ

## दोनवारी मे 1100 कन्या आ माता सभ निकाललनि शोभायात्रा

**लदनियां, समदिया**

प्रखंड क्षेत्रक दोनवारी, विषहरिया, लदनियां बाजार, पिपराही, गाढ़ा, गजहारा, खाजेडीह, बौरहा, योगिया आसिधपकला सहित अन्य गाम मे प्रत्येक बरख जकां एहि वर्षो भव्य कलश शोभायात्राक संग शक्तिस्वरूपामां दुर्गाक पूजाक शुभारंभ भेल। एहि अवसरपर वैदिक मंत्रोच्चारक बीच विधि-विधानपूर्वक कलश स्थापनाकयल गेल। विभिन्न गाम मे श्रद्धालुसभक उत्साह आ भक्तिभाव देखबा लेल भेटल।दोनवारी गाम मे 1100 कुमारी कन्या आ माता सभ भव्य कलश शोभायात्रा मे भाग लेलनि। मुखिया नवीन कुमार यादव, राम अशीष कामत, महिंद्र कामत, इंदू कामत, नंदू कामत, रामशरण कामत, अरविंद कुमार, हरि लाल यादव, लक्ष्मण मंडल, दीपक कामत, शंभू दास आ हीरा लाल दासक देखरेख मे शोभायात्रा निकालल गेल।ओम्हर, प्रखंडक अन्य गाम मे सेहो स्थानीय लोकक देखरेख मे कलश शोभायात्रा निकालल गेल। एहि क्रममे वीरेंद्र यादव, रामसुंदर यादव, प्रशांत कुमार, रीक्षण कुमार, सोनेलाल, महेश साहू, सरोज यादव, बुद्धेश्वरयादव, दीप नारायण साह, चंदू साह, दिलीप यादव, अशोक सेन, संजीव चौधरी, संजीव पूर्वे, मनोज कुमारयादव, भागवत यादव, रामसुभक यादव, देव कुमार यादव, ललित यादव, अशोक मंडल, दशौय चौधरी आप्रह्लाद राय सहित अन्य लोक सक्रिय रहलाह।प्रखंड क्षेत्रक विभिन्न दुर्गा मंदिर मे कलश शोभायात्राक बाद विधि-विधानपूर्वक मां भगवतीक पूजन-अर्चन शुरू भेल। एहि धार्मिक आयोजन कें सफल बनाबय मे समस्त ग्रामीणक महत्वपूर्ण योगदान रहैत अछि। दोनवारी गाम मे दुर्गा प्रतिमाक निर्माण आ पंडाल निर्माणक परंपरा सेहो विशेष अछि। प्रतिवर्ष ग्रामीणपरिवार, संबंधी अथवा रिश्तेदार मे सं केओ एहि काजक जिम्मेदारी उठबैत छथि। ग्रामीण सभ चंदा जमाकए मुख्य रूप सं लड्डूक प्रसाद आ श्रद्धालुसभक मनोरंजनक व्यवस्था करैत छथि। एहि परंपरा सं गाममे आपसी सहयोग आ सामाजिक एकताक भावना मजबूत होइत अछि।

# संजीव कुमार ठाकुर बनलाह रैयाम चीनी मिलक संस्थापक निदेशक

## किसान आ पैक्स अध्यक्ष मे खुशी

**बिस्फी, समदिया**

प्रखंड क्षेत्रक रघौली पंचायतक पैक्स अध्यक्ष संजीव कुमार ठाकुर उर्फ मुन्ना कें प्रवर्तक सदस्यसभकबैसार मे रैयाम चीनी मिलक संस्थापक निदेशक चुनल गेलनि। एहि उपलब्धि पर बिस्फी क्षेत्रक किसानआ पैक्स अध्यक्ष सभ मे खुशीक माहौल अछि। रैयाम चीनी मिल शुरू होयबाक उम्मीद सं क्षेत्रक किसानउत्साहित छथि। लोकसभक मानब अछि जे चीनी मिल चालू भेला सं स्थानीय किसान सभ कें बेसी लाभ भेटतनि आ क्षेत्रक आर्थिक गतिविधि मे तेजी आओत। संजीव कुमार ठाकुर कें संस्थापक निदेशक चुनल गेलापर राज्यसभा सांसदक प्रतिनिधि सह नूरचक पंचायतक पैक्स अध्यक्ष विष्णुदेव सिंह यादव, पैक्स अध्यक्ष मो. शकील अहमद मदनी, विमल कुमार बिमलेश, संजय मेहता, सुशील मिश्र, दिलीप चौधरी, अजय ठाकुर, उपेंद्र यादव, अशोक सहनी, घनश्याम झा, त्रिलोक झा, अरुण यादव, राम कुमार सहनी, कृष्णदेव यादव आ डॉ. नोमान हर्ष व्यक्त कयलनि।



# विद्यालय मे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा, बच्चाक सुरक्षा आ मूलभूत सुविधाक सर्वोच्च प्राथमिकता : डीएम

## मेनू अनुसार गुणवत्तापूर्ण भोजन देबाक निर्देश

**मधुबनी, समदिया**

जिलाक सरकारी विद्यालय मे बच्चासभक सुविधा, सुरक्षा, नीक शैक्षणिक वातावरण आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षा सुनिश्चित करबाक लेल जिला प्रशासन लगातार प्रयास कए रहल अछि। विद्यालयक आधारभूत सुविधाकविकास, शिक्षक आ विद्यार्थीक नियमित उपस्थिति, मध्याह्न भोजन योजनाक सुचारु संचालन तथा पढ़ाइ-लिखाइ मे सुधार अनबाक उद्देश्य सं जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा केर अध्यक्षता मे समाहरणालय सभागार मे शिक्षा विभागक समीक्षात्मक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे विभिन्न शैक्षणिक आ प्रशासनिक बिंदुपर समीक्षा कयल गेल। डीएम स्पष्ट



**» एमडीएम संचालन मे लापरवाही पर होयत विधिसम्मत कारबाइ**

निर्देश देलनि जे विद्यालय संचालन मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। - मध्याह्न भोजन बंद रहला पर तय होयत जवाबदेही मध्याह्न भोजन योजनाक प्रखंडवार समीक्षाक क्रम मे डीएम निर्देश देलनि जे जिलाक कोनो विद्यालय मे भोजनक व्यवस्था बंद नहि रहबाक चाही। सभ विद्यालय मे निर्धारित मेनू अनुसार स्वच्छ, पौष्टिक आ गुणवत्तापूर्ण भोजन देल जाय, जाहि सं बच्चासभक उपस्थिति आ पोषणक आवश्यकता पूरा भए सकय। ओ कहलनि जे विशेष परिस्थिति मे कोनो विद्यालय मे भोजन बनबाक व्यवस्था बाधित होइ तं तत्काल नजदीकी विद्यालय सं समन्वय कए भोजनक प्रबंध कयल जाय। एकर सूचना अविलंब संबंधित प्रखंड साधनसेवी, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (मध्याह्न भोजन योजना) आ जिला शिक्षा पदाधिकारी कें देलजाय। एहि योजना मे लापरवाही अथवा निर्देश पालन मे कमी भेटला पर जिम्मेवार लोकनिक विरुद्धनियमानुसार विधिसम्मत कारबाइ होयत। - शिक्षक आ विद्यार्थीक उपस्थिति पर जोर डीएम सभ प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी कें विद्यालयक नियमित निरीक्षण आ प्रभावकारी निगरानी करबाक निर्देश देलनि। शिक्षक समयपर विद्यालय पहुंचथि आ निर्धारित समय-सारिणी अनुसार पढ़ाइ करथि।विद्यार्थीक उपस्थिति बढ़ेबाक संग विद्यालय मे अनुशासित आ सकारात्मक शैक्षणिक वातावरण बनौने रखबाक लेल आवश्यक कदम उठेबाक निर्देश देल गेल। शिक्षकक उपस्थितिक विवरण ई-शिक्षा पोर्टलपर नियमित रूप सं अपलोड करबाक आ निरीक्षण मे भेटल कमी कें समयसीमाक भीतर दूर करबाक निर्देश सेहो देल गेल। - मॉडल विद्यालय मे गुणवत्तापूर्ण पढ़ाइ जिलाक 21 प्रखंड मे संचालित 26 मॉडल विद्यालयक समीक्षा करैत डीएम ऑनलाइन कक्षा, पुस्तकालयआ अन्य शैक्षणिक गतिविधिक नीक संचालनपर जोर देलनि। उपलब्ध संसाधनक समुचित उपयोग कएविद्यार्थीसब कें नीक शैक्षणिक सुविधा देबाक निर्देश देल गेल।- हमर विद्यालय हमर स्वाभिमान अभियान सं विकसित होयत सुविधा डीएमक पहलपर हमर विद्यालय हमर स्वाभिमान अभियानक अंतर्गत कायाकल्प योजना सं विद्यालयक आवश्यकताक अनुरूप आधारभूत संरचनाक विकास कयल जा रहल अछि। उद्देश्य विद्यालय कें स्वच्छ, सुरक्षित आ सुविधासंपन्न बनायब अछि, जाहि सं बच्चासभक सर्वांगीण विकासक संग गुणवत्तापूर्ण शिक्षा सुनिश्चित भए सकय।

# मादक पदार्थक अवैध कारोबार आ तस्करीक सूचना लेल हेल्पलाइन नंबर जारी

**मधुबनी, समदिया**

जिला मे मादक पदार्थक अवैध कारोबार, तस्करी आ एकर सेवनपर रोक लगयबाक लेल मधुबनी पुलिस विशेष अभियान चला रहल अछि। एहि अभियान कें सफल बनेबाक लेल पुलिस आम नागरिक सं सहयोगक अपील कयने अछि। पुलिसक अनुसार, जं अहांक आसपास ड्रग्स, अफीम, गांजा, चरस, कोकीन अथवा अन्य कोनो अवैध मादक पदार्थक खरीद-बिक्री, भंडारण, उत्पादन वा संदिग्ध गतिविधिक जानकारीभेटैत अछि, तं तुरंत पुलिस कें सूचित करू। मधुबनी पुलिस स्पष्ट कयने अछि जे सूचना देनिहार व्यक्तिक पहचान गोपनीय राखल जायत। पुलिस आम नागरिक सं अपील कयने अछि जे मादक पदार्थक अवैध कारोबार आ तस्करीपर रोक लगयबाक लेल आगू आबथि आ एहि अभियान मे प्रशासन कें सहयोग करथि।

**एमएलसी भारती मेहता कहलनि जे कोरोना महामारीक बाद हार्ट अटैक सं असामयिक मृत्यु बढ़ल**

# फूले भंडारीक निधन पर श्रद्धांजलि सभा मे शामिल भेलाह संजय झा सहित कतेको नेता

**झंझारपुर, समदिया**

जदयू मधुबनी जिलाध्यक्ष श्रीनारायण भंडारी उर्फ फूले भंडारीक असामयिक निधनपर रविदिन झंझारपुरक देवराज इंद्र पैलेस, नगर परिषद वार्ड-4 मे जदयू परिवारक दिस सं श्रद्धांजलि सभा आयोजित कयल गेल। फूले भंडारीक निधन 10 अक्टूबर कें पटना मे हार्ट अटैक सं भए गेल छल। श्रद्धांजलि सभा मे मुख्य अतिथिक रूप मे जदयू राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा, सांसद रामप्रीतमंडल, विधायक ईश्वर मंडल, विधान पार्षद भारती मेहता, विधायक सतीश साह आ अति पिछड़ा आयोगकसदस्य केदारनाथ भंडारी सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। सभाक अध्यक्षता वीरेंद्र नारायण चौधरी कयलनि।




उपस्थित नेता सभ स्व. भंडारीक चित्रपर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि। सांसद संजय झा कहलनि जे श्रीनारायण भंडारीक निधन सं पार्टी कें अपूरणीय क्षतिभेल अछि। हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्वपर चर्चा करैत ओ कहलनि जे हुनकर जिलाध्यक्ष रहबाक कार्यकाल मे विधानसभा आ लोकसभा चुनाव भेल, जाहि मे पार्टी कें नीक परिणाम भेटल। ओ पार्टी आ अपन जिम्मेदारीक प्रति पूर्ण निष्ठा आ समर्पणक संग काज करैत छलाह।कोरोना कालक बाद हार्ट अटैकक बढ़ैत मामिला पर चिंतासभाक संचालन करैत विधान पार्षद भारती मेहता कहलनि जे कोरोना महामारीक बाद हार्ट अटैकक मामिला तेजी सं बढ़बाक चिंता सामने आबि रहल अछि। आब एहि बेमारीक शिकार मात्र बेसी उम्रक लोक नहि, बल्कि 20, 22, 25 आ 30 वर्षक युवा सभ सेहो भए रहल छथि। अनचोके हार्ट अटैक सं असामयिक मृत्यु होयबाक घटना चिंताजनक अछि। ओ कहलनि जे जिलाध्यक्ष फूले भंडारीक निधन सेहो हार्ट अटैक सं भेल। वर्तमान परिस्थिति मे स्वास्थ्य कें लए कए गंभीरतापूर्वक विचार करबाक आ लोक कें जागरूक होयबाक आवश्यकता अछि। हुनकर कहब छलनि जे कोरोना महामारीक बाद एहि तरहक घटनापर विशेष ध्यान देबाक चाही।श्रद्धांजलि सभा मे जदयू प्रखंड अध्यक्ष ठक्को राय, पूर्व जिलाध्यक्ष मो. कयूम, महादलित प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष रामनरेश चौपाल, अजय टिबरेवाल, अजय नारायण चौधरी, कमलकांत भारती, विपिन गांधी, महिला जिलाध्यक्ष विक्रमशिला देवी, खजौली प्रखंड अध्यक्ष उषा देवी, संगीता ठाकुर, सोनी देवी, श्याम सुंदर तिवारी, बद्री नारायण शर्मा, बैजू नारायण चौधरी, मो. शईद अंसारी सहित जिलाभरक सैकड़ो पदाधिकारी आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# लदनियां बजार मे 83 बरख सं भए रहल अछि मां दुर्गाक पूजा-अर्चना

**लदनियां, समदिया**

लदनियां बाजार मे विगत 83 बरख सं मां दुर्गाक पूजा-अर्चना होइत आबि रहल अछि। एहि वर्षो शारदीय नवरात्रक अवसरपर सार्वजनिक दुर्गा मंदिर कें आकर्षक रूप मे सजाओल जा रहल अछि। पूजा-पंडाल केंभव्य आ मनमोहक बनाओल गेल अछि। नवरात्र शुरू होइतहि आसपासक इलाका मे उत्सवी माहौल बनिजाइत अछि। महथा पंचायतक मुखिया कविता देवीक प्रतिनिधि आ पूजा समितिक सचिव बुद्धेश्वर यादवक देखरेख मे पंडाल कें आकर्षक रूप देल गेल अछि। पूजनोत्सव शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करयबाकलेल युवासभक टोली बनाओल गेल अछि। परंपरानुसार समितिक पदेन अध्यक्ष वर्तमान थानाध्यक्ष होइत छथि। समितिक दिस सं कार्यक्रमक



निगरानी लेल अलग-अलग टोली बनाओल जायत।

**- श्रद्धालुक सुविधाक रहत विशेष प्रबंधः**समितिक सचिव बुद्धेश्वर यादव बतौलनि जे दीपयज्ञ, सांझक आरती, खोइछ भरबाक आ दर्शन करबाकलेल पहुंचयवाली माता-बहिनसभक सुविधाक विशेष प्रबंध कयल जा रहल अछि। पूजा-अर्चनाक समयजुटयवाली भीड़पर सेहो नजरि राखल जायत, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें कोनो असुविधा नहि हो। मंदिरकनियमित पुजारीक अनुसार, कलश स्थापनाक संग विधिपूर्वक पूजा-अर्चना शुरू भए जाइत अछि।श्रद्धालुसभक एहि मंदिरप्रति गहींर आस्था अछि। भक्तजन श्रद्धा आ विश्वासक संग मां दुर्गाक आराधना करैत छथि।दीपनारायण साह कहलनि जे श्रद्धालु सच्चा मन सं मां दुर्गा सं जे मनोकामना करैत छथि, से पूर्ण होइत अछि। हुनका सभक विश्वास अछि जे मां अपन भक्त कें निराश नहि करैत छथि।

**- सांस्कृतिक कार्यक्रम मे जुटत भीड़ः**सांझक आरती मे हजारो श्रद्धालु शामिल होइत छथि। भक्तजनक मनोरंजनक लेल पूजा समितिक दिस

सं सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कयल गेल अछि। एहि ठाम लगयवला मेला मे नेपाल सं सेहोपैघ संख्या मे लोक अबैत छथि। एहि कारण नवरात्रक समय लदनियां बाजार मे भक्तिक संग उत्सवकविशेष रौनक देखबा लेल भेटैत अछि। पूजा समितिक दिस सं युवा सभ सं आपसी मतभेद छोड़ि सहयोगकरबाक अपील कयल गेल अछि, जाहि सं 83 बरख पुरान एहि धार्मिक परंपरा कें शांतिपूर्ण आ व्यवस्थित ढंग सं आगू बढ़ाओल जा सकय।

# सड़कक कात अवैध कंबलक दोकानक भरमार अतिक्रमण आ टैक्स भुगतान पर उठल सवाल

## प्रशासन सं कारबाइक मांग

» दर्जनो जगह चलि रहल अस्थायी दोकान, पक्का रसीद नहि देबाक शिकायत



**सहरसा, समदिया**

ठंडक मौसिम शुरू होइतहि नगर निगम क्षेत्रक विभिन्न हिस्सा मे कंबल, तकिया, चादर आ आन गरमकपड़ाक अस्थायी दोकान सजय लगल अछि। शहर मे एक दर्जन सं बेसी जगह सड़कक कात मे दोकानलगाओल गेल अछि। एहि सं अतिक्रमण आ कारोबार संबंधी नियमक पालन पर सवाल उठय लागलअछि। स्थानीय स्तर पर एहि दोकान सभ मे पक्का रसीद देने बिना सामान बेचबाक आ कर भुगतान मेअनियमितताक आशंका सेहो जताओल जा रहल अछि। जानकारीक अनुसार, एहि दोकान सभ मे ग्राहक केंनीक गुणवत्ता बला कंबल देबाक दावा कय वजन अथवा निर्धारित कीमतक आधार पर सामान बेचल जाइत अछि। हालांकि, सामानक गुणवत्ता, बिक्रीक रसीद आ कर भुगतान सं जुड़ल आरोपक आधिकारिकपुष्टि एखन धरि नहि भेल अछि। स्थानीय लोकसभक बीच चर्चा अछि जे दोसर प्रदेश सं आबयवला किछुकारोबारी मौसमी रूप सं एहन दोकान चलबैत छथि। एहि कारोबार सं जुड़ल मोहम्द इबले हसन नामकव्यक्तिक संबंध मे सेहो आरोप लगाओल जा रहल अछि जे ओ नगर निगम क्षेत्र मे कई ठाम दोकानचलबैत छथि। हालांकि, एहि आरोपक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि आ संबंधित कारोबारीक पक्ष सेहो एखनधरि सामने नहि आयल अछि। सड़कक कात मे अस्थायी दोकान चलला सं यातायात, पैदल यात्रासभकआवाजाही आ अतिक्रमणक समस्या उत्पन्न होयबाक आशंका अछि। जं बिना वैध रसीद बिक्री अथवा कर चोरीक शिकायत सही पाओल जाइत अछि, तं नियमक पालन करयवला कारोबारियेसभक संग असमान प्रतिस्पर्धाक स्थिति बनि सकैत अछि।एहि परिस्थिति मे नगर निगम, जिला प्रशासन आ पुलिस प्रशासनसं मामिलाक जांच करबाक मांग कयल जा रहल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे जांच मेअतिक्रमण अथवा वित्तीय अनियमितताक पुष्टि भेलापर संबंधित नियमक अनुसार कारबाइ होयबाक चाही,जाहि सं शहरक यातायात व्यवस्था सुचारु रहय आ व्यापारिक गतिविधि नियमानुसार संचालित हो।

# शारदीय नवरात्रक पहिल दिन भक्तिरंग मे डूबल सोनबरसा, जगह-जगह निकलल भव्य कलश शोभायात्रा

**सोनबरसा, समदिया**



शारदीय नवरात्रक पहिल दिन रविदिन भारत-नेपाल सीमापर स्थित सोनबरसा आ आसपासक ग्रामीण इलाका मे भक्ति आ आस्थाक अद्भुत संगम देखय लेल भेटल। नवरात्रक शुभारंभ पर विभिन्न पूजासमितिसभक दिस सं भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। गाजा-बाजा, भक्तिगीत आ माता दुर्गाकजयकारा सं पूरा इलाका गुंजायमान रहल। पारंपरिक परिधान मे सजल कन्यासभक सहभागिता संशोभायात्राक भव्यता बढ़ि गेल। सोनबरसा क्षेत्रक विभिन्न पूजा समितिसभक तत्वावधान मे आयोजितनवरात्र महोत्सवक अंतर्गत पटेलनगर स्थित महारानी स्थान, मुख्य चौकक मां दुर्गा पूजा समिति, कल्याणी पूजा समिति, चांदनी चौकक जय माता दी पूजा समिति आ सोनबरसा बाजारक दुर्गा पूजा समिति संजुड़ल सैकड़ो कन्या कलश शोभायात्रा मे शामिल भेलीह। लाल-पीयर पारंपरिक परिधान मे सजल कन्या सभ माथ पर चंदन आ हाथ मे अक्षत लेने माता दुर्गाक स्वरूप मे देखाइत छलीह। सभ श्रद्धालु कन्यागाजा-बाजा आ जयकारा लगबैत भारत-नेपाल सीमापर स्थित अधवारा समूहक झीम नदीक पवित्र तट परपहुंचलथि। ओतय विद्वान पुरोहित वैदिक मंत्रोच्चारक बीच पूजा-अर्चना करौलनि। तकरबाद कन्या सभनदी सं पवित्र जल भरि मंगल कलश धारण कय अपन-अपन पूजा पंडाल दिस प्रस्थान कयलीह। एहिदौरान नगर परिक्रमो कयल गेल। श्रद्धालुसभक जयकारा सं मुख्य बाजार आ आसपासक इलाका भक्तिमय भए उठल। दोसर दिस, फतहपुर गाम मे नवयुवक दुर्गा पूजा समितिक दिस सं सेहो भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। आचार्य मृत्युंजय झाक वैदिक मंत्रोच्चारक बीच कन्या सभ गामक पोखरि सं पवित्र जल भरलीह। कार्यक्रम मे समिति अध्यक्ष कैलाश राउत, पैक्स अध्यक्ष अभिमन्यु साह, सचिव महेंद्रसाह, गगनदेव राउत, राम एकबाल पासवान, शिव कुमार साह, मनु लाल साह आ योग नारायण राउत सहितपैघ संख्या मे ग्रामीण आ श्रद्धालु शामिल छलाह।

# गंगाक 'कटघुरना' कहर जारी, छोटकी अलालपुर मे दूटा आओर पक्का मकान नदी मे समायल

**भागलपुर, समदिया**



गंगाक घटैत पानिक संग कटावक कहर लगातार जारी अछि। शुक्र सांझ सं शुरू भेल कटाव रवि धरि जारी रहल। एहि दौरान खरीक प्रखंडक राघोपुर पंचायत अंतर्गत छोटकी अलालपुर निवासी सच्चिदानंदमंडल आ बालमुकुंद मंडलक पक्का मकान गंगा मे समा गेल। एहि सं पहिने रेल बांध, ब्रह्म बाबा स्थान,बजरंगबली स्थान आ कतेको घर कटावक चपेट मे आबि चुकल अछि। एखन करीब 30 घर पर कटावक खतरा मंडरा रहल अछि। शुक्रदिन पूर्व जिला पार्षद प्रेमशीला देवी, उदय मंडल, पुतुल मंडल, मिथिलेश क्रांति आ अनिल मंडल सहित 10 लोकक घर कटि गेल छल। लगातार कटाव सं ग्रामीणसभक चिंता बढ़ि गेल अछि। ग्रामीण गंगाक एहि खतरनाक रूप कें 'भंवर' अथवा स्थानीय भाषा मे 'कटघुरना' कहैत छथि। राघोपुर निवासी रंजीत मंडल, त्रिलोकीनाथ दिवाकर आ आन ग्रामीणक कहब अछि जे पानि गोल-गोल घुमैत अछि आ किनाराक माटि तेजी सं कटैत अछि। पहिने मकानक नीचाक जमीन खोखला होइत अछि। नींवक सहारा समाप्त होइत देरी मजबूत पक्का मकान सेहो देखैत-देखैत ढहि पड़ैत अछि। वैज्ञानिकदृष्टिकोण सं नदी मे भंवर मुख्य धाराक दिशा, नदीक मोड़, तलहटक असमान बनावट आ पानिक अलग-अलग परतक गति मे अंतरक कारण बनि सकैत अछि। तेज धार कमजोर माटि पर दबाव दैत अछि,जाहि सं माटिक कण उखड़ि पानिक संग बहि जाइत अछि। एहि प्रक्रिया मे किनाराक निचला हिस्साकटैत अछि आ ऊपरक जमीनक सहारा कमजोर पड़ि जाइत अछि। गंगाक तलहट मे बालू, गाद आ माटिक अलग-अलग परत रहैत अछि। तेज धार कमजोर परत कें काटि दैत अछि तं ऊपरक जमीन किछु समय धरि टिकल रहबाक बाद अनचोके धंसि सकैत अछि। एहि कारण आरसीसी मकान सेहो कटाव सं सुरक्षित नहि रहैत अछि। मकानक मजबूतीक संग नींवक नीचाक जमीनक स्थिर रहबो आवश्यक अछि। जलस्तर घटलाक बादो कटावक खतरा बनल रहैत अछि। बाढ़िक समय पानि सं भरल माटिक भीतरक दबाव जलस्तर घटिते तुरंत कम नहि होइत अछि, जखन कि पानिक बाहरी सहारा घटि जाइत अछि। इंजीनियरिंग मे एहि प्रक्रिया कें 'रैपिड ड्रॉडाउन' कहल जाइत अछि। हालांकि राघोपुर मे एकर भूमिका आभंवरक वास्तविक प्रभावक पुष्टि तकनीकी जांचक बादे भए सकत। छोटकी अलालपुर, राघोपुर आ शंकरपुरअलालपुर मे लगातार कटाव सं लोक भयभीत छथि। फिलहाल सभ सं पैघ चिंता कटावक जदि मे आबि रहल करीब 30 घरक सुरक्षा अछि।

# बिहरा पंचायतक ब्रह्मबाबा स्थान मे रामायण पाठ शुरू

**सहरसा, समदिया**



सत्तरकटैया प्रखंडक बिहरा पंचायतक वार्ड नंबर 06 स्थित ब्रह्मबाबा स्थान परिसर मे रविदिन दशहरा पर्वक अवसर पर रामायण पाठ शुरू भेल। धार्मिक अनुष्ठान कें लए क्षेत्र मे भक्तिमय वातावरण बनलअछि। रामायण पाठ मे स्थानीय ग्रामीणक संग युवा आ बच्चासभक विशेष सहभागिता देखय लेल भेटिरहल अछि। ग्रामीण सभ सं भेटल जानकारीक अनुसार, सामूहिक सहयोग सं आयोजित ई रामायण पाठदुर्गापूजाक समापन धरि चलत। तकर बाद विधि-विधानक संग हवन आ अन्य धार्मिक अनुष्ठान कयल जायत। एहि प्रक्रियाक बाद रामायण पाठक समापन होयत। आयोजन कें लए स्थानीय लोक सभ मे खास उत्साह देखल जा रहल अछि। ब्रह्मबाबा स्थान परिसर मे श्रद्धालुसभक सक्रियता बनल अछि। धार्मिक कार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल ग्रामीण सभ बढ़ि-चढ़ि कएसहयोग कए रहल छथि। आयोजन मे युवा सभ सं लए छोट-छोट बच्चा धरि सहभागिता कए रहल छथि।ई सहभागिता धार्मिक परंपरा आ आस्थाक प्रति हुनकर लगाव कें दर्शबैत अछि। ग्रामीणसभक सामूहिक सहयोग सं कार्यक्रम व्यवस्थित रूपे संचालित भए रहल अछि। रामायण पाठक माध्य मे श्रद्धालु भगवान श्रीरामक आदर्श, मर्यादा आ जीवन-मूल्य कें आत्मसात करबाक प्रयास कए रहल छथि। एहि आयोजन संपंचायत क्षेत्र मे धार्मिक सौहार्द आ सामाजिक एकजुटताक वातावरण बनल अछि। ब्रह्मबाबा स्थान पर आयोजित ई धार्मिक अनुष्ठान ग्रामीणसभक सामूहिक आस्था आ सहभागिताक प्रतीक बनल अछि।

# दुर्गापूजा मे डीजे पर रहत प्रतिबंध, सभ पूजा पंडाल मे लागत सीसीटीवी कैमरा

**सीतामढ़ी, समदिया**

आगामी दुर्गापूजा शांतिपूर्ण, भाइचारा आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न करय लेल रविदिन समाहरणालय स्थित परिचर्चा भवन मे अनुमंडलस्तरीय शांति समितिक बैसार आयोजित कयल गेल। सीतामढ़ी सदरकअनुमंडल पदाधिकारी आनंद कुमारक अध्यक्षता मे आयोजित एहि बैसार मे प्रशासनिक आ पुलिसअधिकारी, जनप्रतिनिधि आ गणमान्य लोक सभ भाग लेलनि। बैसार मे पर्वक दौरान विधि-व्यवस्था बनौनेरखबाक, सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक आ आपसी सौहार्द कायम रखबाक लेल कतेको महत्वपूर्ण निर्देश देल गेल। एसडीएम आनंद कुमार सभ पूजा समिति कें निर्देश देलनि जे प्रत्येक पूजा पंडाल मे अनिवार्यरूपे सीसीटीवी कैमरा लगाओल जाए। एहि संग अग्निशमन सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था सुनिश्चित करबाकलेल कहलनि, जाहि सं कोनो अप्रिय घटना सं बचल जा सकय। ओ स्पष्ट केलनि जे पर्वक दौरान शांतिव्यवस्था भंग करय, हुड़दंग मचाबय वा कानूनक उल्लंघन करयवला लोकनिक विरुद्ध सख्त कारबाइकयल जायत। सीतामढ़ी सदर-1क अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी राजीव कुमार सिंह कहलनि जे दुर्गापूजाकदौरान डीजे बजय पर पूर्ण प्रतिबंध रहत। प्रतिमासभक विसर्जन निर्धारित रास्ते संए कयल जायत।विसर्जन जुलूसक वीडियोग्राफी सेहो कराओल जायत, जाहि सं पूरा प्रक्रियाक निगरानी कयल जा सकय। ओ सोशल मीडियापर अफवाह फैलेबाक आ सांप्रदायिक सौहार्द बिगाड़बाक कोशिश करयवला लोकनि कें सख्त चेतावनी देलनि। कहलनि जे एहन तत्वसभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कयल जायत। सुरक्षाव्यवस्थाक अंतर्गत संवेदनशील स्थलसभपर दंडाधिकारी आ पुलिस बल तैनात रहताह। प्रतिमा विसर्जनक दौरान घाटसभपर एसडीआरएफक टीम आ पुलिस जवानक तैनाती सेहो कयल जायत, जाहि सं कोनोअप्रिय घटना सं बचल जा सकय।

# डीबी रोड पर फेर पसरल अतिक्रमण

**सहरसा, समदिया**



नगर निगम क्षेत्रक व्यस्ततम सड़क सभ मे शामिल डीबी रोड एक बेर फेर अतिक्रमणक चपेट मे आबिगेल अछि। किछु दिन पहिने जिलाधिकारी दीपेश कुमार स्वयं अभियानक नेतृत्व कए बाजार केंअतिक्रमणमुक्त करौने छलाह। संगहि, दोकानदार सभ कें नालाक पाछू दोकान लगयबाक निर्देश देल गेलछल। मुदा एहि निर्देशसभक अनदेखी कय दोकानदार फेर सड़क धरि दोकान पसारय लागल छथि। एहि कारण सड़क पर आवागमन प्रभावित होमय लागल अछि। आगामी विजयादशमी, दीपावली आ लोक आस्थाक महापर्व छठ कें लए बाजार मे खरीदारसभक भीड़ बढ़बाक संभावना अछि। एहन स्थिति मे समयरहैत अतिक्रमण पर रोक नहि लगाओल गेल तं शहरक प्रमुख सड़कसभपर जामक समस्या गंभीर भएसकैत अछि। एकर खामियाजा आम लोक, वाहन चालक आ बाजार आबयवला ग्राहक सभ कें भुगतयपड़तनि। शहर मे यातायात व्यवस्था सुचारु बनौने रखबाक लेल डीबी रोड सं शंकर चौक, महावीर चौक संरिफ्यूजी कॉलोनी, कचहरी ढाला सं महाराणा प्रताप चौक, पुरान बस स्टैंड सं प्रशांत मोड़, कॉलेज गेट आथाना चौक सं वीर कुंवर सिंह चौक

## ▪ पर्व मे जाम बढ़बाक आशंका

सहित अन्य प्रमुख मार्गसभपर यातायात नियंत्रणक जरूरत महसूसकयल जा रहल अछि। पर्वक दौरान एहि मार्गसभपर पैघ वाहन आ ई-रिक्शाक परिचालन पर निर्धारितसमय लेल रोक लगेला सं जामक समस्या कम भए सकैत अछि। स्थानीय लोकसभक मानब छनि जेजिला प्रशासन आ ट्रैफिक पुलिस कें पर्व शुरू होयबा सं पहिने संयुक्त रूपे ठोस कदम उठेबाक चाही।अतिक्रमण हटेबाक संगहि नियमक सख्ती सं पालन कराओल जाए। आब देखबाक अछि जे प्रशासन समयरहैत कारबाइ कए शहरवासी कें जाम सं राहति देबाक लेल की कदम उठबैत अछि।

# दुर्गापूजा मे सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था फारबिसगंज मे प्रशासन कयलक फ्लैग मार्च

**फारबिसगंज, समदिया**



दुर्गापूजाक दौरान शांति-व्यवस्था बनौने रखबाक आ श्रद्धालुसभक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल फारबिसगंज शहरी क्षेत्र मे प्रशासनक दिस सं फ्लैग मार्च निकालल गेल। अनुमंडल पदाधिकारी अभयकुमार तिवारी आ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी राजकिशोर कुमारक संयुक्त नेतृत्व मे निकालल गेल फ्लैग मार्चक दौरान शहरक प्रमुख सड़कसभक भ्रमण कयल गेल। एहि दौरान विभिन्न पूजा पंडाल आ भीड़भाड़वला स्थानक सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा सेहो लेल गेल। फ्लैग मार्चक दौरान प्रशासनिक आ पुलिसअधिकारी सुरक्षा व्यवस्थाक निरीक्षण कयलनि। एहि अवसर पर फारबिसगंज थानाध्यक्ष मनोज कुमारपुलिस बलक संग उपस्थित छलाह। अनुमंडल पदाधिकारी अभय कुमार तिवारी कहलनि जे दुर्गापूजा केंदेखैत शहरक विभिन्न पूजा पंडालक अतिरिक्त प्रमुख चौक-चौराहा पर प्रशासनिक आ पुलिस पदाधिकारीकप्रतिनियुक्ति कयल जा रहल अछि। श्रद्धालुसभक सुरक्षा आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल आवश्यक कदम उठाओल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे पूजाक दौरान शहर मे यातायात व्यवस्था सुचारु बनौने रखबाक लेल एकटा सुदृढ़ ट्रैफिक प्लान सेहो तैयार कयल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य पूजा पंडाल मे आबय-जायवला श्रद्धालु सभ कें आवागमन मे कोनो तरहक परेशानी नहि होयब सुनिश्चित करब अछि।

# बाल विवाह उन्मूलन आ बालिकाक अधिकारक संरक्षणक संग मनाओल गेल अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवस



**सीतामढ़ी, समदिया**

अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर अदिथी कवच परियोजनाक तत्वावधान मे डुमरा स्थित पैघ बाजारक लग किशोरी समूह सं जुड़ल छात्रासभक नेतृत्व मे उत्साहक संग कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य बालिकासभक अधिकार, शिक्षा, सुरक्षा, समान अवसर आ नेतृत्व क्षमता केंप्रोत्साहित करब तथा बाल विवाह जेकां सामाजिक कुरीतिक उन्मूलनक प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ छल।बरख 2026क थीम बाल विवाह समाप्त करू आ बालिकासभक अधिकार मे निवेश करूक अनुरूप बालिकासभक शिक्षा जारी रखबाक, आत्मविश्वास बढ़यबाक, सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करयबाक आ भविष्य सं जुड़ल निर्णय मे हुनकर आवाज तथा सहभागिता सुनिश्चित करबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। कार्यक्रम मे किशोरी समूहक आराध्या कुमारी, अनन्या, चांदनी आ शाना प्रवीण नेतृत्वकारी भूमिका निभौलनि। हुनकर सक्रिय सहभागिता सं ई संदेश देल गेल जे बालिका सामाजिक बदलावक सशक्तनेतृत्वकर्ता सेहो छथि। कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी कहलनि जे बाल विवाह बालिकासभक शिक्षा, स्वास्थ्य, सुरक्षा आ अपन भविष्य चुनबाक स्वतंत्रता कें प्रभावित करैत अछि। एकरा समाप्त करबाक लेलपरिवार, समुदाय, विद्यालय, पंचायत, प्रशासन आ पुलिस कें मिलि काज करय पड़त। प्रत्येक बालिका कें शिक्षा आ आगू बढ़बाक समान अवसर भेटबाक चाही। कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह कहलनि जे बालिका सभ कें सशक्त बनयबाक लेल शिक्षा, सुरक्षा, सम्मान आ समान अवसर देनाइ आवश्यक अछि। बाल विवाह रोकबाक लेल कानूनक प्रभावी पालनक संग सामाजिक सोच मे बदलाव आ अभिभावकसभक जागरूकता सेहो जरूरी अछि। कार्यक्रम मे अन्नू राज, रितेश भारती, मो. मजीद सहित किशोरी समूहकछात्रा उपस्थित छलीह। एहि अवसर पर बालिका सभ कें अपन अधिकारक प्रति जागरूक करबाक, हुनकर आवाज कें महत्व देबाक आ भेदभाव तथा हिंसा रोकबाक सामूहिक जिम्मेदारी निभेबाक संकल्प लेल गेल।

## बालिकाक शिक्षा, सुरक्षा आ समान अवसर पर देल गेल जोर

### मेहसौल मे उत्साहक संग मनाओल गेल अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवस

**सीतामढ़ी, समदिया**



अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर मेहसौल स्थित आवास पर बच्चा सभ उत्साह आ उमंगक संग ई दिवस मनौलनि। एहि अवसर पर पत्रकार मो. अरमान अलीक पुत्र आमिर अली अलीफा ऐमन, आयशासिद्दीका आ अनबिया फातिमा उर्फ फिजा रानी कें बुके, फूलक माला आ चॉकलेट भेंट कय हुनकर उत्साहबढ़ौलनि। एहि पहल सं बच्चीसभक चेहरापर मुस्कान पसरि गेल आ सभ खुशी साझा कयलनि। कार्यक्रमक दौरान बच्चीसभक प्रति प्रेम, सम्मान आ समानताक संदेश देल गेल। एहि छोट सन पहल बालिकाक महत्व कें रेखांकित करैत समाज मे हुनका प्रति सकारात्मक सोच विकसित करबाक प्रेरणा देलक।अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक मुख्य उद्देश्य बालिकासभक अधिकारक प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ, हुनका सभकें शिक्षाक समान अवसर उपलब्ध करेनाइ तथा समाज मे हुनकर सम्मान आ सुरक्षा कें सुनिश्चित करबअछि। एहन आयोजन सं बच्चा सभ मे आपसी प्रेम, सद्भाव आ बालिकासभक प्रति सम्मानक भावना विकसित होइत अछि। एहि अवसर पर आतिफ जौहर, आदम अली सहित आन लोक सेहो उपस्थित छलाह।

# फास्ट फूड दोकान पर जुटि रहल भीड़, स्वास्थ्य सुरक्षा पर उठल सवाल

## सदर थाना चौक दुर्गा मंदिर लग फास्ट फूड दोकान पर राति 11 बजेक भीड़ पर जांचक दरकार

**सहरसा, समदिया**



शहर मे फास्ट फूड दोकान पर लोकसभक बढ़ैत भीड़क बीच खानपानक आदति आ स्वास्थ्य कें लए कए चिंता बढ़य लागल अछि। चाउमिन, मोमोज, बर्गर, पिज्जा, फ्राइड राइस, मंचूरियन आ रोल खयबाक लेल लोक पैघ संख्या मे दोकान पर पहुंचि रहल छथि। खास कए युवा आ किशोर वर्ग मे एहि खाद्य पदार्थकआकर्षण तेजी सं बढ़ि रहल अछि। हालांकि, अस्वच्छ तरीका सं बनाओल गेल आ बेसी तेल, नून आ मसाला युक्त खाद्य पदार्थ स्वास्थ्य लेल नुकसानदायक साबित भए सकैत अछि। शहर मे सदर थानाचौक स्थित दुर्गा मंदिरक बगल मे शंकर फास्ट फूड दोकान पर हालक दिन मे सांझ 3 बजे सं राति 11बजे धरि लोकसभक भीड़ देखल जा रहल अछि। लगातार जुटैत भीड़क बीच खाद्य पदार्थक गुणवत्ता, साफ-सफाइ आ खाद्य सुरक्षा मानकक पालन पर निगरानी रखबाक जरूरत महसूस कयल जा रहल अछि।स्थानीय स्तर पर ई चर्चा सेहो अछि जे मंदिरक बगल मे चलि रहल एहि तरहक दोकान सभ कें केकरसंरक्षण प्राप्त अछि आ एकर संचालन व्यवस्थाक जांच के करैत अछि। हालांकि, एहि संबंध मे कोनोतरहक संरक्षणक आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि। चिकित्सकसभक अनुसार, नियमित रूप संअस्वास्थ्यकर फास्ट फूड खयला सं मोटापा, उच्च रक्तचाप, पाचन संबंधी समस्या आ मधुमेहक जोखिमबढ़ि सकैत अछि। दूषित खाद्य पदार्थ खयला सं पेटदर्द, उल्टी आ दस्त जेकां समस्या सेहो भए सकैतअछि। एहि परिस्थिति मे खाद्य सुरक्षा विभाग कें शहरक फास्ट फूड दोकान सभ मे साफ-सफाइ, खाद्यपदार्थक गुणवत्ता आ निर्धारित मानकक पालनक जांच करबाक जरूरत अछि। नियमित निरीक्षण आ आवश्यक कारबाइ सं खाद्य सुरक्षा सुनिश्चित करबाक संग आम लोकक स्वास्थ्यक रक्षा कयल जा सकैत अछि।

# अनाजक घटैत उपज आ बढ़ैत दामक दबाव

राहुल राज

कोनो परिवार लेल खेनाइ-पीनाइ केर वस्तुक दाम बढ़ब मात्र बाजारक आंकड़ा नहि होइत अछि। एकर सीधा असरि मासिक बजट, थारी मे परसल भोजन आ बच्चा सभक पोषण पर पड़ैत अछि। गहुम, चाउर, मक्का आ चीनी सन रोजमर्राक खाद्य वस्तुक दाम बढ़बाक असरि बेसी महसूस होइत अछि, कारण एहि वस्तुसभक उपयोग कम करब सहज नहि होइत अछि। दुनियां आइ एहेन चुनौतीक सामना कए रहल अछि। संयुक्त राष्ट्रक खाद्य आ कृषि संगठन (एफएओ) केर टटका आकलनक अनुसार, 2026 मे वैश्विक अनाज उत्पादन पिछला सालक तुलना मे घटबाक अनुमान अछि। दोसर दिस, सितंबर 2026 मे वैश्विक खाद्य मूल्य मे लगातार तेसर मास बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल अछि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे मौसिम, जलवायु संकट, उत्पादन मे उतार-चढ़ाव आ अंतरराष्ट्रीय परिवहन व्यवस्था खाद्य बाजार पर एक संग दबाव बढ़ा रहल अछि। एफएओक नवका आकलनक अनुसार, 2026 मे दुनियां भरि मे कुल 297.9 करोड़ टन अनाजक उत्पादन होयबाक अनुमान अछि। ई 2025 केर तुलना मे 2.1 प्रतिशत कम अछि। मुदा उत्पादन मे गिरावट अयलाक बादो ई अखन धरिक दोसर सब सं पैघ वैश्विक अनाज उत्पादन होयत। एकरा सं पहिने 2025 मे रिकॉर्ड उत्पादन भेल छल। गहुमक उत्पादनक अनुमान बढ़ा कए 81.4 करोड़ टन कयल गेल अछि। ऑस्ट्रेलिया मे मौसिमक स्थिति सुधरलाक कारण गहुमक उपज नीक रहबाक आशा अछि। मुदा मोट अनाज, जाहि मे मकई सन प्रमुख फसल शामिल अछि, ओकर उत्पादन 161.2 करोड़ टन रहबाक अनुमान अछि। यूरोपीय संघ आ अमेरिका मे गरम आ शुष्क मौसिम फसिलक उपज कें लए कए चिंता बढ़ा देने अछि। अर्थात, कतहु अनुकूल मौसिम उत्पादन कें सहारा दए रहल अछि, तं कतहु भीषण गर्मी आ सुखाड़ फसिलक उपज कें कमजोर कए रहल अछि। धानक मामिला मे भारतक स्थिति वैश्विक खाद्य बाजार लेल महत्त्वपूर्ण अछि। एफएओ 2026 मे वैश्विक धान उत्पादन 55.3 करोड़ टन रहबाक अनुमान व्यक्त कयने अछि। भारत मे मानसूनी वर्षाक असमान वितरण धानक उत्पादनक संभावना कें कमजोर कयने अछि। जापान आ नेपाल मे उत्पादन बढ़बाक अनुमान सं एहि कमी कें किछु हद धरि पूरा होयबाक आशा अछि। मुदा भारत मे धानक उपज घटल तं ओकर असरि अंतरराष्ट्रीय चाउर बाजार पर पड़ि सकैत अछि। भारत दुनियांक प्रमुख धान उत्पादक आ निर्यातक देश सभ मे सं एक अछि। एहि कारणें एतय वर्षाक असमान वितरण मात्र किसानक आमदनी आ स्थानीय बाजारक समस्या नहि, बल्कि अंतरराष्ट्रीय खाद्य आपूर्तिक सवाल सेहो अछि।



**अल नीनो सं धानक उपज पर बढ़ल खतरा** : आगामी मास सभ मे मौसिमक अनिश्चितता खाद्य सुरक्षाक लेल पैघ चुनौती बनि सकैत अछि। एफएओक अनुसार, दक्षिण आ दक्षिण-पूर्व एशिया मे अल नीनो केर असर धानक पैदावार पर पड़ि सकैत अछि। अल नीनोक स्थिति मे वैश्विक स्तर पर चाउरक उपज सामान्य अनुमानक तुलना मे औसतन 1 सं 1.5 प्रतिशत धरि कम रहि सकैत अछि। एकर विपरीत, गहुम आ मक्काक उपज सामान्य स्तरक आसपास रहबाक संभावना अछि, जखन कि सोयाबीनक उत्पादन सामान्य रुझान सं 1.5 सं 2 प्रतिशत बेसी भए सकैत अछि। मजबूत अल नीनो घटनाक समय उपज पर पड़यबला असरक अनुमान अपेक्षाकृत बेसी स्पष्ट रहैत अछि। कमजोर अल नीनोक स्थिति मे उत्पादन मे उतार-चढ़ाव बेसी देखल जा सकैत अछि। एहि सं स्पष्ट अछि जे जलवायु आ मौसिम आब मात्र किसानक चिंता नहि रहि गेल अछि। एकर असरि वैश्विक खाद्य बाजार होइत उपभोक्ताक भनसा घर धरि पहुंचैत अछि।

**सितंबर मे लगातार तेसर मास बढ़ल खाद्य मूल्य** : अनाज उत्पादन मे गिरावटक अनुमान एहन समय मे आयल अछि, जखन वैश्विक खाद्य मूल्य पहिनहि दबाव मे अछि। एफएओक अनुसार, सितंबर 2026 मे वैश्विक खाद्य मूल्य सूचकांक 136 अंक पर पहुंचि गेल। ई अगस्तक तुलना मे 2 अंक अर्थात 1.5 प्रतिशत बेसी अछि। सितंबर 2025 केर तुलना मे सेहो खाद्य मूल्य मे 5.8 प्रतिशत वृद्धि दर्ज कयल गेल। मुदा ई सूचकांक मार्च 2022 केर रिकॉर्ड स्तर सं एखनो 15.1 प्रतिशत नीचा अछि। लगातार तेसर मास मूल्य बढ़ब ई बतबैत अछि जे खाद्य बाजार पर दबाव एखनो बनल अछि। काला सागर क्षेत्र मे व्यापार आ माल ढुलाइक बाधा, समुद्री परिवहनक अनिश्चितता आ एशिया, अमेरिका तथा दक्षिण अमेरिका मे मौसिम संबंधी खतरा खाद्य आपूर्ति श्रृंखला कें प्रभावित कए रहल अछि।

**अनाजक भंडार आ कारोबार पर सेहो असरि** : एफएओ 2026-27 मे वैश्विक अनाज उपयोग 296.6 करोड़ टन रहबाक अनुमान व्यक्त कयने अछि। 2027 मे मौसिमक अंत धरि वैश्विक अनाज भंडार करीब 95 करोड़ टन रहबाक संभावना अछि। वैश्विक अनाज भंडार-उपयोग अनुपात 2026-27 केर अंत मे 31.7 प्रतिशत रहबाक अनुमान अछि, जे पिछला मौसिमक 32 प्रतिशत सं किछु कम अछि। अंतरराष्ट्रीय स्तर पर धानक व्यापार 2026 मे 2.2 प्रतिशत घटबाक अनुमान अछि, हालांकि 2027 मे एहि मे 1.7 प्रतिशत वृद्धि होयबाक आशा अछि। आइ खाद्य बाजार पर पड़यबला दबावक पाछां कतेको कारण एक-दोसरा सं जुड़ल अछि। कतहु गर्मी आ सुखाड़ फसिल कें नोकसान पहुंचा रहल अछि, कतहु असमान बरखा उत्पादन घटा रहल अछि, तं कतहु युद्ध आ परिवहन बाधा अनाज कें बाजार धरि पहुंचेबाक लागति बढ़ा रहल अछि। एहन परिस्थिति मे खाद्य मूल्य मे मामूली वृद्धि सेहो ओहि परिवार लेल पैघ चिंता बनि जाइत अछि, जिनकर आमदनीक अधिकांश हिस्सा भोजन पर खर्च होइत अछि। मासक अंत मे राशनक बजट कम पड़ि सकैत अछि। परिवार कें दालि, फल, दूध आ तरकारीक मात्रा घटाबय पड़ि सकैत अछि। पौष्टिक भोजनक बदला सस्ता विकल्प चुनय पड़ि सकैत अछि। एहि कारणें वैश्विक अनाज उत्पादन मे 2.1 प्रतिशत गिरावट आ खाद्य मूल्य मे 1.5 प्रतिशत मासिक वृद्धि मात्र आंकड़ा नहि अछि। एहि मे किसानक अनिश्चित आमदनी, मौसिमक मारि झेलैत फसिल, महग परिवहन आ लाखो परिवारक भानसक बजट जुड़ल अछि। जलवायु संकटक एहि दौर मे खाद्य सुरक्षाक चुनौती आरो गंभीर भए रहल अछि। आब सवाल मात्र ई नहि अछि जे दुनियां मे पर्याप्त अनाज उपलब्ध अछि वा नहि। असली सवाल ई अछि जे बदलैत मौसिम, बढ़ैत दाम आ बाधित आपूर्ति व्यवस्थाक बीच प्रत्येक परिवार धरि पर्याप्त आ पौष्टिक भोजन पहुंचि सकत वा नहि।

दोसर दिस, सितंबर 2026 मे वैश्विक खाद्य मूल्य मे लगातार तेसर मास बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल अछि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे मौसिम, जलवायु संकट, उत्पादन मे उतार-चढ़ाव आ अंतरराष्ट्रीय परिवहन व्यवस्था खाद्य बाजार पर एक संग दबाव बढ़ा रहल अछि। एफएओक नवका आकलनक अनुसार, 2026 मे दुनियां भरि मे कुल 297.9 करोड़ टन अनाजक उत्पादन होयबाक अनुमान अछि। ई 2025 केर तुलना मे 2.1 प्रतिशत कम अछि। मुदा उत्पादन मे गिरावट अयलाक बादो ई अखन धरिक दोसर सब सं पैघ वैश्विक अनाज उत्पादन होयत। एकरा सं पहिने 2025 मे रिकॉर्ड उत्पादन भेल छल। गहुमक उत्पादनक अनुमान बढ़ा कए 81.4 करोड़ टन कयल गेल अछि। ऑस्ट्रेलिया मे मौसिमक स्थिति सुधरलाक कारण गहुमक उपज नीक रहबाक आशा अछि। मुदा मोट अनाज, जाहि मे मकई सन प्रमुख फसल शामिल अछि, ओकर उत्पादन 161.2 करोड़ टन रहबाक अनुमान अछि। यूरोपीय संघ आ अमेरिका मे गरम आ शुष्क मौसिम फसिलक उपज कें लए कए चिंता बढ़ा देने अछि। अर्थात, कतहु अनुकूल मौसिम उत्पादन कें सहारा दए रहल अछि, तं कतहु भीषण गर्मी आ सुखाड़ फसिलक उपज कें कमजोर कए रहल अछि। धानक मामिला मे भारतक स्थिति वैश्विक खाद्य बाजार लेल महत्त्वपूर्ण अछि। एफएओ 2026 मे वैश्विक धान उत्पादन 55.3 करोड़ टन रहबाक अनुमान व्यक्त कयने अछि। भारत मे मानसूनी वर्षाक असमान वितरण धानक उत्पादनक संभावना कें कमजोर कयने अछि।

# रूस सं डीजल कीनताह ट्रंप, जेलेंस्की भेलाह आगि-बबूला

नीरज कुमार

अमेरिकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप रूस सं डीजल कीनबाक निर्णय लए कए अपन दोहरापन उजागर कए देलनि अछि। भारत रूस सं तेल कीनैत अछि तं ओकरा पर 100 प्रतिशत टैरिफ लगेबाक धमकी देल जाइत अछि, मुदा अमेरिका स्वयं रूस सं डीजल कीनय तं एकरा राष्ट्रीय हित बताओल जाइत अछि। आखिर ई कोन नीति अछि, जाहि मे नियम दोसर देश लेल आ छूट अपना लेल अछि? भारत पर रूसी तेल नहि कीनबाक दबाव बनबयबला ट्रंप आब स्वयं रूस सं डीजल कीनबाक निर्णय लेने छथि। एहि निर्णय सं अंतरराष्ट्रीय राजनीति मे नव विवाद शुरू भए गेल अछि। ट्रंपक टटका निर्णय हुनकर कथनी आ करनीक बीचक अंतर कें स्पष्ट करैत अछि। रिपोर्टक अनुसार, ओ रूस सं तत्काल तीन लाख टन सं बेसी डीजल आपूर्तिक अतिरिक्त नवंबर मे पांच लाख टन, तकर बाद दस लाख टन आ फेर तीस लाख टन अतिरिक्त डीजल मंगयबाक घोषणा कयलनि। अमेरिकी प्रशासन रूसी डीजलक आपूर्ति सहज बनेबाक लेल अस्थायी अनुमति सेहो जारी कयलक अछि, जाहि अंतर्गत निर्धारित शर्त पूरा करयबला किछु माल पर अप्रैल 2027 धरि प्रतिबंध मे छूट देल जा सकैत अछि। गर करबाक बात अछि जे ई वएह प्रशासन अछि, जे रूसक युद्ध अर्थव्यवस्था पर दबाव बढ़ेबाक लेल प्रतिबंध कड़ा करबाक नीति अपनौने छल। मुदा अमेरिका मे ईंधनक दाम बढ़ल, किसान आ ट्रक चालक पर दबाव बढ़ल आ महगी सं जनता परेशान भेल, तं रूस सं ऊर्जा कीनब स्वीकार्य भए गेल। असल मे अमेरिका मे 3 नवंबर कें मध्यावधि चुनाव होमय जा रहल अछि। रिपोर्टक अनुसार, सितंबर मे अमेरिकी डीजलक दाम प्रति गैलन 6.52 डॉलरक रिकॉर्ड स्तर पर पहुंचि गेल छल आ शुक्रदिन लगभग 6.28 डॉलर रहल। सर्वेक्षण मे 78 प्रतिशत अमेरिकी नागरिक बढ़ैत जीवन-यापन खर्च लेल ट्रंपक नीति कें जिम्मेदार मानैत छथि। एहन परिस्थिति मे अमेरिकी मतदाताक रोष कम करब ट्रंप लेल जरूरी भए गेल



अछि। एहि लेल रूस सं डीजल कीनब राष्ट्रीय हित बनि गेल, मुदा भारतक ओही डेग पर टैरिफ लगाओल जाइत अछि। सवाल अछि जे रूस सं तेल कीनब गलत अछि वा गलत मात्र तखन, जखन भारत कीनैत अछि? ट्रंपक एहि निर्णय सं यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोदिमिर जेलेंस्की सेहो बिगड़ल छथि। ओ एहि डेग कें अनुचित आ बेइमानीपूर्ण बतौलनि आ कहलनि जे एहि सं रूसक राष्ट्रपति पुतिन के जन्मदिनक उपहार भेटबाक सन संदेश जाइत अछि। ई घोषणा ओहि समय भेल, जखन ट्रंपक प्रतिनिधि यूक्रेनी आ यूरोपीय अधिकारी सभक संग युद्ध समाप्त करबाक प्रस्ताव पर बात कए रहल छलाह। जेलेंस्कीक कहब छलनि जे जं ऊर्जा प्रतिबंध मे छूट रूस आ यूक्रेन दुनू दिस सं जाड़क मौसिम मे ऊर्जा ढांचा पर हमला रोकबाक पारस्परिक समझौता होइत, तं एकरा उचित मानल जा सकैत छल। मुदा एहन शर्तक बिना रियायत देब रूसक युद्ध क्षमता कें आर्थिक सहायता देबाक समान अछि। अमेरिकी रिपब्लिकन नेता डॉन बेकन सेहो निर्णयक आलोचना कयलनि। हुनकर तर्क छलनि जे अमेरिकी किसान आ उपभोक्ता लेल डीजल सस्ता करब जरूरी अछि, मुदा एहि लेल रूस सं ईंधन कीनब उचित बाट नहि अछि। ट्रंपक राजनीति कें दोसर विवादित पक्ष अंतरराष्ट्रीय संस्था सभक प्रति हुनकर रवैया अछि। अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायालयक पूर्व न्यायाधीश नावी पिल्लई कें नोबेल शांति पुरस्कार भेटलाक किछुए घंटाक बाद ट्रंप प्रशासन न्यायालयक विरुद्ध प्रतिबंधक घोषणा कयलक। अमेरिकी विदेशमंत्री मार्को रुबियो कहलनि जे अमेरिका अपन नागरिक पर अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायालयक अभियोजन स्वीकार नहि करत। प्रशासन न्यायालयक संग लेन-देन रोकबाक आ ओकर संसाधन बाधित करबाक मंशा सेहो साफ कयलक। न्यायालय एकरा कानूनक शासन आ अंतरराष्ट्रीय कानूनी व्यवस्थाक आधार पर हमला बतौलक। एतहु सवाल उठैत अछि जे की अंतरराष्ट्रीय कानून मात्र कमजोर देश आ विरोधी सभ पर लागू होयबाक चाही? की अमेरिका अपन नागरिक आ अधिकारी सभ कें अंतरराष्ट्रीय जवाबदेही सं ऊपर राखि सकैत अछि? ट्रंपक राजनीति मे राष्ट्रीय हित कहियो प्रतिबंध उचित ठहरेबाक आधार बनैत अछि तं कहियो ओही प्रतिबंध कें कमजोर करबाक बहन्ना। भारत लेल रूसी तेल ऊर्जा आ आर्थिक आवश्यकताक सवाल अछि, मुदा अमेरिका लेल ओही रूसी ऊर्जा घरेलू महंगाइ घटेबाक आ चुनावी नोकसान रोकबाक साधन बनि जाइत अछि।

# शक्तिक आराधना : मंत्र सं बेसी महत्त्व भावनाक अछि

महेंद्र तिवारी

भारतवर्ष पर्व-त्योहारक पावन भूमि अछि। एतय मनाओल जायबला प्रत्येक पर्वक अपन विशिष्ट आध्यात्मिक आ सांस्कृतिक महत्त्व अछि। एहि सभ पर्व मे शारदीय नवरात्रक स्थान अत्यंत विशिष्ट आ पवित्र मानल गेल अछि। नवक अर्थ नौ आ रात्रिक अर्थ राति होइत अछि। नौ राति आ दस दिनक ई पावन अवधि आदिशक्ति मां भगवतीक आराधनाक विशेष अवसर होइत अछि। नवरात्र मात्र व्रत वा उत्सव नहि, बल्कि मोन आ आत्माक शुद्धि तथा दैवीय शक्तिक संचयक दुर्लभ अवसर अछि। ई पर्व हमरा सभ कें अपन आंतरिक शक्ति कें जागृत करबाक आ अज्ञानतारूपी अन्हार मेटा ज्ञानक प्रकाश दिस बढ़बाक प्रेरणा दैत अछि। शारदीय नवरात्र बरखा ऋतुक समाप्ति आ शीत ऋतुक आरंभक समय अबैत अछि। एहि समय प्रकृति सेहो नव रूप मे सजि उठैत अछि आ वातावरण मे नव टटकापन आ पवित्रताक अनुभव होइत अछि। एहि नौ दिन मे मां दुर्गाक नौ अलग-अलग स्वरूपक उपासना कयल जाइत अछि। प्रत्येक स्वरूप अपन विशेष संदेश दैत अछि। माताक ई रूप हमरा सभ कें जीवनक विभिन्न परिस्थिति आ संघर्ष मे साहस, धैर्य, करुणा आ विजयक प्रेरणा दैत अछि। शक्तिक आराधनाक ई पर्व सिखबैत अछि जे सत्य आ धर्मक रक्षा लेल शक्तिक होयब आवश्यक अछि। ई शक्ति मात्र शारीरिक नहि, बल्कि मानसिक आ आध्यात्मिक सेहो होइत अछि। हिंदी मिलाप समाचारपत्रक आराम से स्तंभ मे देल गेल पूजन-विधिक अनुसार, नवरात्रक उपासना सरल, क्रमबद्ध आ भावपूर्ण अछि। कोनो शुभ काजक आरंभ विघ्नहर्ता भगवान श्रीगणेशक पूजा सं होइत अछि। नवरात्र मे सेहो सर्वप्रथम भगवान गजाननक स्मरण आ पूजन कयल जाइत अछि। साधक हाथ मे पवित्र जल, अक्षत अर्थात अखंड चाउर आ पुष्प लए संकल्प करैत छथि। संकल्प एकटा दृढ़ प्रतिज्ञा होइत अछि। साधक मां जगदंबा सं प्रार्थना करैत छथि जे हे माता, हम एहि पवित्र पूजन आ व्रतक माध्य मे अपन संकल्प पूरा करबाक लेल अहांक हृदय सं आह्वान करैत छी। तकर



बाद जल, अक्षत आ कुमकुम सं विधिपूर्वक पूजन आरंभ होइत अछि। पूजनक पहिल चरण माताक आह्वान आ ध्यान अछि। साधक आंखि मुनि मां भगवतीक दिव्य स्वरूपक ध्यान करैत छथि। ओहि समयक स्मरण कयल जाइत अछि, जखन भगवान विष्णु योगनिद्रा मे लीन छलाह आ माता प्रकट भए सृष्टिक रक्षाक लेल मधु आ कैटभ नामक राक्षसक वध कयने छलीह। ध्यानक उद्देश्य सांसारिक चिंता सं मोन हटाय माताक चरण मे एकाग्र करब अछि। ध्यानक बाद माता कें स्नान कराओल जाइत अछि। पहिने शुद्ध जल, तकर बाद पंचामृत सं प्रतिमा वा यंत्र कें स्नान कराओल जाइत अछि। पंचामृत गाय कें दूध, दही, घी, मधु आ शर्कराक मिश्रण होइत अछि। साधक श्रद्धापूर्वक पंचामृत अर्पित कए फेर शुद्ध जल सं स्नान करबैत छथि। एहि प्रक्रियाक बाद माताक श्रृंगार होइत अछि। सुंदर वस्त्र, उपवस्त्र, चंदन, सिंदूर आ सुगंधित पुष्पमाला अर्पित कयल जाइत अछि। ई श्रृंगार हमरा सभ कें जीवन मे सुंदरता, पवित्रता आ सद्गुण अपनेबाक संदेश दैत अछि। तकर बाद माता कें भोग लगाओल जाइत अछि। विभिन्न प्रकारक नैवेद्य, ऋतुफल आ मिष्टान्न अर्पित कयल जाइत अछि। धूप आ दीप जराकय माता कें देखाओल जाइत अछि। दीपक प्रकाश ज्ञानक प्रतीक अछि, जखन कि धूपक सुगंध प्रार्थनाक पवित्रता दर्शबैत अछि। ई अज्ञानता आ बुराइक अन्हार मेटेबाक प्रेरणा दैत अछि। पूजनक अंतिम चरण मे आरती, प्रदक्षिणा आ क्षमा-प्रार्थना कयल जाइत अछि। आरती मे कर्पूरक उपयोग होइत अछि। कर्पूर जरि पूर्णतः समाप्त भए जाइत अछि आ कोनो अवशेष नहि छोड़ैत अछि। ई प्रतीक अछि जे माताक चरण मे हमर अहंकार सेहो पूर्णतः विलीन भए जाय। अंत मे साधक हाथ जोड़ि माता सं कहैत छथि जे हे माता, हमरा अहांक भक्तिक गहन ज्ञान नहि अछि आ ने हम कठिन मंत्र सभ जनैत छी। अपन अल्प बुद्धि आ सामर्थ्यक अनुसार जे पूजन कयलहुं, कृपया ओकरा स्वीकार करू आ हमर सभटा त्रुटि क्षमा करू। नवरात्र पूजनक मूल संदेश ई अछि जे मंत्र बिसरि गेलहुं वा कोनो सामग्री छूटि गेल, तैयो श्रद्धा आ भक्तिभाव मे कमी नहि होयबाक चाही। जगदंबा भक्तक असल भाव देखैत छथि। कर्मकांड सं बेसी महत्त्व हृदयक पवित्रता आ निष्कपट श्रद्धाक अछि। ई पर्व सामाजिक संदेश सेहो दैत अछि जे प्रत्येक स्त्री मे देवीस्वरूपक दर्शन करबाक चाही। नारीक सम्मान, हुनकर गरिमाक रक्षा आ समाज मे उचित स्थान देब – ई सभ देवीक असली आराधना अछि।

# नावी पिल्लई जे ताकतक समक्ष झुकबा सं केलनि मना

ललित

दुनियां भरि मे जखन युद्ध आ संघर्ष बढ़ि रहल अछि, तखन 2026 केर नोबेल शांति पुरस्कार न्याय आ अंतरराष्ट्रीय कानूनक महत्त्व पर फेर ध्यान आकृष्ट करैत अछि। दक्षिण अफ्रीकाक न्यायविद् आ भारतीय मूलक नवनेथम नावी पिल्लई कें ई प्रतिष्ठित सम्मान शांति आ अंतरराष्ट्रीय कानून कें बढ़ावा देबाक हुनकर प्रयास लेल देल गेल अछि। नार्वेजियन नोबेल समितिक 9 अक्टूबर 2026 कें पुरस्कारक औपचारिक घोषणा कयलनि। समितिक कहब छल जे पिल्लई युद्ध, मानवताक विरुद्ध अपराध आ नरसंहारक मामिला मे दोषी लोकनि कें जवाबदेह ठहरयबाक दिशा मे महत्त्वपूर्ण योगदान देलनि अछि। समिति हुनकर दीर्घ न्यायिक जीवन मे कानूनक सार्वभौमिक सिद्धांतक प्रति प्रतिबद्धता आ नैतिक दृढ़ताक विशेष रूप सं उल्लेख कयलक। हुनकर काज एहि विचार कें मजबूत करैत अछि जे स्थायी शांति लेल मात्र संघर्ष रोकब पर्याप्त नहि अछि, बल्कि न्याय सुनिश्चित करब आ अपराधी कें अपन कृत्यक जवाबदेह बनायब सेहो आवश्यक अछि।

## रंगभेदक विरोध सं शुरू भेल संघर्षक यात्रा

नावी पिल्लईक जन्म 23 सितंबर 1941 कें दक्षिण अफ्रीकाक डरबन मे भारतीय तमिल मूलक परिवार मे भेलनि। हुनकर बाल्यकाल ओहि रंगभेदपूर्ण व्यवस्थाक बीच बीतल, जाहि मे लोकनिक अधिकार आ अवसर नस्लक आधार पर सीमित कयल जाइत छल। पिल्लई कानून के अपन पेशा बनौलनि आ रंगभेदक विरोध करयबला लोकक पक्ष मे आवाज उठौलनि। अपन आरंभिक कानूनी जीवन मे ओ नेल्सन मंडेला आ रंगभेदक विरोध करयबला अन्य लोकक पक्ष मे पैरवी कयलनि। ओहि समयक अनुभव हुनकर आगूक न्यायिक जीवनक महत्त्वपूर्ण आधार बनल। समाज मे व्याप्त अन्याय आ भेदभावक विरुद्ध हुनकर संघर्ष ई देखबैत अछि जे कानून मात्र शासन चलयबाक साधन नहि, बल्कि पीड़ित आ वंचित लोकक अधिकारक रक्षा करबाक माध्यम सेहो अछि। एहि सोचक संग ओ आगू बढ़लीह आ दक्षिण अफ्रीका सहित अंतरराष्ट्रीय स्तर पर विभिन्न महत्त्वपूर्ण न्यायिक दायित्वक निर्वहन कयलनि।

## अंतरराष्ट्रीय न्याय व्यवस्था मे महत्त्वपूर्ण भूमिका

नावी पिल्लई दक्षिण अफ्रीकाक उच्च न्यायालय आ रवांडा लेल गठित अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायाधिकरण मे न्यायाधीशक रूप मे काज कयलनि। ओ एहि न्यायाधिकरणक अध्यक्ष सेहो



एहि पद पर रहैत हुनकर काज मानवाधिकारक रक्षा, अंतरराष्ट्रीय कानूनक पालन आ गंभीर अपराध करयबला लोकनि कें जवाबदेह बनेबाक प्रयास सं जुड़ल रहल। रवांडा नरसंहार सं संबंधित मुकदमा सभ मे हुनकर न्यायिक भूमिका विशेष महत्त्व रखैत अछि। एहि मुकदमा सभ मे यौन हिंसा आ नरसंहार सन गंभीर अपराधक कानूनी व्याख्या कें आगू बढ़ेबाक दिशा मे महत्त्वपूर्ण योगदान देल गेल। एहन मामिला सभ अंतरराष्ट्रीय न्याय व्यवस्थाक लेल ई स्पष्ट करबाक आधार बनल जे युद्ध आ सामूहिक हिंसाक समयो मानवाधिकारक उल्लंघन कें अनदेखा नहि कयल जा सकैत अछि। पिल्लईक न्यायिक जीवन एहि बातक उदाहरण अछि जे कानूनक शासन स्थापित करबाक लेल निष्पक्ष न्याय, साहस आ नैतिक दृढ़ता कतेक आवश्यक अछि। हुनकर योगदान अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पीड़ित लोकनि कें न्याय देबाक प्रयास के सेहो बल प्रदान करैत अछि। नोबेल समितिक घोषणा मे अंतरराष्ट्रीय कानूनक भूमिका पर विशेष जोर देल गेल। कानून राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर एहन व्यवस्था बनबैत अछि, जाहि माध्य मे विवादक समाधान हिंसा आ संघर्षक बदला शांतिपूर्ण तरीका सं कयल जा सकैत अछि। मुदा वर्तमान समय मे अंतरराष्ट्रीय कानूनक व्यवस्था पर निरंतर दबाव बनल अछि। जखन शक्तिशाली देश वा नेता कानूनक प्रति अपन जवाबदेही सं बचबाक प्रयास करैत छथि, तखन वैश्विक स्थिरता, परस्पर विश्वास आ शांतिपूर्ण सह-अस्तित्व कमजोर पड़ैत अछि।

रहलीह। एकर अतिरिक्त, अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायालय (आईसीसी) मे सेहो ओ न्यायिक दायित्व निभौलनि। संयुक्त राष्ट्र संघक मानवाधिकार उच्चायुक्तक रूप मे सेहो हुनकर भूमिका महत्त्वपूर्ण रहल। एहि पद पर रहैत हुनकर काज मानवाधिकारक रक्षा, अंतरराष्ट्रीय कानूनक पालन आ गंभीर अपराध करयबला लोकनि कें जवाबदेह बनेबाक प्रयास सं जुड़ल रहल। रवांडा नरसंहार सं संबंधित मुकदमा सभ मे हुनकर न्यायिक भूमिका विशेष महत्त्व रखैत अछि। एहि मुकदमा सभ मे यौन हिंसा आ नरसंहार सन गंभीर अपराधक कानूनी व्याख्या कें आगू बढ़ेबाक दिशा मे महत्त्वपूर्ण योगदान देल गेल। एहन मामिला सभ अंतरराष्ट्रीय न्याय व्यवस्थाक लेल ई स्पष्ट करबाक आधार बनल जे युद्ध आ सामूहिक हिंसाक समयो मानवाधिकारक उल्लंघन कें अनदेखा नहि कयल जा सकैत अछि। पिल्लईक न्यायिक जीवन एहि बातक उदाहरण अछि जे कानूनक शासन स्थापित करबाक लेल निष्पक्ष न्याय, साहस आ नैतिक दृढ़ता कतेक आवश्यक अछि। हुनकर योगदान अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पीड़ित लोकनि कें न्याय देबाक प्रयास के सेहो बल प्रदान करैत अछि।

## शांति लेल कानून आ जवाबदेही किएक आवश्यक?

नोबेल समितिक घोषणा मे अंतरराष्ट्रीय कानूनक भूमिका पर विशेष जोर देल गेल। कानून राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर एहन व्यवस्था बनबैत अछि, जाहि माध्य मे विवादक समाधान हिंसा आ संघर्षक बदला शांतिपूर्ण तरीका सं कयल जा सकैत अछि। मुदा वर्तमान समय मे अंतरराष्ट्रीय कानूनक व्यवस्था पर निरंतर दबाव बनल अछि। जखन शक्तिशाली देश वा नेता कानूनक प्रति अपन जवाबदेही सं बचबाक प्रयास करैत छथि, तखन वैश्विक स्थिरता, परस्पर विश्वास आ शांतिपूर्ण सह-अस्तित्व कमजोर पड़ैत अछि। एहन परिस्थिति मे न्यायिक संस्थाक स्वतंत्रता आ निष्पक्षताक महत्त्व आरो बढ़ि जाइत अछि। कानून तखने प्रभावकारी भए सकैत अछि, जखन ओकर सिद्धांत सभ पर समान रूप सं लागू हो आ गंभीर अपराधक शिकार भेल लोक कें न्याय भेटबाक आशा बनल रहय। न्यायालयक विश्वसनीयता एहि बात पर निर्भर करैत अछि जे ओ बिना कोनो भेदभावक न्याय करय आ शक्तिशाली आ कमजोर, दुनू लेल कानूनक समान मानदंड लागू करय। जं अपराध करयबला व्यक्ति वा संस्था अपन शक्ति आ प्रभावक बल पर दंड सं बचि जाइत अछि, तं न्याय व्यवस्था पर लोकक विश्वास कमजोर पड़ैत अछि।

## स्थायी शांतिक आधार अछि न्याय

नावी पिल्लई कें देल गेल नोबेल शांति पुरस्कार एहि संदेश कें प्रमुखता सं सोझां अनैत अछि जे न्याय, मानवाधिकार आ कानूनक सम्मान स्थायी शांतिक लेल अनिवार्य अछि। हुनकर दीर्घ न्यायिक जीवन एहि बातक स्मरण करबैत अछि जे हिंसा आ अन्याय सं प्रभावित लोकक लेल स्वतंत्र न्यायिक संस्था आशाक महत्त्वपूर्ण आधार होइत अछि। शांति स्थापित करबाक अर्थ मात्र युद्धविराम करायब वा संघर्ष रोकब नहि होइत अछि। वास्तविक शांति तखन स्थापित होइत अछि, जखन पीड़ित लोकनि कें न्याय भेटय, अपराध करयबला लोक कें अपन कृत्यक उत्तर देबय पड़य आ भविष्य मे एहन अपराधक पुनरावृत्ति रोकबाक लेल प्रभावकारी व्यवस्था बनाओल जाय। देखल जाय तं ई सम्मान मात्र एकटा न्यायविदक योगदानक पहिचान नहि, बल्कि संपूर्ण विश्व लेल एकटा महत्त्वपूर्ण संदेश सेहो अछि। ई संसार कें स्मरण दिआबैत अछि जे शक्तिक प्रदर्शन सं स्थायी शांति स्थापित नहि भए सकैत अछि। शांतिक मजबूत आधार न्याय, जवाबदेही आ कानूनक समान सम्मान पर टिकल रहैत अछि।

# केंद्रक राजनीति मे हलचल बीच चिराग आ मांझी कियैक तकैत छथि अलग बाट?

**पटना/समदिया**

केंद्रक राजनीति मे मचल हलचलि बीच एनडीएक सहयोगी दल 'भेद बला गठबंधन'क बाट पर चलैत देखाइ दैत छथि। बिहारक राजनीति सेहो एहि सं अछूता नहि अछि। राजनीतिक गलियारा मे चर्चा अछि जे एनडीए भीतर किछु एहन दल अछि, जे अपन राजनीति आ रणनीति एहि तरहें बनबैत अछि, जाहि सं गठबंधनक राजनीति पर कोनो ने कोनो रूप मे असर पड़ैत अछि। ई एहन परिस्थिति होइत अछि, जाहि मे बिना बेसी कठिनाइ के राजनीतिक दल अपन रुख बदलि सकैत अछि। आउ, बुझबाक कोशिश करैत छी जे केंद्र सरकारक कोन-कोन निर्णय सहयोगी दल सभके असहज कयलक अछि। 10 अक्टूबर 2026 के कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) द्वारा जंतर-मंतर पर प्रस्तावित प्रदर्शन रोकबाक लेल जे प्रयास कयल गेल, तकरा लोकतंत्र मे विश्वास रखनिहार लोक सभ पसंद नहि कयलनि। एहन देखल गेल जे लोक सभ सीजेपीक आंदोलन के नैतिक समर्थन दैत छलाह। रेलवे बोर्ड दिल्ली आबय-जाय बला चुनिंदा मेल आ एक्सप्रेस ट्रेन सभके भोर 4:00 बजे सं दुपहर 2:00 बजे धरि रद्द कए देलक। एहि निर्णय सं केंद्र सरकार के राजनीतिक रूप सं लाभ होयबाक बदला आलोचनाक सामना करय पड़ल। एहि बीच केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान सेहो सरकारक एहि कदमक आलोचना कयलनि। ओ कहलनि जे ई देशक युवा छथि, हुनका केओ रोकि नहि सकैत अछि आ युवाक आवाज पर कोनो प्रतिबंध नहि लगाओल जा सकैत अछि। भारत दुनिया के सबस पैघ लोकतंत्र अछि आ शांतिपूर्ण प्रदर्शन करब सभक अधिकार अछि।

### धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफा

25 जुलाई 2026 के शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफा सं सरकारक कमजोरी फेर सामने अयबाक दावा कयल गेल। एकर पाछू नीट-यूजी (नीट-यूजी 2026) परीक्षा मे अनियमितता आ प्रश्नपत्र लीक होयबाक मामिला छल। प्रश्नपत्र लीक के विरोध मे देश भरि मे छात्र सभक व्यापक प्रदर्शन भेल। बाद मे दिल्लीक






जंतर-मंतर पर चलल आंदोलन सेहो सरकार पर दबाव बढ़ौलक। अंततः प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सलाह पर राष्ट्रपति धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफा स्वीकार कयलनि आ शिक्षा मंत्रालयक अतिरिक्त प्रभार केंद्रीय मंत्री प्रह्लाद जोशी के सौंपल गेल। छात्र सभक व्यापक प्रदर्शन आ जंतर-मंतर पर चलल आंदोलनक असर विपक्षी दल सभ पर सेहो पड़ल। खास कए कांग्रेस के ताकत भेटल आ सदन सं सड़क धरि जोरदार विरोध देखबाक लेल भेटल। कांग्रेस फेर सक्रिय होइत देखाइ देलक।

### किसान आंदोलनक मांग मानय पड़ल

भारत मे किसान आंदोलनक इतिहास मे एहन उदाहरण रहल अछि, जखन सरकार के आंदोलनकारी सभक मांग मानय पड़ल। एकर सबस प्रमुख आ हालक उदाहरण 2020-2021क ऐतिहासिक किसान आंदोलन अछि। केंद्र सरकार द्वारा पारित तीन कृषि कानूनक विरोध मे नवंबर 2020 मे पंजाब, हरियाणा आ पश्चिमी उत्तर प्रदेशक हजारो किसान दिल्लीक सीमा–सिंघु, टिकरी आ गाजीपुर–पर डेरा जमा लेने छलाह। किसान सभक माननाइ छलनि जे एहि कानून सभ सं न्यूनतम समर्थन मूल्य (एमएसपी) व्यवस्था समाप्त भए जाएत आ खेती पैघ-पैघ कॉरपोरेट घराना सभक हाथ मे चलि जाएत। एक साल सं बेसी समय धरि चलल विरोध प्रदर्शन मे किसान सभ कड़ाके के ठंड, बरखा आ गर्मी सहलनि।

अंततः सरकार के अपन निर्णय वापस लेबाक पड़ल। 19 नवंबर 2021 के गुरु नानक जयंतीक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी देशक नाम संबोधन मे तीनू कृषि कानून वापस लेबाक घोषणा कयलनि। संसदक शीतकालीन सत्र मे एहि कानून सभके औपचारिक रूप सं रद्द कए देल गेल। ई केंद्र सरकार लेल पहिल पैघ झटका मानल गेल। हालांकि, एकर बाद केंद्र सरकार अपन रुख बेसी सख्त कयलक।

### आपसी मतभेद सेहो एकटा कारण

भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) के केंद्रीय नेतृत्व मे बदलाव आ आपसी मतभेदक खबरि सेहो सहयोगी दल सभके असहज कयलक। भाजपा के अपन दम पर बहुमत नहि भेटबाक स्थिति मे कहियो नीतीश कुमार तं कहियो चंद्रबाबू नायडू नाराज छथि, एहन खबरि सामने अबैत रहल। एहि सभ बात सहयोगी दल सभक चिंता बढ़ौलक। विपक्षी दल सभ भाजपा मे नव संगठनात्मक ढांचा आ वैचारिक प्राथमिकता के लए लगातार सवाल उठबैत रहल अछि। चर्चा ईहो अछि जे पार्टीक शीर्ष नेतृत्व आ राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक बीच वैचारिक दिशा आ संगठनात्मक नियुक्ति के लए भीतर-भीतर गंभीर विचार-विमर्श आ मतभेद होइत रहल अछि।

कांग्रेसक आरोप अछि जे भाजपा मे संवादक कमी आ आंतरिक कलहक कारण शासन आ नीतिक क्रियान्वयन प्रभावित भए रहल अछि। मुदा भाजपा के शीर्ष नेतृत्व पार्टी मे कोनो तरहक मतभेद वा कमजोरीक खबरि के लगातार खारिज करैत रहल अछि।

### बयान दए दबाव किएक बनबैत अछि लोजपा आ हम?

दरअसल, एहि परिस्थिति सभक बीच लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास), हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा जेहन सहयोगी दल अपन बयान सभक माध्यम सं दबाव बनबैत छथि। एकर पाछू एकटा संभावित राजनीतिक गणित ई मानल जाइत अछि जे जं कोनो कारणवश वर्तमान सरकार गिरि जाइत अछि, तखन नव सरकार मे सेहो हुनकर दलक भागीदारी बनल रहय। जं सचमुच सरकार गिरैत अछि आ नव सरकार बनेबाक स्थिति अबैत अछि, तखन एहि दल सभक सांसद वा विधायक मंत्री बनेबाक दौड़ मे रहि सकैत छथि। लोजपाक राजनीतिक इतिहास रहल अछि जे ओ यूपीए आ एनडीए दुनू गठबंधनक संग सरकार मे शामिल रहल अछि। हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा (सेक्युलर) के संस्थापक अध्यक्ष जीतन राम मांझी के सेहो अवसर भेटला पर गठबंधन सरकार मे शामिल होयबाक संभावना रहैत अछि। मांझीक राजनीतिक पृष्ठभूमि पर नजरि देल जाए तं ओ मूल रूप सं कांग्रेस सं जुड़ल रहल छथि। एहि कारण सहयोगी दल सभक बयान आ राजनीतिक गतिविधि के मात्र वर्तमान गठबंधन तक सीमित नहि, बल्कि भविष्यक राजनीतिक संभावना सभक संदर्भ मे सेहो देखल जा रहल अछि।

# बिहार एमएलसी चुनाव : मतदान सं पहिने विद्यालय प्रबंधन समिति सभ पर नजरि

विधान परिषद चुनाव लेल विधायक आब विद्यालय प्रबंधन समितिसभक माध्यम सं शिक्षक आ स्नातक मतदाता सभ धरि पहुंच बनाबि रहल छथि। शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं विधान परिषद पहुंचबाक तैयारी कए रहल जनप्रतिनिधि आ संभावित उम्मीदवार सभक नजरि आब 23 अक्टूबर कें होबय बला मतदान सं पहिने विद्यालय प्रबंधन समिति सभ पर अछि। एनडीए मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक निर्देशक बाद एहि समितिसभक माध्यम सं एकमुश्त मतदाता सभ धरि पहुंच बनयबाक रणनीति तैयार

**सीएम सम्राट चौधरी विधायक सभ कें सौंपलनि जिम्मेदारी**

कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री एनडीए विधायक सभके एहि लेल जिम्मेदारी सौंपने छथि। एकर अंतर्गत विधायक अपन क्षेत्रक विद्यालय सं जुड़ल मुद्दा, शिक्षक सभक लेल सरकारक उपलब्धि आ शिक्षा व्यवस्था मे सुधार संबंधी सवाल सभके प्रमुखता सं उठा रहल छथि।

मानल जा रहल अछि जे स्नातक आ शिक्षक मतदाता सभक बीच संपर्क बढ़ेबाक ई प्रयास चुनावक दृष्टि सं महत्वपूर्ण होयत। उल्लेखनीय अछि जे स्नातक मतदाता सभक प्रभाव बला



औसतन 250 सं 275 विद्यालय पर सीधा तौर पर एक विधायकक प्रभाव रहैत अछि। पिछला उपचुनाव मे स्नातक क्षेत्र मे सेहो शिक्षक मतदाता सभक महत्वपूर्ण भूमिका रहल छल। ओतहि शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक राजनीति मे मतदाता सभ सं सीधा संवाद आ हुनकर समस्या सभक समाधान करबाक भरोस महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि स्थिति मे विद्यालय प्रबंधन समिति सभ जनप्रतिनिधि सभक लेल स्थानीय स्तर पर संवादक माध्यम बनि सकैत अछि।

विद्यालय सभ मे आधारभूत सुविधाक कमी, शिक्षक सभक उपलब्धता, भवन निर्माण, विद्यार्थी सभक उपस्थिति आ शैक्षणिक गुणवत्ताक मुद्दा सभक माध्यम सं जनप्रतिनिधि शिक्षक आ विद्यालय सं जुड़ल लोक सभक संपर्क मे आबि रहल छथि। मुख्यमंत्री स्पष्ट रूप सं सभ विधायक सभ सं अपन क्षेत्र मे रहबाक आ मतदाता सभ सं संपर्क बढ़ेबाक अपील कयने छथि। शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे चुनावी समीकरण मात्र राजनीतिक दल सभक समर्थन सं तय नहि होइत अछि।

उम्मीदवारक व्यक्तिगत छवि, शिक्षक सभक बीच सक्रियता, हुनका सभक समस्या पर उठाओल गेल कदम आ संगठनात्मक संपर्क सेहो महत्वपूर्ण होइत अछि। एहि स्थिति मे विधायक विद्यालय प्रबंधन समितिसभक माध्यम सं चुनावी नैया पार लगयबाक प्रयास कए सकैत छथि। मुदा चुनावी रणनीति अंतर्गत शिक्षक सभ सं संपर्क बढ़ेबाक प्रयासक बीच ईहो महत्वपूर्ण रहत जे विद्यालयक समिति सभ अपन शैक्षणिक दायित्व पर केंद्रित रहथि। शिक्षक मतदाता सभक समर्थन प्राप्त करबाक लेल जनप्रतिनिधि सभक लेल शिक्षा व्यवस्था मे सुधार आ शिक्षक सभक वास्तविक समस्या सभक समाधान करबाक ठोस पहल एकटा चुनौती बनि सकैत अछि। स्थानीय स्तर पर कतेको विधायक सभक विरुद्ध शिक्षक सभ मे नाराजगी सेहो अछि। हालांकि, ओ सभ खुलि कए अपन नाराजगी व्यक्त नहि कए रहल छथि।

# पूर्वांचल आ अवध मे कमजोर बूथ सभ कें मजबूत करबा मे जुटल भाजपा

## की अछि नव रणनीति

उत्तर प्रदेश मे 2027 के विधानसभा चुनाव एखन भले दूर देखाइ दैत हो, मुदा भारतीय जनता पार्टी अपन कमजोर पक्ष सभके मजबूत करबाक काज तेजी सं शुरू कए देने अछि। पार्टीक खास ध्यान पूर्वांचल आ अवध क्षेत्र पर अछि, जतय हालक लोकसभा चुनाव मे ओकरा नीक–खासा नोकसान उठाबय पड़ल छल। एहि इलाका सभ मे लगातार समीक्षा बैठक कयल जा रहल अछि, जाहि सं कमी सभके समय रहैत दूर कयल जा सकय। ओतहि पश्चिमी उत्तर प्रदेश मे राष्ट्रीय लोक दल (आरएलडी) संग गठबंधन भेलाक बाद भाजपा अपन पकड़ आओर मजबूत बनौने रखबाक प्रयास मे जुटल अछि। लोकसभा चुनाव मे झटका लगलाक बाद भाजपा के प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े लगातार पूर्वांचल आ अवधक जिला सभक दौरा कए रहल छथि। गोरखपुर, अयोध्या, वाराणसी आ सुल्तानपुर मे बैठक सभक माध्यम सं स्थानीय विधायक सभक काजकाज आ जनता मे नाराजगीक आकलन कयल जा रहल अछि। पार्टीक लक्ष्य चुनाव सं पहिने संगठन के फेर एकजुट करब आ मतदाता सभ सं सीधा संवाद स्थापित करब अछि। एहि क्रम मे पार्टीक वरिष्ठ नेता सभक दौरा सेहो लगातार जारी अछि, जाहि सं कार्यकर्ता सभ मे नव उत्साह भरल जा सकय।



**18,900 कमजोर बूथ पर फेर सक्रिय होयत पन्ना प्रमुख व्यवस्था :** हालक चुनाव परिणामक विश्लेषणक बाद भाजपा करीब 18,900 एहन बूथ चिन्हित कयने अछि, जतय 2022 मे पार्टी मजबूत स्थिति मे छल, मुदा 2024 मे ओकर प्रदर्शन कमजोर भए गेल। एहि मे लगभग 80 प्रतिशत बूथ ग्रामीण इलाका मे अछि। एहि बूथ सभ पर फेर जीत हासिल करबाक लेल रणनीति तैयार कयल गेल अछि। पार्टी पन्ना प्रमुख व्यवस्थाके फेर सक्रिय कए रहल अछि। एहि व्यवस्था मे मतदाता सूचीक प्रत्येक पन्नाक जिम्मेदारी एक गोट कार्यकर्ता के देल जाइत अछि। आब पार्टी चुनावक समय मात्र सक्रिय होयबाक बदला साल भरि जनता सभक बीच रहबाक आ हुनका सभक समस्या सुनबाक रणनीति पर जोर दए रहल अछि।

**पूर्वांचल आ अवधक आंकड़ा बढ़ौलक पार्टीक चिंता :** पूर्वांचल मे 2017 के विधानसभा चुनाव मे भाजपा 130 मे सं 115 सीट जीतने छल। मुदा 2022 मे ई संख्या घटि कए 77 रहि गेल, जखनकि समाजवादी पार्टीक प्रदर्शन तेजी सं बढ़ल। लोकसभा चुनाव मे सेहो पूर्वांचलक 27 सीट मे सं भाजपा मात्र 10 सीट जीत सकल। अवध क्षेत्रक बात करी तं 2019 के लोकसभा चुनाव मे भाजपा 15 सीट जीतने छल, मुदा 2024 मे ई संख्या घटि कए मात्र 7 रहि गेल। एहि घटैत आंकड़ा सभके देखैत पार्टी नेतृत्व आब कोनो खतरा लेबाक पक्ष मे नहि अछि।

# यूपी चुनाव : कांग्रेस लेल दुविधा बनल सपा सं गठबंधन?

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे आब मात्र चारि महीनाक समय बचल अछि। एहि सं पहिने पार्टीक शीर्ष नेतृत्व उत्तर प्रदेश कांग्रेस संगठन मे पैघ फेरबदल कयने अछि। एकर अंतर्गत आराधना मिश्रा के प्रदेश अध्यक्ष आ सहारनपुरक सांसद इमरान मसूद के कार्यकारी अध्यक्ष नियुक्त कयल गेल अछि। राज्य मे कांग्रेसक मात्र 2 विधायक छथि आ उत्तर प्रदेश मे पार्टीक वोट प्रतिशत लगभग 2.66 प्रतिशत अछि। दुनू विधायक मे एक आराधना मिश्रा छथि, जे राज्यसभा सांसद प्रमोद तिवारीक बेटी छथि। ओ रामपुर खास सीट सं तीन बेर विधायक चुनल गेल छथि। कांग्रेस ई बदलाव एहन समय मे कयने अछि, जखन विधानसभा चुनाव सं पहिने समाजवादी पार्टी (सपा) संग गठबंधन आ सीट बंटवारा पर बातचीत करबाक अछि।

**पुरान वोट बैंक कें फेर एकजुट करबाक कोशिश :** कांग्रेस संगठन मे कयल गेल पैघ बदलाव संकेत दैत अछि जे पार्टी ब्राह्मण, मुस्लिम आ अनुसूचित जाति (एससी) मतदाता सभके फेर अपन दिस आकर्षित करबाक प्रयास कए रहल अछि। ई ओहि मतदाता समूह सभ छथि, जे बहुत दिन धरि कांग्रेसक पारंपरिक वोट बैंक मानल जाइत छलाह। 5 दिसंबर 1989 के तत्कालीन जनता दल विधानसभा चुनाव जीतने छल। मुलायम सिंह यादव मुख्यमंत्री बनल छलाह आ एहि संग उत्तर प्रदेश मे कांग्रेस शासनक अंत भए गेल। तखन सं किछु अपवाद छोड़ि विधानसभा आ लोकसभा चुनाव मे कांग्रेसक प्रदर्शन आ वोट प्रतिशत लगातार घटैत रहल अछि।

**कतेको कारण सं बढ़ल विवाद :** उत्तर प्रदेशक विधानसभा आ लोकसभा चुनाव मे 1991 सं 2024 तकक आंकड़ा देखला पर पता चलैत अछि जे कतेको कारण सं कांग्रेस राज्यक राजनीति मे हाशिया पर चलि गेल। एहि मे संगठनक लगातार कमजोर होयब, समर्थक समूह सभक दूरी, नेता आ कार्यकर्ता सभक दोसर दल मे पलायन, बेर–बेर नेतृत्व मे बदलाव आ जमीनी स्तर पर संगठन बनयबाक बदला चुनावी गठबंधन पर बेसी निर्भरता शामिल अछि। 1991 के उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे कांग्रेस 425 सीट मे सं 413 सीट पर चुनाव लड़ने छल आ 46 सीट जीतबाक संग 17.32 प्रतिशत वोट हासिल कयने छल। ई राज्य मे ओकर बेहतरीन प्रदर्शन मे सं एक छल। 1993 मे समाजवादी पार्टी आ बहुजन समाज पार्टी (बसपा)क गठबंधनक समय कांग्रेसक सीट घटि कए 28 रहि गेल आ पार्टी के 15.08 प्रतिशत वोट भेटल।

**वोट बैंक 10 प्रतिशत सं नीचा पहुंचल :** 1996 मे पी.वी. नरसिम्हा राव कांग्रेसक शीर्ष नेतृत्व मे छलाह। ओहि समय कांग्रेस बसपा संग गठबंधन कए 126 सीट पर चुनाव लड़ल, जाहि मे ओकरा 33 सीट भेटल। मुदा पार्टीक वोट प्रतिशत मात्र 8.35 प्रतिशत रहल। एकर बाद कांग्रेसक वरिष्ठ नेता एन.डी. तिवारी पार्टी सं अलग भए अपन दल बना लेलनि। 1998 मे सोनिया गांधी कांग्रेसक कमान संभैरलनि, मुदा उत्तर प्रदेश मे पार्टीक चुनावी प्रदर्शन नीचले स्तर पर बनल रहल। कांग्रेस 2002 मे 25 सीट आ 8.99 प्रतिशत वोट, 2007 मे 22 सीट आ 8.84 प्रतिशत वोट हासिल कयलक। 2012 मे किछु सुधार भेल आ पार्टी 28 सीट जीतबाक संग 13.26 प्रतिशत वोट प्राप्त कयलक। ओहि चुनाव मे कांग्रेस अजीत सिंहक राष्ट्रीय लोक दल (आरएलडी) संग गठबंधन कए 355 सीट पर चुनाव लड़ने छल।



**2017 मे 103 सीट पर लड़ने छल कांग्रेस :** फरवरी–मार्च 2017 मे भेल विधानसभा चुनाव लेल कांग्रेस समाजवादी पार्टी (सपा) संग चर्चित गठबंधन कयने छल। जनवरी 2017 तक दुनू दलक बीच सीट बंटवारा पर बातचीत चलैत रहल आ एक समय गठबंधन टूटबाक कगार पर पहुंचि गेल छल। ओहि समय अखिलेश यादव मुख्यमंत्री छलाह आ पारिवारिक विवादक बाद सपा पर हुनकर नियंत्रण स्थापित भए गेल छल। एहि बातचीत मे मुलायम सिंह यादव, हुनकर सहयोगी अमर सिंह आ राजनीतिक रणनीतिकार प्रशांत किशोर सेहो शामिल छलाह। सोनिया गांधी अपन सहयोगी अहमद पटेलक माध्यम सं हस्तक्षेप कयलनि, तखन चुनाव सं ठीक पहिने सीट बंटवाराक आखरी फामूर्ला तैयार भेल। एहि मे सपा के 403 मे सं 298 सीट आ कांग्रेस के 105 सीट देल गेल।

**कतेको सीट पर भेल टकराव :** सीट बंटवारा के बादो दुनू सहयोगी दल किछु सीट पर एक–दोसरक विरुद्ध दोस्ताना मोकाबला कयने छल। संयुक्त चुनाव प्रचार मुख्य रूप सं राहुल गांधी आ अखिलेश यादवक किछुए रोड शो तक सीमित रहल। उत्तर प्रदेश मे विपक्षक नारा छल–यूपी को यह साथ पसंद है। कांग्रेस 114 सीट पर चुनाव लड़ल, मुदा मात्र 7 सीट जीत सकल। ओकर वोट प्रतिशत 6.25 प्रतिशत रहल, जखनकि सपा 47 सीट जीतलक। भाजपा 312 सीट जीतैत दुनू दल के पैघ भेद सं हरा देलक। 2022 के विधानसभा चुनाव मे कांग्रेस एकसर चुनाव लड़बाक निर्णय लेलक। पार्टी 399 सीट पर उम्मीदवार उतारलक, मुदा मात्र 2 सीट जीतलक आ ओकर वोट प्रतिशत 2.33 प्रतिशत रहल।

**लोकसभा चुनाव मे कांग्रेसक प्रदर्शन :** उत्तर प्रदेशक लोकसभा चुनावक परिणाम सेहो कांग्रेसक घटैत जनाधारक कहानी कहैत अछि। 1991 मे पार्टी 85 मे सं 5 सीट जीतलक आ 18.02 प्रतिशत वोट हासिल कयलक। 1996 मे 8.14 प्रतिशत वोटक संग 5 सीट भेटल। 1998 मे पार्टी एकोटा सीट नहि जीत सकल आ ओकर वोट प्रतिशत 6.02 प्रतिशत रहल। 1999 मे 14.72 प्रतिशत वोटक संग 10 सीट भेटल। 2004 मे 80 मे सं 9 सीट आ 12.04 प्रतिशत वोट भेटल। 2009 मे कांग्रेस 21 सीट जीतलक आ ओकर वोट प्रतिशत 18.25 प्रतिशत रहल। ई तीन दशक मे पार्टीक सबस नीक प्रदर्शन छल। मुदा 2014 मे पार्टी 7.53 प्रतिशत वोटक संग मात्र 2 सीट जीत सकल। 2019 मे 6.36 प्रतिशत वोटक संग एक सीट भेटल। 2024 के लोकसभा चुनाव मे कांग्रेस 6 सीट जीतलक। एहि मे अमेठी आ रायबरेली जेहन ओकर पारंपरिक गढ़ शामिल छल। पार्टी के 9.53 प्रतिशत वोट भेटल। ओहि चुनाव मे कांग्रेस सपा संग गठबंधन कयने छल आ सपा 80 मे सं 17 सीट कांग्रेस के देलक।

**उत्तर प्रदेश मे राजनीतिक वनवास :** राष्ट्रीय राजनीति पर लंबे समय तक प्रभुत्व बनौने रहल कांग्रेस उत्तर प्रदेश के अपन स्वाभाविक गढ़ मानैत छल। इंदिरा गांधीक हत्या के बाद 1985 मे पार्टी 269 विधानसभा सीट जीतने छल। मुदा 1989 मे ओकर सीट घटि कए 94 रहि गेल। तखन सं कांग्रेस राज्य मे फेर सरकार बनाबय मे सफल नहि भेल अछि। मंडल राजनीति, राम जन्मभूमि आंदोलन आ सपा–बसपा जेहन क्षेत्रीय दल सभक उभारक बाद कांग्रेस अपन पुरान सामाजिक आधार पर पकड़ कमजोर करैत गेल। एहि आधार मे उच्च जाति, मुस्लिम आ दलित मतदाता शामिल छलाह।

**कांग्रेसक वोट कोना बंटल :** एक दिस दलित मतदाता सभक पैघ हिस्सा बसपा दिस चलि गेल, तं दोसर दिस मुस्लिम समुदायक एकटा पैघ हिस्सा समयक संग सपा दिस एकजुट होइत गेल। कांग्रेसक कमजोर होयबाक बाद भाजपा उत्तर प्रदेश मे उच्च जातिक समर्थन मजबूत कयलक। भाजपा दोसर समुदाय सभ धरि पहुंच बना कए अपन सामाजिक आधार बढ़ौलक। ओतहि सपा आ बसपा सेहो अपन सामाजिक आधार के विस्तृत करबाक प्रयास कयलनि। मुदा कांग्रेस अपन घटैत जनाधार के रोकि नहि सकल आ संगठनक पुनर्निर्माण करबा मे विफल रहल। 1990 के दशक मे नियमित रूप सं 15–18 प्रतिशत वा एकर बेसी वोट पाबय बला कांग्रेसक वोट प्रतिशत बाद मे 10 प्रतिशत आ कखनो 5 प्रतिशत सं नीचा पहुंचि गेल। चुनावक समय कांग्रेसक दाबी आ वास्तविक तैयारीक बीचक भेद सेहो स्पष्ट देखाइत रहल। 2017 के चुनाव सं पहिने पार्टी 27 साल, यूपी बेहाल नारा देने छल आ कार्यकर्ता सभके कहल गेल छल जे कांग्रेस एकसर चुनाव लड़त। मुदा किछुए महीना मे पार्टी तत्कालीन सत्तारूढ़ सपा संग गठबंधन कए लेलक। एहि गठबंधन सं कांग्रेस के अपेक्षित सफलता नहि भेटल। 2022 के चुनाव सं पहिने प्रियंका गांधी लड़की हूं, लड़ सकती हूं अभियानक माध्यम सं पार्टी के फेर सक्रिय करबाक प्रयास कयलनि। मुदा चुनाव परिणाम मे कांग्रेस के खास लाभ नहि भेल।

### कांग्रेसक चुनौती बढ़ल

राज्य सभ मे संगठन के फेर मजबूत करबाक लेल कांग्रेस अपन सरकार पर निर्भर रहल अछि। मुदा 1990 के दशकक बाद केंद्र मे लगभग 15 साल सत्ता मे रहबाक बावजूद—1991–1996 आ 2004–2014–पार्टी उत्तर प्रदेश मे अपन संगठन के मजबूत नहि कए सकल। एकर परिणाम ई भेल जे ओकर कतेको नेता भाजपा वा आन दल सभ मे शामिल भए गेलाह। उत्तर प्रदेश मे कांग्रेस आब तक 13 प्रदेश अध्यक्ष बना चुकल अछि, मुदा हुनका सभ मे बहुत कम नेता राज्यक राजनीति पर उल्लेखनीय प्रभाव छोड़ि सकलाह। 2027 के विधानसभा चुनाव सं पहिने कांग्रेसक नव राज्य नेतृत्वक नियुक्ति एहन समय मे भेल अछि, जखन बसपाक जनाधार कमजोर होयबाक चर्चा अछि। कांग्रेसक एकटा गुट बसपा संग गठबंधन करबाक पक्ष मे सेहो रहल अछि। विपक्षक कथित वोट चोरी अभियानक नेतृत्व करैत रायबरेलीक सांसद राहुल गांधी अपन बहिन प्रियंका गांधी संग सड़क पर उतरि रहल छथि। एकरा कांग्रेसक बेसी आक्रामक राजनीतिक रणनीतिक संकेतक रूप मे देखल जा रहल अछि। हालांकि, कांग्रेस सपा संग गठबंधन कए चुनाव लड़बाक तैयारी मे अछि, मुदा पिछला चुनावक अनुभव बतबैत अछि जे गठबंधन सं भेटय बला लाभ सीमित वा अस्थायी रहि सकैत अछि। 1996 आ 2012 के विधानसभा चुनाव आ 2024 के लोकसभा चुनाव मे कांग्रेस के किछु लाभ जरूर भेल, मुदा दीर्घकालीन संगठनात्मक मजबूती आ स्वतंत्र जनाधार बनायब एखनहु पार्टी लेल पैघ चुनौती बनल अछि।

# कलश स्थापन लेल गंगाजल आनय गेल युवकक बाया नदी मे डूबि कए मृत्यु

## कष्टहरणी घाट पर स्नान करबाक दौरान भेल दुर्घटना

**विद्यापतिनगर/ समस्तीपुर, समदिया**

नवरात्रि मे कलश स्थापनाक तैयारीक बीच विद्यापतिनगर मे रविदिन एकटा हृदयविदारक घटना घटल। नवरात्रिक लेल स्नान करबाक आ गंगाजल लेबाक लेल बाया नदीक कष्टहरणी घाट पहुंचल 18 वर्षीय शुभम कुमारक नदी मे डूबि जयबाक कारण मृत्यु भए गेल। घटना थाना क्षेत्रक बाजिदपुर पंचायत स्थितकष्टहरणी घाट पर भेल। स्थानीय गोताखोर सभ घंटोक प्रयासक बाद नदी सं युवकक शव बाहर निकाललनि। घटनाक सूचना भेटिते परिजन घाट पर पहुंचलाह। शुभमक शव देखिते परिवार मे चीत्कार मचि गेल। मृतकक पहचान



दलसिंहसराय थाना क्षेत्रक कामराव गाम निवासी मनोज कुमार महतोक पुत्र शुभम कुमार (18) केर रूप मे कयल गेल अछि।

– **काकाक संग गंगाजल लेबाक लेल पहुंचल छल घाट** भेटल जानकारीक अनुसार, शुभम रविदिन नवरात्रि मे कलश स्थापनाक लेल स्नान करबाक आ गंगाजललेबाक लेल अपन चाचा सरोज महतोक संग ऑटो सं कष्टहरणी घाट पहुंचल छल। एहि दौरान बाया नदी मे स्नान करैत समय गहींर पानि मे चलि गेल आ डूबि गेल। युवकक नदी मे डूबबाक सूचना भेटिते घाटपर अफरा-तफरी मचि गेल। स्थानीय लोक आ गोताखोर सभ ओकर खोज शुरू

**» घंटो बाद भेटल शव, परिजनक पहुंचिते मचल चीत्कार**

कयलनि। घंटोक मशक्कतक बाद शव नदी सं बाहर निकालल गेल।

– **शव देखिते परिजन मे मचल चीत्कार**हादसाक सूचना भेटलाक बाद मृतकक परिजन घाट पर पहुंचलाह। शुभमक शव देखिते हुनकर रोइ-रोइकए बुरा हाल भए गेल। परिजनक चीत्कार सं घाट पर शोकक माहौल बनि गेल। नवरात्रि मे कलश स्थापनाक तैयारीक बीच परिवारक युवकक मृत्यु होयबाक कारण घर मे मातम पसरि गेल। जाहि शुभमक संग परिवार कें धार्मिक अनुष्ठानक तैयारी करबाक छल, तकर मृत्यु सं परिजन पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल।

– **पुलिस शव पोस्टमार्टम लेल पठेलक** घटनाक सूचना भेटिते विद्यापतिनगर थानाध्यक्ष सूरज कुमार घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस शवक पंचनामा तैयार कए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक। मृतकक बुआ सुनीता देवी बतौलनि जे शुभम अपन चाचा सरोज महतोक संग नवरात्रिक लेल स्नान करबाक आ गंगाजल लेबाकलेल घाट पहुंचल छल। एहि दौरान ई दुखद हादसा भए गेल।

# बालिका सभ कें हुनकर कानूनी अधिकारक प्रति कयल गेल जागरूक



**दरभंगा, समदिया**

अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर जिला विधिक सेवा प्राधिकार, दरभंगाक दिस सं बालिका गृह मे विधिक जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दौरान बालिका सभ कें हुनकर कानूनी अधिकार, संरक्षण आ सशक्तीकरण सं जुड़ल योजनासभक जानकारी देल गेल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत पनल अधिवक्ता मांडवी कुमारी राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण (नालसा) द्वारा बालिकासभक हित मे चलाओल जा रहल योजनासभक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे बालिकासभक अधिकारक रक्षा आ हुनका सब कें सशक्त बनेबाक लेल कतेको कानून आ योजना लागू अछि। आइ बालिका सभ शिक्षा, स्वास्थ्य, खेलकूद, राजनीति आ सेवा सहित विभिन्न क्षेत्र मे अपन प्रतिभाक परचम लहरा रहल छथि। ओ कहलनि जे जागरूकता आ सामूहिक प्रयास सं बालिकासभक प्रतिभा कें आओर निखारल जा सकैतअछि। बाल विवाह, दहेज प्रथा आ लैंगिक भेदभाव जेहन सामाजिक कुरीति कें समाप्त करबाक लेल समाजक सभ वर्ग कें आगू आबय पड़त। बालिका सभ कें अपन अधिकारक जानकारी देब आ हुनका सभकें सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करायब समाजक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। ई कार्यक्रम प्रधान जिला एवंसत्र न्यायाधीश सह जिला विधिक सेवा प्राधिकारक अध्यक्षक निर्देश आ प्राधिकारक सचिव आरती कुमारीक मार्गदर्शन मे आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर पारा विधिक स्वयंसेवक विकास कुमार राम सहित बालिका गृहक प्रशासनिक अधिकारी उपस्थित छलाह।

# एआइबीपीआरसी केर दरभंगा जिला सचिव बनलाह डॉ. हरे कृष्ण झा

## कन्फेडरेशनक पहिल जिला सम्मेलन मे नव कार्यकारिणीक गठन, अमरेंद्र कुमार अध्यक्ष निर्वाचित

**दरभंगा, समदिया**

ऑल इंडिया बैंक पेंशनर्स एंड रिटायरीज कन्फेडरेशन (एआइबीपीआरसी) केर दरभंगा जिला कमिटीक पहिल सम्मेलन रविदिन कन्फेडरेशनक वरिष्ठ प्रदेश उपाध्यक्ष आ इलाहाबाद बैंकक सेवानिवृत्त उपमहाप्रबंधकपवन कुमारक अध्यक्षता मे संपन्न भेल। एहि अवसर पर बैंक पेंशनभोगीसभक समस्या, पेंशन अपडेशनक लंबित मामिला आ बैंकिंग क्षेत्रक वर्तमान स्थितिपर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। अपन संबोधन मे पवन कुमार जिला कमिटीक गठनक उद्देश्य आ महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ



कहलनि जे पेंशनभोगीसभक लंबित समस्याक समाधान आ हुनकर अधिकारक रक्षा लेल संगठनात्मक एकजुटता आवश्यक अछि। सम्मेलन मे मुजफ्फरपुर सं आयल सेंट्रल बैंक एसोसिएशनक वसंत कुमार शर्मा, ए.के.पी. सिंह, विनय कर्ण,मधुबनीक धनुर्धर झा आ चंद्रशेखर सिंह तथा समस्तीपुरक गुणानंद चौधरी सहित अन्य वक्ता सभ अपनविचार रखलनि। काशी कांत झा, अमरेंद्र कुमार आ पवन कुमारक संयुक्त पर्यवेक्षण मे सर्वसम्मति संकन्फेडरेशनक दरभंगा जिला इकाईक नव कार्यकारिणीक गठन कयल गेल। एहि क्रम मे अमरेंद्र कुमार कें अध्यक्ष आ डॉ. हरे कृष्ण झा कें जिला सचिवक दायित्व सौंपल गेलनि। नव कार्यकारिणी मे मारुति नंदन झा आ मोती मिश्र उपाध्यक्ष, वसंत प्रसाद, अनुज कुमार आ शंकर प्रसाद चौधरी सहसचिव तथा दीनानंद मल्लिक कोषाध्यक्ष मनोनीत कयल गेलाह। कार्यकारिणी सदस्यक रूप मे ललित नारायण झा, सी.एस. सिंह, सुधीर कुमार चौधरी, अनिल कुमार सिन्हा, जे.पी. दत्ता, संजय कुमार झा, अशोक कुमार लाभ, सिकंदरआजम, धीरेंद्र चौधरी आ एस.के. पाठक कें मनोनीत कयल गेल। डॉ. हरे कृष्ण झाक संचालन मे आयोजित कार्यक्रम मे अमरेंद्र कुमार धन्यवाद ज्ञापन कयलनि। एहि अवसर पर नव मनोनीत सभ पदाधिकारीकअभिनंदन मिथिलाक गौरवशाली परंपराक अनुरूप कयल गेल। सम्मेलन मे संगठन कें मजबूत बनेबाक आ बैंक पेंशनभोगीसभक समस्या कें प्रभावी ढंग सं उठेबाक संकल्प व्यक्त कयल गेल।

# नवरात्रक पहिल दिन दर्शन दैत छथि मां दुर्गा, हरपुर बोचहाक परंपरा अछि खास

## कलश स्थापनाक संग खुलि जाइत अछि माइक पट, पीढ़ी-दर-पीढ़ी चलि रहल अछि पूजाक परंपरा

**विद्यापतिनगर/समस्तीपुर, समदिया**

शारदीय नवरात्र शुरू होइतहि देवी मंदिर सभ मे श्रद्धालुक भीड़ उमड़य लगैत अछि। कतहु सप्तमी तं कतहु अष्टमीक दिन माइक पट खुलबाक प्रतीक्षा रहैत अछि। मुदा समस्तीपुर जिलाक विद्यापतिनगर प्रखंडस्थित हरपुर बोचहा दुर्गा स्थानक परंपरा किछु अलग अछि। एतय नवरात्रक पहिल दिन कलश स्थापनाक संगहि मां दुर्गाक पट श्रद्धालुसभक लेल खोलि देल जाइत अछि। एहि विशेष परंपराक कारण ई मंदिर क्षेत्र मे अलग पहचान रखने अछि। मंदिरक पुजारी रजनीश कुमार तिवारीक अनुसार, कलश स्थापनाक संग माइक दर्शन शुरू करबाक परंपरा बहुत रास बरख सं चलि रहल अछि। वैदिक मंत्रोच्चार आ पूजापाठक बीच पट खुलिते श्रद्धालु मां दुर्गाक दर्शन करैत छथि। नौ दिन धरि मंदिर परिसर मे भक्तिक विशेष माहौल बनल रहैत अछि। स्थानीय विवरणक अनुसार, रघुवंश नारायण सिंह आ कुलदीप नारायण सिंहक पूर्वज



सभ एतय दुर्गा पूजाक शुरुआत कयने छलाह। तखनहि सं पीढ़ी-दर-पीढ़ी एहि परंपरा कें आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। समय बदलल, मुदा मंदिरक पारंपरिक पूजाविधि आ श्रद्धालुसभक आस्था आइयो कायम अछि। हरपुर बोचहा दुर्गा स्थान मे मां दुर्गाक संग करीब 20 आन देवी-देवताक प्रतिमाक सेहो पूजा होइत अछि। नवरात्रक दौरान श्रद्धालु दर्शन आ पूजा-अर्चना लेल दूर-दूर सं अबैत छथि। सांझक आरती मे भक्तसभक भागीदारी सं मंदिर परिसर भक्तिमय भए उठैत अछि। श्रद्धालु मां सं परिवारक सुख-समृद्धि आ खुशहालीक कामना करैत छथि। स्थानीय मान्यताक अनुसार, मनोकामना पूर्ण भेलापर नवमीक दिन छागर बलि अर्पित करबाक परंपरा सेहो अछि। मिथिलांचलक धार्मिक-सांस्कृतिक विरासत कें जीवित रखबाक उदाहरण हरपुर बोचहा दुर्गा स्थान अछि। नवरात्रक पहिल दिनहि माइक दर्शन होयबाक परंपरा श्रद्धालु सभ कें पर्वक शुरुआत सं शक्ति आराधना मे शामिल होयबाक अवसर दैत अछि।

# रोसड़ा मे निकलल भव्य कलश शोभायात्रा जय माता दीक जयकारा सं गूंजल शहर



**रोसड़ा, समदिया**

शारदीय नवरात्रक अवसर पर रोसड़ा शहर आ आसपासक क्षेत्र मे भक्तिक माहौल अछि। रविदिन ऐतिहासिक बड़का दुर्गा स्थान आ मिर्जापुर छोटकी दुर्गा स्थान पूजा समितिक दिस सं भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। प्रखंडक विभिन्न गाम मे सेहो दुर्गा पूजाक आयोजन भए रहल अछि। शोभायात्रामे पैघ संख्या मे श्रद्धालुक भागीदारी सं पूरा शहर भक्तिमय भए उठल। गाजाबाजा आ माइक जयकाराक बीच निकलल शोभायात्रा कें देखबाक लेल शहरक विभिन्न चौक-चौराहापर लोकसभक भीड़ जुटल रहल। शोभायात्रा मे बड़ संख्या मे सुहागिन महिला आ कुमारी कन्या शामिल भेलीह। पारंपरिक वेशभूषा मे माथपर पवित्र कलश लेने श्रद्धालु शहरक प्रमुख मार्ग सभ सं आगू बढ़लाह। शोभायात्रा अंबेडकर चौक,सिनेमा चौक, महावीर चौक आ गुदरी बाजार सहित विभिन्न मार्ग सं होइत बूढ़ी गंडक नदीक कातपहुंचल। एहि दौरान जय माता दी, दुर्गा मायक जय आ या देवी सर्वभूतेषुक उद्घोष सं वातावरण गूंजैतरहल। डीजेपर बजैत माइक भक्तिगीत श्रद्धालुसभक उत्साह बढ़बैत रहल। रास्ता मे स्थानीय लोक शोभायात्राक स्वागत कयलनि आ जयकारा लगाकय अपन श्रद्धा प्रकट कयलनि। शारदीय नवरात्र कें लए शहरक विभिन्न दुर्गा पूजा स्थलपर तैयारी जोर-शोर सं चलि रहल अछि। मंदिर आ पूजा पंडाल सभ मेभक्तिमय वातावरण बनल अछि। कलश शोभायात्राक आयोजन सं रोसड़ा मे नवरात्रक धार्मिक गतिविधिमे तेजी आयल अछि। श्रद्धालु मां दुर्गाक आराधना मे लीन छथि आ पूरा क्षेत्र मे उत्सवक माहौल बनलअछि।

# पिरहौली मे दुर्गापूजाक अवसर पर निकलल भव्य कलश शोभायात्रा

**अलीनगर, समदिया**



अलीनगर प्रखंडक पिरहौली गाम मे दुर्गापूजाक पावन अवसर पर भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल। एहि शोभायात्रा मे गामक युवा, महिला, श्रद्धालु आ स्थानीय ग्रामीण सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। मां दुर्गाक जयकारा आ भक्तिमय वातावरण सं पूरा इलाका गुंजायमान भए उठल। श्रद्धालुसभक उत्साह आ धार्मिक आस्थाक कारण गाम मे उत्सवक माहौल बनल रहल। कलश शोभायात्राक दौरान स्थानीय युवा आग्रामीण सभ एक-दोसरा सं भेंट-मुलाकात कयलनि। एहि अवसर पर आपसी स्नेह, आत्मीयता आभाइचाराक सुंदर दृश्य देखय लेल भेटल। आयोजन मे ग्रामीणसभक सक्रिय सहभागिता आ उत्साह विशेषआकर्षणक केंद्र रहल। एहि अवसर पर अलीनगर थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा, एसआइ ओमप्रकाश कुमार, पूजा समिति अध्यक्ष सुभाष यादव, सचिव प्रदीप साहू, कोषाध्यक्ष मुकेश मंडल, शंकर ठाकुर, मनोज यादव, लाल मुखिया, जवाहर यादव, प्रमोद मुखिया, अशोक साहू, संजय मंडल, मोहन पासवान आ मदन शर्मा सहितपैघ संख्या मे स्थानीय ग्रामीण आ क्षेत्रवासी उपस्थित छलाह। पूजा समितिक सदस्य सभ आयोजनके सफल बनेबाक लेल सक्रिय रहलाह। दुर्गापूजाके लए श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। धार्मिक आस्थाक संग एहि आयोजनक माध्यम सं सामाजिक एकता आ आपसी सौहार्दक संदेश सेहो देल गेल। एहि अवसर पर उपस्थित श्रद्धालु सभ मां भगवती सं समस्त क्षेत्रवासीक सुख, शांति, समृद्धि आखुशहालीक मंगलकामना कयलनि। संगहि मां दुर्गा सं सभक जीवनक कष्ट दूर करबाक आ नव ऊर्जा, शक्ति आ सकारात्मकताक संचार करबाक प्रार्थना कयलनि।

# राज्यस्तरीय हैंडबॉल प्रतियोगिता शुरू,एकलव्य दरभंगाक शानदार जीत

## अंडर-14 आ अंडर-17 वर्ग मे खेलाड़ी सभ देखौलनि दमखम

**दरभंगा, समदिया**

खेल विभाग, बिहार राज्य खेल प्राधिकरण आ जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे रविदिनलहेरियासरायस्थित नेहरू स्टेडियम मे राज्यस्तरीय अंतरप्रमंडलीय हैंडबॉल प्रतियोगिता 2026-27 शुरूभेल। 11 सं 14 अक्टूबर धरि चलयवला एहि प्रतियोगिता मे बिहारक नौ प्रमंडलक संग एकलव्यदरभंगाक टीम भाग लए रहल अछि। प्रतियोगिताक उद्घाटन ओएसडी राजेश कुमार गुप्ता, जिला खेलपदाधिकारी चंदन कुमार, जिला खेल संघक सचिव जितेंद्र कुमार, सेवानिवृत्त शिक्षक रवींद्र कुमार सिंह आ मिक्स्ड मार्शल आर्ट्स विजेता मयंक झा संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कयलनि। ओएसडी राजेश कुमार गुप्ता कहलनि जे खेल अनुशासन, समर्पण, आत्मविश्वास आ टीम भावनाक प्रतीक अछि। जिला खेल पदाधिकारी चंदन कुमार कहलनि जे ई प्रतियोगिता खेलाड़ी सभ कें अपन प्रतिभा देखयबाकमहत्वपूर्ण अवसर देत। खेलाड़ीसभक रहबाक, भोजन आ चिकित्साक समुचित व्यवस्था कयल गेल अछि।अंडर-14 बालक वर्ग मे सारण तिरहुत कें 11-1, कोसी भागलपुर कें 12-4 आ मगध दरभंगा




कें 15-3 संहरौलक। ओतहि एकलव्य दरभंगा पूर्णिया कें 12-3 सं पराजित कयलक। अंडर-17 बालक वर्ग मे भागलपुरकोसी कें 16-7, मगध दरभंगा कें 10-5 आ एकलव्य दरभंगा पूर्णिया कें 17-4 सं शिकस्त देलक।प्रतियोगिता नॉकआउट प्रारूप मे खेलल जा रहल अछि। टीम सभ कें दू समूह मे बांटल गेल अछि। दुनू समूह सं एक-एक टीम फाइनल मे पहुंचत। उद्घाटन समारोह मे मिक्स्ड मार्शल आर्ट्स विजेता मयंक झा, वरिष्ठ कराटे खेलाड़ी आ ट्रेडिशनल लाठी संघक अध्यक्ष राजीव प्रकाश मधुकर तथा राष्ट्रीय योग खेलाड़ी सागर पासवान कें मोमेंटो देल गेलनि। प्रतियोगिताक दौरान खेलाड़ीसभक सुविधाक लेल चिकित्सक टीमआ एंबुलेंसक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि।

## सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर केंद्रीय संस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत कें पठौलनि पत्र

# दरभंगा मे 500 करोड़क लागति सं बनयबला सांस्कृतिक संग्रहालयक निर्माण शीघ्र शुरू करबाक आग्रह

**दरभंगा, समदिया**

मिथिलाक ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक विरासत कें वैश्विक पहचान देबाक लेल दरभंगा मे 500 करोड़ टाकाक लागत सं प्रस्तावित सांस्कृतिक संग्रहालयक निर्माण शीघ्र शुरू करबाक पहल कयल जा रहलअछि। एहि संबंध मे दरभंगाक सांसद आ लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर केंद्रीयसंस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत कें पत्र लिखि निर्माण कार्य शीघ्र शुरू करयबाक आग्रहकयलनि अछि। सांसद डॉ. ठाकुर प्रेस विज्ञप्ति जारी कए कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे भारतक प्राचीन सांस्कृतिक विरासत, भाषा, कला आ भारतीय ज्ञान परंपराक संरक्षण आ संवर्धनक दिशा मेमहत्वपूर्ण पहल कयल



जा रहल अछि। दरभंगा मे 500 करोड़ टाकाक लागत सं सांस्कृतिक संग्रहालयबनेबाक घोषणा सं मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत कें नव आयाम भेटत। केंद्रीय मंत्री कें पठाओल पत्र मेसांसद कहलनि जे केंद्र सरकार द्वारा सांस्कृतिक संग्रहालयक स्थापनाक लेल दरभंगा जिलाक चयनकरबाक घोषणा कयल गेल छल। आब एकर निर्माण कार्य शीघ्र शुरू होयब आवश्यक अछि। डॉ. ठाकुर पत्र मे मिथिलाक पौराणिक आ सांस्कृतिक विरासत पर प्रकाश दैत लिखलनि जे मिथिला प्राचीन काल सं संस्कृत, वेद, दर्शन, न्याय, साहित्य, संगीत, चित्रकला आ लोकपरंपराक समृद्ध धरोहरक वाहक रहल अछि। ई क्षेत्र ऐतिहासिक रूप सं सांस्कृतिक, शैक्षणिक आ बौद्धिक गतिविधिक प्रमुख केंद्ररहल अछि। एतय राष्ट्रीय स्तरक सांस्कृतिक संग्रहालयक स्थापना भेला सं मिथिलाक गौरवशाली परंपराकें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर मजबूत पहचान भेटत। प्रस्तावित संग्रहालय मे मिथिलाक प्राचीन आ दुर्लभ पांडुलिपि, कलाकृति आ ऐतिहासिक अभिलेखक संरक्षणक संग डिजिटल गैलरी, शोध आ प्रशिक्षण केंद्र विकसित करबाक संभावना अछि। एहि माध्यम सं लोककला, संगीत, नृत्य आ शिल्पक संरक्षण आ संवर्धन सेहो कयल जा सकत। सांसद कहलनि जे एहि संग्रहालय सं मात्र मिथिले नहि, बल्कि बिहार आसमस्त पूर्वी भारतक सांस्कृतिक विरासत कें वैश्विक पहचान भेटबाक अवसर बनत। भारतक हजारो बरख पुरान संस्कृति, लोककला, साहित्य, चित्रकला, पुरातात्विक धरोहर आ विभिन्न भाषाक पांडुलिपि कें एकहि छत तर संरक्षित करब अपन आप मे महत्वपूर्ण उपलब्धि साबित भए सकैत अछि। डॉ. ठाकुर जानकारी देलनि जे एहि विषय पर ओ पिछला मास केंद्रीय मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावात सं भेंट कए आग्रह कयने छलाह। आब पत्रक माध्यम सं ओ संग्रहालयक निर्माण कार्य शीघ्र शुरू करबाक अनुरोध कयलनि अछि।

# घीसूलाल सेन स्मृति सम्मान सं सम्मानित भेलाह डॉ. दिनेश प्रसाद साह

## बाल साहित्यक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदान लेल भेटल राष्ट्रीय सम्मान

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

राजस्थानक भीलवाड़ा स्थित विनायक विद्यापीठ मे आयोजित दू दिवसीय 27म राष्ट्रीय बाल साहित्य संगोष्ठी सह सम्मान समारोह मे रविदिन राजकीय डिग्री महाविद्यालय, कुशेश्वरस्थान पूर्वीक प्रभारीप्रधानाचार्य डॉ. दिनेश प्रसाद साह कें बाल साहित्यक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदान लेल घीसूलाल सेन स्मृतिराष्ट्रीय बालवाटिका सृजन सम्मान सं सम्मानित कयल गेलनि। सम्मान स्वरूप हुनका सम्मान-पत्र, शॉल,पुष्पगुच्छ, श्रीफल आ 5100 टाकाक सम्मान राशि प्रदान कयल गेलनि। एहि सम्मान सं क्षेत्रक साहित्यिकआ शैक्षणिक जगत मे प्रसन्नताक माहौल अछि। एहि वृहत् सारस्वत आयोजन मे मुख्य अतिथिक रूप मे सी.एम. साइंस कॉलेज,




दरभंगाक अंग्रेजी विभागाध्यक्ष डॉ. युगेश्वर साह सेहो सम्मिलित भेलाह। अपन संबोधन मे ओ बाल साहित्य कें नव पीढ़ीक संस्कार, संवेदना आ व्यक्तित्व निर्माणक प्रभावी माध्यमबनेबाक आवश्यकतापर जोर देलनि। हुनकर कहब छलनि जे बाल साहित्य बच्चा सभ मे रचनात्मकता, नैतिकता आ मानवीय मूल्यक विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। सम्मान प्राप्त कयलाक बाद डॉ. दिनेश प्रसाद साह कहलनि जे भावी पीढ़ी कें एहन शिक्षा भेटबाक चाही, जाहि मे ज्ञानक संग विवेक, उपलब्धिक संग विनम्रता, अधिकारक संग कर्तव्य-बोध आ सफलताक संग संवेदना सेहो निहित हो। हुनकर अनुसार शिक्षा आ साहित्यक उद्देश्य मात्र जानकारी देब नहि, बल्कि बच्चासभक व्यक्तित्व कें संवेदनशीलआ विवेकशील बनायब सेहो अछि। शिक्षा, साहित्य आ सांस्कृतिक जागरण कें समर्पित एहि आयोजन मेदेशक विभिन्न प्रांत सं आयल बाल साहित्यकार, शिक्षाविद आ साहित्यप्रेमी सभ सक्रिय रूप सं भागलेलनि। संगोष्ठीक माध्यम सं बाल साहित्यक वर्तमान स्वरूप, ओकर सामाजिक भूमिका आ नव पीढ़ीपर पड़यवला प्रभाव पर विचार-विमर्श कयल गेल। डॉ. दिनेश प्रसाद साह कें भेटल एहि सम्मान कें बाल साहित्यक क्षेत्र मे हुनकर योगदानक महत्वपूर्ण मान्यता मानल जा रहल अछि।

# पथरगामा मे 1500 कन्या निकाललथि कलश यात्रा

## सुंदर नदी सं जल लए पहुंचलीह पैघ दुर्गा मंदिर

गोड्डा,समदिया

गोड्डा जिला के पथरगामा मे शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन रवि दिन भक्ति आ आस्थाक अद्भुत नजारा देखबा लेल भेटल। एहि अवसरपर करीब 1500 कन्या भव्य कलश यात्रा निकाललीह। यात्रा मे शामिलकन्या आ श्रद्धालु सभक उत्साह सं पूरा क्षेत्र भक्तिमय भए उठल।माता रानीक जयकारा सं पथरगामाक वातावरण गूंजैत रहल। पैघ संख्यामे श्रद्धालु एहि धार्मिक आयोजनक साक्षी बनलाह आ नवरात्रिक पहिलदिन मां दुर्गाक आराधना मे शामिल भेलाह।पैघ दुर्गा मंदिर सं शुरू भेल यात्राकलश यात्रा पथरगामा स्थित पैघ दुर्गा मंदिर सं शुरू भेल। एतय संकरीब 1500 कन्या श्रद्धा आ भक्तिक संग कलश लए सुंदर नदीपहुंचलीह। नदी मे विधि-विधानक संग जल भरलाक बाद सभ कन्या कलश लए वापस पैघ दुर्गा मंदिर पहुंचलीह। मंदिर परिसर मे सभ कलशविधिपूर्वक स्थापित कयल गेल। पूरा



आयोजनक दौरान धार्मिक उत्साहबनल रहल। कन्या सभक पैघ सहभागिता नवरात्रिक पहिल दिनकआयोजन कें विशेष बना देलक।कल्पना देवी आ रजनीश यादव भेलाह शामिल एहि भव्य धार्मिक आयोजन मे मंत्री संजय यादवक पत्नी कल्पना देवी आ हुनकर पुत्र रजनीश यादव सेहो उपस्थित रहलाह। यात्रा के दौरानश्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ल। माता रानीक जयकारा आ भक्ति गीत सं पूरा क्षेत्र भक्तिमय देखाइत रहल। कन्या सभक सहभागिता आश्रद्धालु सभक उपस्थिति आयोजन कें भव्य स्वरूप देलक। स्थानीय लोक सभ मे सेहो नवरात्र कें लए विशेष उत्साह देखल गेल। सुरक्षा कें लए प्रशासन सतर्ककलश यात्रा शांतिपूर्ण तरीका सं संपन्न करयबाक लेल प्रशासन दिस संसुरक्षा आ यातायात व्यवस्था पर विशेष ध्यान देल गेल। पथरगामा थाना प्रभारी कृष्णा शाह पुलिस बलक संग मौका पर उपस्थित रहलाहआ व्यवस्थाक निगरानी करैत रहलाह। भीड़ कें देखैत सुरक्षा के पुख्ताइंतजाम कयल गेल छल, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि हो।करीब 1500 कन्याक सहभागिता बला ई कलश यात्रा नवरात्रिक पहिलदिन पथरगामा मे श्रद्धा, भक्ति आ धार्मिक एकजुटताक संदेश दैतदेखल गेल।

# आब संकीर्ण गली आ जाम मे नहि अटकत एंबुलेंस

## रांची कें भेटल 8 ‘नमो जीवन रक्षक’ बाइक एंबुलेंस

रांची,समदिया

दूर-दराजक इलाकामे, संकीर्ण गली आ भीड़भाड़ बला क्षेत्र मे आपातकालीन स्थिति मे रोगी धरि चिकित्सा सहायता पहुंचेनाइ आब आसान होयत। सड़कक कमी वा जामक कारण रोगी सभके अस्पताल पहुंचाबय मे होइत देरी कम करबाक उद्देश्य सं रांची के 8 ‘नमो जीवनरक्षक’ बाइक एंबुलेंस भेटल अछि। रक्षा राज्यमंत्री सह लोकसभा सांसद संजय सेठ शनिदिन सदर अस्पताल मे एहि एंबुलेंस सभक लोकार्पणकयलनि। एहि मे 7 सदर अस्पताल आ 1 सेवा सदन के देल जाएत।हालांकि, तकनीकी प्रक्रिया पूरा भेलाक बादे ई आम लोकक सेवाक लेलउपलब्ध होयत।लोकार्पणक अवसर पर रक्षा राज्यमंत्री संजय सेठ कहलनि जे आपातकाल मे प्रत्येक मिनट बहुमूल्य होइत अछि। समय पर चिकित्सा सहायताभेटला सं रोगीक जान बचेबाक संभावना बढ़ि जाइत अछि। बाइकएंबुलेंसक उद्देश्य ओहि ठाम सभ धरि सहायता पहुंचेनाइ अछि, जतय सामान्य एंबुलेंस पहुंचबा मे परेशानी होइत अछि। संकीर्ण गली, भीड़भाड़ बला मोहल्ला आ दुर्गम रास्ता सभ मे ई बाइक एंबुलेंस रोगी धरि प्राथमिक चिकित्सा पहुंचेबाक आ हुनका सुरक्षित अस्पताल लए जेबा मे मददगार होयत।रक्षा



अनुसंधान एवं विकास संगठन (डीआरडीओ) द्वारा विकसित आपेटेंट प्राप्त स्वदेशी तकनीक सं लैस ‘रक्षित’ बाइक एंबुलेंस मे रोगी केसुरक्षित लए जेबाक विशेष व्यवस्था अछि। एहि मे ऑक्सीजन, प्राथमिकउपचार किट आ रोगीक शारीरिक स्थिति पर नजरि रखबाक उपकरणउपलब्ध अछि। एहि व्यवस्था सं अस्पताल पहुंचबाक पहिनहि रोगीक स्थिति पर नजरि रखबा आ जरूरी शुरुआती उपचार करबा मे सहायता भेटत।कार्यक्रम मे रांची नगर निगमक महापौर रोशनी खलखो, सिविल सर्जनडॉ. अमरेंद्र कुमार, पूर्व राज्यसभा सांसद अजय मारू आ उपमहापौरनीरज कुमार उपस्थित छलाह। हुनका सभक अतिरिक्त व्यवसायी पुनीत पोद्दार, डॉ. संजय कुमार, पंकज पोद्दार, अरुण छावछरिया, मीनू मोदी, योगेश गंभीर, ऐश्वर्य सेठ, जवाहर तनेजा, कुणाल अजमानी आ प्रशांत अरोड़ा सहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

# एसआईआरक विरोध मे 12 अक्टूबर कें दिल्ली मे कांग्रेसक हल्लाबोल

## राहुल गांधीक नेतृत्व मे जुटताह नेता आ कार्यकर्ता

रांची,समदिया

चुनाव आयोगक विरुद्ध कांग्रेस अपन आंदोलन तेज कए देने अछि। एसआईआर प्रक्रिया मे कथित गड़बड़ी आ मुख्य चुनाव आयुक्तज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग कें लए कांग्रेस 12 अक्टूबर के दिल्लीमे पैघ प्रदर्शन करय जा रहल अछि। पार्टी सभ राज्यक प्रदेशपदाधिकारी, सांसद, विधायक, मंत्री आ कार्यकर्ता सभ कें दिल्लीपहुंचबाक निर्देश देने अछि। झारखंड कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष केशव महतोकमलेशक नेतृत्व मे पार्टीक नेता आ कार्यकर्ता सेहो दिल्ली लेल विदाभेलाह।कांग्रेस दिस सं प्रस्तावित एहि प्रदर्शन मे देश भरि सं पार्टीक नेता आकार्यकर्ता शामिल होयबाक तैयारी कए रहल छथि। पार्टी एसआईआरप्रक्रिया मे कथित अनियमितता कें लए केंद्र सरकार आ चुनाव आयोग पर सवाल उठा रहल अछि। कांग्रेसक आरोप अछि जे मतदाता सूचीकपुनरीक्षणक नाम पर पैघ संख्या मे लोकक नाम हटाओल जा रहलअछि। पार्टी एहि मुद्दा पर चुनाव आयोग पर दबाव बनेबाक रणनीतिपर काज कए रहल




अछि।कांग्रेस मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग सेहो उठारहल अछि। 12 अक्टूबर के होमय बला प्रदर्शन के पार्टी अपनआंदोलनक अगिला कड़ी मानि रहल अछि। दिल्ली मे होमय बला प्रदर्शन मे शामिल होयबाक लेल झारखंड कांग्रेसकप्रदेश अध्यक्ष केशव महतो कमलेशक नेतृत्व मे सांसद, विधायक, प्रदेशपदाधिकारी आ पार्टी कार्यकर्ता विदा भेलाह। रवि दिन रांची हवाई अड्डासं कांग्रेस विधायक ममता देवी, सोनाराम सिंकू, विधायक दलक नेता प्रदीप यादव, विधायक सुरेश बैठा आ विधायक रामचंद्र सिंह सहित कतेको विधायक आ सांसद दिल्ली लेल विदा भेलाह।राज्य सरकारक मंत्री राधाकृष्ण किशोर आ शिल्पी नेहा तिर्की रवि दिनसांझुक विमान सं दिल्ली विदा होयताह, जखनकि स्वास्थ्य मंत्री इरफानअंसारी देवघर सं दिल्ली लेल प्रस्थान कए चुकल छथि।प्रदेश अध्यक्ष कहलनि- कांग्रेस एहि मुद्दा पर चुप नहि रहत दिल्ली विदा होयबाक पहिने प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष केशव महतो कमलेशमीडिया सं बातचीत करैत आरोप लगौलनि जे एसआईआर प्रक्रियाकदौरान देश भरि मे करीब 13 करोड़ लोकक नाम मतदाता सूची सं हटादेल गेल अछि। ओ एकरा लोकतांत्रिक व्यवस्था लेल चिंताजनक बतबैतकहलनि जे कांग्रेस एहि मुद्दा पर चुप नहि रहत।प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे पार्टी आलाकमानक निर्देश पर कांग्रेसक नेताआ कार्यकर्ता दिल्ली पहुंचि रहल छथि। ओ आरोप लगौलनि जे भाजपासरकार लोकतांत्रिक व्यवस्था के कमजोर कए रहल अछि। कांग्रेसक कहब अछि जे मतदाता सूची सं जुड़ल मुद्दा पर जवाबदेही तय होयबाकचाही।कांग्रेस आ विपक्षी दल सभ एसआईआर मुद्दा पर लगातार विरोध दर्जकरा रहल छथि। 10 अक्टूबर के दिल्ली मे इंडिया गठबंधनक नेतासभक आंदोलनक दौरान सेहो प्रदर्शन देखल गेल। कांग्रेसक दावा अछिजे मतदाता सूची सं जुड़ल सवाल पर चुनाव आयोग आ केंद्र सरकार संजवाब मांगल जेबाक चाही। आब 12 अक्टूबर के कांग्रेसक प्रस्तावित प्रदर्शन पर राजनीतिक क्षेत्रक नजरि टिकल अछि। एहि आंदोलन मे कतेक नेता आ कार्यकर्ता शामिल होइत छथि आ चुनाव आयोग तथा केंद्र सरकार एहि पर की प्रतिक्रिया दैत अछि, ई देखब महत्वपूर्ण होयत।

# स्कूल सं बाहर बच्चा सभक सत्यापन मे धनबाद 11म आ बोकारो 12म स्थान पर

## गिरिडीह हासिल कयलक तेसर स्थान

धनबाद,समदिया

झारखंड मे 6 सं 14 वर्ष तकक ओहि बच्चा सभ कें शिक्षाकमुख्यधारा सं जोड़बाक लेल अभियान चलाओल जा रहल अछि, जे कोनोकारणवश स्कूल सं बाहर छथि वा नियमित शिक्षा व्यवस्था सं नहि जुड़िसकल छथि।स्कूल शिक्षा आ साक्षरता विभागक डहर 2.0 डैशबोर्डक आंकड़ा अनुसार,चिह्नित स्कूल सं बाहर बच्चा सभक सत्यापन मे धनबाद 11म आबोकारो 12म स्थान पर अछि। ओतहि, गिरिडीह तेसर स्थान हासिल कयने अछि। आंकड़ा बतबैत अछि जे धनबाद आ बोकारो मे एखनहु पैघसंख्या मे बच्चा सभक सत्यापन लंबित अछि। डैशबोर्डक अनुसार, धनबाद मे स्कूल सं बाहर 291 बच्चाक पहचान कयल गेल अछि। एहि मे 209 बच्चाक सत्यापन पूरा भए गेल अछि,जखनकि 82 बच्चाक सत्यापन लंबित अछि। जिला मे सत्यापनकप्रतिशत 71.82 अछि। बोकारो मे कुल 130 बच्चाक पहचान कयल गेल अछि। एहि मे 86 बच्चाक सत्यापन पूरा भेल अछि, जखनकि 44 बच्चाक सत्यापन एखनबाकी अछि। एतय सत्यापनक प्रतिशत




66.15 दर्ज कयल गेल अछि। एकर विपरीत, गिरिडीह जिला मे कुल 825 चिह्नित बच्चा मे 808बच्चाक सत्यापन पूरा कय लेल गेल अछि। एतय मात्र 17 बच्चाकसत्यापन लंबित अछि। गिरिडीह मे सत्यापनक प्रतिशत 97.94 अछि।एहि आधार पर जिला राज्य मे तेसर स्थान पर अछि।धनबाद आ बोकारो मे लंबित सत्यापन शिक्षा विभाग लेल चुनौती बनलअछि। चिह्नित बच्चा सभक वास्तविक शैक्षणिक स्थिति के पुष्टि करबजरूरी अछि, जाहि सं पता चलि सकय जे ओ कहियो स्कूल नहि गेलछथि, बीचहि मे पढ़ाइ छोड़ि देने छथि वा कोनो दोसर विद्यालय मे पढ़ि रहल छथि। सत्यापन पूरा भेलाक बाद बच्चा सभक उम्र आ शैक्षणिक स्तरक अनुरूप हुनका शिक्षा व्यवस्थाक मुख्यधारा सं जोड़बाक योजना बनाओल जासकैत अछि। एहि लेल प्रत्येक बच्चाक वर्तमान स्थिति आ पढ़ाइ छोड़बाक कारणक जानकारी जुटायब आवश्यक अछि।सत्यापनक दौरान बच्चा सभक स्कूल सं बाहर रहबाक कारण सेहो पतालगाओल जा रहल अछि। एहि मे घरेलू काज मे व्यस्त रहब, दोसरकघर मे काज करब, खराब स्वास्थ्य, परिवारक कमजोर आर्थिक स्थितिआ विद्यालय घर सं दूर रहब जेकां कारण शामिल अछि। एकर अतिरिक्त, किछु बच्चा अपन परिचितक घर दोसर स्थान पर रहि रहल छथि। एहन मामिला मे बच्चा सभक वर्तमान स्थिति पता लगाकए हुनका शिक्षा व्यवस्था सं जोड़ब जरूरी अछि। बच्चा सभक स्कूल संबाहर रहबाक कारणक पहचान कए संबंधित समस्याक समाधान करब एहि अभियानक सफलता लेल महत्वपूर्ण होयत।

# बोकारोक ईएसएल स्टील प्लांट मे पैघ दुर्घटना

## गैसक चपेट मे अयबाक कारण दू गोटेक मृत्यु

बोकारो,समदिया

वेदांता समूहक स्टील कंपनी ईएसएल स्टील लिमिटेडक प्लांट परिसर मे रवि दिन गैसक संपर्क मे अयबाक कारण दू गोटे लोकक मृत्यु भए गेल। मृतक सभक पहचान हजारीबाग निवासी सोहन महतो आ धनबाद निवासी समीर अंसारीक रूप मे कयल गेल अछि। घटनाक बादप्लांट परिसर मे अफरा-तफरी मचि गेल।कंपनी दिस सं जारी बयानक अनुसार, मृतक सभ मे एक गोटे कंपनी मे कार्यकारी पद पर कार्यरत छलाह, जखनकि दोसर गोटे बिजनेस पार्टनरकअधीन अभियंता (इंजीनियर) के रूप मे काज करैत छलाह। गैसक संपर्कमे अयलाक बाद दुनू गोटे कें प्राथमिक जांचक बाद अस्पताल लएजाओल गेल, मुदा दुनू कें बचाओल नहि जा सकल।हादसाक खबर सं संबंधित क्षेत्र मे शोकक माहौल अछि। हालांकि, घटनाकोन परिस्थिति मे भेल आ कोन प्रकारक गैसक संपर्क मे अयबाककारण दुनू गोटेक मृत्यु भेल, एकर विस्तृत जानकारी एखन धरि सोझांनहि आएल अछि। कंपनी जतौलक शोक, स्वतंत्र जांच होयत ईएसएल स्टील लिमिटेड घटना पर गहींर शोक व्यक्त करैत मृतक सभक परिजनक प्रति संवेदना प्रकट कयने अछि। कंपनी कहने अछि जेएहि कठिन समय मे दुनू परिवार कें हरसंभव सहायता आ सहयोग देलजा रहल अछि।कंपनीक प्रवक्ता के अनुसार, घटनाक स्वतंत्र जांच कराओल जाएत।जांचक निष्कर्षक आधार पर उचित कदम उठाओल जाएत। फिलहाल, हादसाक कारणक पता लगयबाक लेल जांचक निष्कर्षक प्रतीक्षा कयल जा रहल अछि।

# रांचीक आईआईआईटी हॉस्टल मे छात्रक मृत्यु

## बुनियादी सुविधाक अभावक आरोप लगा छात्र सभ कयलनि हंगामा

रांची,समदिया

राजधानी रांची के खेलगांव स्थित ट्रिपल आईआईआईटी हॉस्टल मे बीतल रात एक छात्रक मृत्यु के बाद छात्र सभ हंगामा कयलनि। छात्रसभ संस्थान मे बुनियादी सुविधा आ चिकित्सा व्यवस्था मे कमी रहबाकआरोप लगौलनि। घटनाक बाद हॉस्टल मे तनावक माहौल बनि गेल।संस्थानक निदेशक डॉ. राजीव श्रीवास्तव कहलनि जे छात्रक मृत्यु कोन परिस्थिति मे भेल, से एखन स्पष्ट नहि भए सकल अछि। पुलिसमामिलाक जांच कए रहल अछि।बिहारक पूर्णिया निवासी आदित्यक मृत्यु सं हॉस्टलक छात्र सभआक्रोशित भए उठलाह। संस्थान मे बुनियादी सुविधा कें लए पहिने संविरोध चलि रहल छल। एहि घटना के बाद छात्र सभक नाराजगी आओर बढ़ि गेल। राति करीब 11:30 बजे तक जखन आदित्यक कमराक दरबज्जा नहि खुजल, तखन चिंतित मित्र सभ दरबज्जा तोड़लनि। भीतरआदित्य



मृत अवस्था मे भेटलाह। हुनका तत्काल एक निजी अस्पताल लए जाओल गेल, जतय चिकित्सक जांच कयलाक बाद मृत घोषितकयलनि।चिकित्सा सुविधा मे कमी रहबाक आरोप आदित्यक मृत्यु के बाद छात्र सभ हंगामा शुरू कयलनि। हुनका सभकआरोप अछि जे आदित्य आत्महत्या करबाक प्रयास कयने छलाह। छात्रसभ एंबुलेंसक उपलब्धता आ ऑक्सीजन सुविधाक व्यवस्था पर सवालउठौलनि। हुनका सभक दावा अछि जे समय पर आवश्यक चिकित्सासहायता भेटैत तं आदित्यक जान बचाओल जा सकैत छल।हंगामाक सूचना भेटला पर पुलिस हॉस्टल पहुंचल आ स्थिति नियंत्रितकरबाक प्रयास कयलक। मृतकक परिजन कें घटनाक सूचना दए देलगेल अछि। एखन धरि आदित्यक मृत्यु कोन कारण सं भेल, एकर पुष्टिनहि भेल अछि।सदर डीएसपी संजीव बेसरा के अनुसार, पुलिस पूरा मामिलाक जांच कए रहल अछि। जांचक बादे मृत्यु के वास्तविक कारण स्पष्ट भए सकत।

## शिक्षक संघ डीईओ कें सौंपलक ज्ञापन

# दशहरा पर 21 अक्टूबर कें स्कूल सभ मे छुट्टी देबाक मांग

जमशेदपुर,समदिया

विजयादशमी के अवसर पर 21 अक्टूबर के पूर्वी सिंहभूम जिला के सभ सरकारी स्कूल मे छुट्टी देबाक मांग कयल गेल अछि।झारखंड प्राथमिक शिक्षक संघक पूर्वी सिंहभूम जिला इकाई सोमदिन जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) कें ज्ञापन सौंपि ई मांग रखलक। संघसुझाव देलक अछि जे अंतरराष्ट्रीय योग दिवस के अवसर पर स्कूलखोलि काज करयबाक बदला भेटय बला क्षतिपूर्ति अवकाश मे सं एक दिनक समायोजन 21 अक्टूबर के कयल जाय। संघ ज्ञापन मे बतौलक अछि जे निदेशक, प्राथमिक शिक्षा, रांची दिस सं24 दिसंबर 2025 के जारी एकीकृत अवकाश तालिका मे 19 अक्टूबर केमहाष्टमी आ 20 अक्टूबर के महानवमी/विजयादशमी लेल छुट्टीनिर्धारित कयल गेल अछि। हालांकि, एहि वर्ष विजयादशमी 21 अक्टूबर,बुधदिन के मनाओल जाएत। एहि दिन प्रतिमा विसर्जन सेहो होयत। शिक्षक संघक कहब अछि जे प्रतिमा विसर्जन के दौरान शहरक यातायातव्यवस्था प्रभावित रहैत अछि। एहन स्थिति मे स्कूल खुजल रहला पर शिक्षक, विद्यार्थी आ अभिभावक सभ कें आन-जान मे परेशानी भए सकैत अछि। एहि कें ध्यान मे रखैत संघ 21 अक्टूबर के जिला के सभसरकारी विद्यालय मे छुट्टी घोषित करबाक मांग कयने अछि।ज्ञापन मे ईहो बताओल गेल अछि जे अंतरराष्ट्रीय योग दिवस के अवसरपर 20 जून 2026, तेसर शनिदिन आ 21 जून 2026, रविदिन छुट्टीरहबाक बावजूद विभागीय निर्देश के अंतर्गत विद्यालय खोलि काजकराओल गेल छल। एहि के बदला दू दिनक क्षतिपूर्ति अवकाश देल जेबाक छल। संघ मांग कयने अछि जे एहि क्षतिपूर्ति अवकाश मे सं एक दिनक समायोजन 21 अक्टूबर के कयल जाय। एहि व्यवस्था सं विजयादशमी के दिन विद्यालय सभ मे छुट्टी देल जा सकत आ शिक्षक, विद्यार्थीआ अभिभावक सभ कें संभावित परेशानी सं बचाओल जा सकत।

# बोकारो डीसी कला अकादमी मे बच्चा सभक बढ़ौलनि उत्साह

## कहलनि- प्रत्येक बच्चा मे होइत अछि विशेष प्रतिभा

बोकारो ,समदिया

डीसी अजय नाथ झा रवि दिन सेक्टर-5 स्थित श्री जनार्दन एकेडमी ऑफ आर्टक भ्रमण कयलनि। एहि दौरान ओतय प्रशिक्षण प्राप्तकए रहल बच्चा सभ सं बातचीत कए हुनकर रुचि आ कलात्मकप्रतिभाक संबंध मे जानकारी लेलनि। ओ बच्चा सभ कें अपन पसंदकक्षेत्र मे निरंतर अभ्यास करबाक आ प्रतिभा निखारबाक लेल प्रेरितकयलनि।डीसी कहलनि जे प्रत्येक बच्चा मे कोनो ने कोनो विशेष प्रतिभा होइतअछि। जरूरत अछि ओहि प्रतिभा कें चिन्हबाक, सही दिशा देबाक आओकरा निखारबाक लेल उचित अवसर उपलब्ध करयबाक। शिक्षा मात्रकिताबक ज्ञान तक सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि बच्चा सभकरचनात्मकता आ व्यक्तिगत क्षमता विकसित करबाक दिशा मे सेहोध्यान देब जरूरी अछि। संगीत, नृत्य आ चित्रकला जेकां विधा सभक माध्यम सं बच्चा सभक प्रतिभा कें नव दिशा देल जा सकैत अछि।डीसी अजय नाथ झा कहलनि जे बच्चा सभक विकास मे शिक्षक, अभिभावक आ समाजक महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि। बच्चा



सभ सं बातचीत कए हुनकर रुचि बुझब आ उचित मार्गदर्शन देब आवश्यक अछि, जाहि सं ओ अपन क्षमता के अनुरूप नीक प्रदर्शन कए सकथि। ओ संस्थानक दिव्यांग कर्मचारीक उत्साहवर्धन करैत कहलनि जे शारीरिक सीमा केकरो प्रतिभा आ उपलब्धिक बाट मे बाधा नहि बनबाक चाही। उचित मार्गदर्शन, निरंतर अभ्यास आ आत्मविश्वासक बल पर बच्चा सभ अपन अलग पहचान बना सकैत छथि। डीसी कहलनि जे प्रत्येक व्यक्ति कें अपन क्षमताक अनुसार जरूरतमंदलोकक सहयोग करबाक चाही। जरूरतमंद बच्चा सभ कें आगू बढ़य मे सहायता देब आ हुनकर प्रतिभा निखारबाक अवसर उपलब्ध करायबसमाजक प्रति महत्वपूर्ण योगदान अछि।डीसी बच्चा सभ द्वारा बनाओल गेल विभिन्न कलाकृति आ चित्र सभकअवलोकन कयलनि। ओ बच्चा सभक रचनात्मकता आ कलात्मकअभिव्यक्तिक सराहना कयलनि।वंचित बच्चा सभ कें निःशुल्क देल जाइत अछि कलाक प्रशिक्षणसंस्थानक प्रशिक्षिका विजयलक्ष्मी सिंह बतौलनि जे ओ पछिला कतेकोवर्ष सं कला क्षेत्र मे सक्रिय छथि। जरूरतमंद आ वंचित परिवारक बच्चासभ कें कला शिक्षाक अवसर उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं ओ श्रीजनार्दन एकेडमी ऑफ आर्टक शुरुआत कयने छथि। एतय बच्चा सभ कें चित्रकला के प्रशिक्षण आ आवश्यक सामग्री निःशुल्क उपलब्ध कराओल जाइत अछि। संस्थान पहुंचला पर प्रशिक्षिका विजयलक्ष्मी सिंह डीसी कें गुलदस्ता दए स्वागत कयलनि। एहि दौरान ओ डीसी कें एकटा पेंटिंग सेहो भेंटकयलनि। एहि अवसर पर एपीआरओ अविनाश कुमार सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# पहिल दिन मां शैलपुत्रीक भेल पूजा-अर्चना

## पूजा पंडाल आ घर सभ मे स्थापित भेल कलश, 9 दिनक धार्मिक अनुष्ठान शुरू

**औरंगाबाद, समदिया**

औरंगाबाद शहर मे रवि दिन शारदीय नवरात्रिक शुरूआतक संग मां दुर्गाक आराधना शुरू भए गेल। नवरात्रिक पहिल दिन श्रद्धालु सभ मां दुर्गाक प्रथम स्वरूप मां शैलपुत्रीक पूजा-अर्चना कयलनि।पूजा पंडाल आ घर सभ मे कलश स्थापना संग 9 दिन धरि चलय बला धार्मिक अनुष्ठान शुरू भेल। मंदिर सभ मे भोरहि सं श्रद्धालु सभक भीड़ जुटय लागल। रौद, दीप, अगरबत्ती आ नैवेद्यक सुगंधक बीच माताक जयकारा सं पूरा वातावरण भक्तिमय बनल रहल। ह्यया देवी सर्वभूतेषु शक्ति रूपेण संस्थिता, नमस्तस्यै नमस्तस्यै नमस्तस्यै नमो नमःह्ल मंत्रक गूंज सुनाइत रहल।



शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन शहरक विभिन्न पूजा पंडाल सभ मे वैदिक मंत्रोच्चारक बीच कलश स्थापना कयल गेल। धर्मशाला स्थित दुर्गा मंदिर, काली क्लब, महावीर क्लब, श्रीकृष्णा नगर, ब्रह्मर्षि चौक, बिजली ऑफिस, सत्येंद्र नगर, जसोइया, मां भारती क्लब आ पंचदेव धाम सहित कतेको स्थान पर पूजा-अर्चना शुरू भेल। श्रद्धालु सभ मां शैलपुत्रीक चरण मे माथ नमा परिवारक सुख-समृद्धि, शांति आ खुशहालीक कामना कयलनि। घर सभ मे सेहो लोक विधि-विधानक संग कलश स्थापित कए नवरात्रिक संकल्प लेलनि।

कतेको श्रद्धालु उपवास राखि पूजा-अर्चना कयलनि, जखनकि पूजा स्थल सभ पर दुर्गा सप्तशतीक पाठ आ देवी स्तुति शुरू भेल। नवरात्र कें लए पूजा समिति आ श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। मंदिर आ पंडाल सभ कें आकर्षक ढंग सं सजाबय के तैयारी सेहो तेज भए गेल अछि।

### बुढ़िया देवी माई मंदिर मे उमड़ल श्रद्धालु सभक भीड़

शहरक प्राचीन बुढ़िया देवी माई मंदिर मे सेहो नवरात्रिक पहिल दिन श्रद्धालु सभक भीड़ उमड़ल। एतय कलश स्थापना संग दुर्गा सप्तशतीक पाठ शुरू कयल गेल। भोरहि सं महिला आ आन श्रद्धालु मंदिर पहुंचय लगलीह।

भक्त सभ माताक दर्शन कए पूजा-अर्चना कयलनि आ परिवारक मंगलकामना कयलनि। नवरात्र कें लए मंदिर परिसर मे विशेष धार्मिक उत्साह देखबा लेल भेटल। श्रद्धालु पूजा कए मां दुर्गा कें प्रति अपन आस्था प्रकट कयलनि।

शहरक विभिन्न मंदिर आ पूजा स्थल सभ पर भोरहि सं भक्त सभक पहुंचबाक सिलसिला जारी रहल। घर सभ मे सेहो महिला सभ पूजा-पाठक तैयारी कए देवीक आराधना कयलनि। शारदीय नवरात्र कें लए बाजार सभ मे पूजाक सामग्री, फल-फूल आ अन्य आवश्यक वस्तुक खरीदारी होइत रहल।

### रडुआ धाम आ संगम पर श्रद्धालु सभ कयलनि जलभरी

नवरात्रिक पहिल दिन बारुण प्रखंडक रडुआ धाम मे विभिन्न पूजा समिति दिस सं जलभरीक आयोजन कयल गेल। शहरक महावीर क्लब, बिजली ऑफिस आ जसोइया सहित कतेको पूजा समितिक श्रद्धालु पवित्र जल लए अपन-अपन पूजा स्थल पर पहुंचलाह।

जलभरीक दौरान श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। ओतहि, जम्होर रेलवे स्टेशन लग स्थापित होमय बला मां दुर्गाक प्रतिमा लेल सैकड़ो श्रद्धालु माथ पर कलश लए भजन-कीर्तन करैत संगम पहुंचलाह।

ओतय विधि-विधानक संग पूजा-अर्चना कयलाक बाद श्रद्धालु सभ कलश मे पवित्र जल भरलनि। जम्होरक दू पूजा समिति दिस सं भव्य जुलूस निकालल गेल। ढोल-नगाड़ाक गूंज, भजन-कीर्तन आ ह्यजय माता दीह्लक जयघोष सं पूरा इलाका भक्तिमय भए गेल।

शारदीय नवरात्रिक पहिल दिनहि जिला मे पूजा-पाठ आ धार्मिक अनुष्ठान शुरू भए गेल अछि। आगामी 9 दिन धरि मां दुर्गाक विभिन्न स्वरूपक पूजा-अर्चना कयल जाएत। श्रद्धालु उपवास राखि, दुर्गा सप्तशतीक पाठ कए आ मंदिर मे दर्शन कए माताक आराधना करताह।

### प्रखंड सभ मे सेहो भेल कलश स्थापना

एहि बीच जिला मुख्यालय सहित जिलाक सभ प्रखंडक पूजा पंडाल सभ मे सेहो कलश स्थापना कयल गेल। एहि सं पहिने समिति सभ दिस सं कलश यात्रा निकालल गेल। कतेको जगह गाजा-बाजा संग धूमधाम सं कलश यात्रा निकालल गेल।

अंबा मे सेहो कलश यात्राक दौरान पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचलाह आ शोभायात्रा मे शामिल भेलाह। अंबाक नवीनगर रोड मे सुरभि दुर्गा पूजा समिति दिस सं कलश यात्रा निकालल गेल, जे पंडाल सं निकलि सतबहिनी मंदिर होइत नवीनगर रोड स्थित बतरे नदी घाट पहुंचल।

ओतय विधिवत मंत्रोच्चारक बाद श्रद्धालु सभ अपन कलश मे जल भरलनि। औरंगाबाद रोड स्थित श्री मां दुर्गा पूजा समिति दिस सं सेहो गाजा-बाजा संग कलश यात्रा निकालल गेल।

# थावे मंदिर मे दर्शन लेल उमड़ल श्रद्धालु

## नवरात्रिक पहिल दिन भोरहि सं लागल लंबा लाइन

### सीसीटीवी सं निगरानी, महिला पुलिस आ दंडाधिकारी तैनात

**गोपालगंज, समदिया**

गोपालगंजक ऐतिहासिक थावे दुर्गा मंदिर मे शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन रवि दिन मां दुर्गाक पहिल स्वरूप मां शैलपुत्रीक पूजा-अर्चना श्रद्धा आ उल्लासक संग कयल गेल। भोरहि सं मां थावे भवानीक दर्शन लेल श्रद्धालु सभक पहुंचबाक सिलसिला शुरू भए गेल। दिन चढ़बाक संग मंदिर परिसर मे भीड़ बढ़ैत गेल आ दर्शन लेल पैघ-पैघ कतारि लागि गेल। महिला आ पुरुष श्रद्धालु अपन बारीक प्रतीक्षा करैत मांक जयकारा लगबैत रहलाह। एहि सं पूरा मंदिर परिसर भक्तिमय भए गेल। नवरात्रिक पहिल दिन श्रद्धालु सभ मांक दरबार मे माथ टेकैत परिवारक सुख-समृद्धि, शांति आ खुशहालीक कामना कयलनि। बेसी भीड़ रहबाक कारण किछु श्रद्धालु गर्भगृहक बाहरहिं माथ झुका कए पूजा-अर्चना करैत देखल गेलाह। मंदिर मे दर्शन आ पूजाक लेल भक्त सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल।



नवरात्रिक दौरान श्रद्धालु सभक भीड़ कें देखैत मंदिर परिसर मे सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था कयल गेल अछि। मंदिर परिसर सं लए कए गर्भगृह धरि सीसीटीवी कैमरा द्वारा निगरानी कयल जा रहल अछि। प्रशासनिक अधिकारी व्यवस्था पर नजरि रखने छथि। एकर अतिरिक्त मंदिर आ आसपासक इलाका मे शांति व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पुलिस अधिकारी आ दंडाधिकारी सभक तैनाती कयल गेल अछि।

महिला श्रद्धालु सभ कें दर्शनक दौरान कोनो तरहक परेशानी नहि हो, एहि लेल महिला पुलिस बल कें सेहो तैनात कयल गेल अछि। पुलिसकर्मी आ दंडाधिकारी मंदिर परिसर मे व्यवस्था बनौने रखबाक लेल लगातार निगरानी कए रहल छथि। प्रशासनक प्रयास अछि जे श्रद्धालु शांतिपूर्ण तरीका सं मांक दर्शन कए सकथि आ भीड़क कारण कोनो अव्यवस्था नहि हो।

गोपालगंज स्थित मां थावे भवानीक मंदिर जिला कें प्रमुख धार्मिक स्थल सभ मे शामिल अछि। एतय बिहारक विभिन्न जिला सभक अतिरिक्त पड़ोसी राज्य उत्तर प्रदेश आ नेपाल सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु मांक दर्शन लेल पहुंचैत छथि। नवरात्रिक दौरान मंदिर मे भक्त सभक भीड़ आओर बढ़ि जाइत अछि। श्रद्धालु सभक मान्यता अछि जे मां थावे भवानीक दरबार मे सच्चा मोन सं मंगैत देल गेल मन्नत पूरा होइत अछि। एहि आस्था संग भक्त सभ मांक पूजा-अर्चना करैत छथि आ अपन मनोकामना पूरा होयबाक प्रार्थना करैत छथि। थावे दुर्गा मंदिर सं जुड़ल लोकमान्यता सभक अनुसार, मां भवानीक परम भक्त रहषु भगतक कथा एहि शक्तिपीठ कें विशेष पहचान दैत अछि। कहल जाइत अछि जे ओहि समयक राजा मनन सिंह कें अपन शक्ति आ भक्ति पर अहंकार छलनि। ओ रहषु भगतक भक्ति पर संदेह करैत हुनकर शक्तिक परीक्षा लेबाक चाहलनि। लोककथा के अनुसार, रहषु भगतक आह्वान पर मां कामाख्या अपन भक्तक पुकार सुनि थावे पहुंचलीह। मान्यता अछि जे मां प्रकट भेलाक बाद अहंकारी राजाक सर्वनाश भए गेल। तखनहि सं थावे मे मां भवानीक पूजा-अर्चना करबाक परंपरा चलि आबि रहल अछि। मंदिरक लगहि रहषु भगतक मंदिर सेहो स्थित अछि, जतय श्रद्धालु मांक दर्शनक संग हुनकर परम भक्तक दर्शन सेहो करैत छथि।

# बेगूसराय मे कलश स्थापना संग शारदीय नवरात्र शुरू



**बेगूसराय, समदिया**

बेगूसराय मे रवि दिन कलश स्थापना संग शारदीय नवरात्र शुरू भए गेल। सदर प्रखंडक रजौड़ा, बगवाड़ा, चांदपुरा, परना, जगदीशपुर आ बरैठ सहित कतेको क्षेत्रक मंदिर आ घर मे मां दुर्गाक पूजा कें लए उत्साह देखल गेल। नवरात्रिक पहिल दिन मां दुर्गाक प्रथम स्वरूप मां शैलपुत्रीक विधि-विधानक संग पूजा कयल गेल। मंदिर आ घर सभ मे कलश स्थापना, दुर्गा सप्तशतीक पाठ आ मंत्रोच्चार सं वातावरण भक्तिमय बनल रहल।

नवरात्र शुरू होयबाक एक दिन पहिने शनिदिन बाजार सभ मे पूजाक सामग्री कीनबाक लेल दिन भरि भीड़ रहल। लोक सभ माटिक कलश, दीप, चुनरी, नारियल, माला, वस्त्र, फल-फूल आ प्रसाद सहित अन्य सामग्री कीनलनि।

श्रद्धालु सभ रौद, दीप, नैवेद्य, रोली, अक्षत, पान, फूल, कपूर, अष्टगंध, कमलगट्टा, घी आ बाती जेकां पूजाक सामग्री जुटौलनि। गुड़हल आ पारिजातक फूलक मांग सेहो रहल। बाजार सभ मे दिन भरि चहल-पहल रहल आ चारू कात पर्व जेकां माहौल बनल रहल।

# 501 कन्या आ महिलाक निकालनि कलश शोभायात्रा

## गाजा-बाजा आ मां दुर्गाक जयकारा सं गूंजल बाजार

**जमुई, समदिया**

जमुई मे शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन रवि दिन अलीगंज मे मां दुर्गाक भक्ति आ आस्थाक भव्य नजारा देखबा लेल भेटल। 501 कन्या आ महिलाक कलश शोभायात्राक संग दुर्गा पूजा महोत्सवक शुरूआत भेल।

गाजा-बाजा, भक्ति गीत, डांडिया आ मां दुर्गाक जयकारा सं पूरा अलीगंज बाजार भक्तिमय भए उठल। शोभायात्रा मे रंग-बिरंगक परिधान पहिरने कलाकार आ अनोखा पात्र सभ सेहो लोकक ध्यान आकर्षित कयलनि। शोभायात्रा देखबाक लेल सड़कक कात लोकक भीड़ जुटल रहल।



अलीगंज भीतर बाजार स्थित पैघ दुर्गा मंदिर आ सोनखार गामक दुर्गा महारानी मंदिर पूजा समिति दिस सं कलश शोभायात्रा निकालल गेल। यात्रा सं पहिने मंदिर परिसर मे पुरोहित सभ वैदिक मंत्रोच्चारक संग धार्मिक अनुष्ठान पूरा करौलनि। तकर बाद 501 कन्या आ महिला माथ पर कलश लए यात्रा शुरू कयलनि।

शोभायात्रा अलीगंज बाजार होइत मानपुर स्थित कैलाश धाम पहुंचल, जतय श्रद्धालु सभ कलश मे पवित्र जल भरलनि।

कलश शोभायात्राक दौरान ह्यजय दुर्गेह्ल, ह्यजय भवानीह्ल आ ह्यजय माता दीह्लक जयकारा सं वातावरण गूंजैत रहल। युवती सभ डांडिया खेलैत देखल गेलीह, जखनकि युवा भक्ति गीतक धुन पर उत्साहक संग आगू बढ़ैत रहलाह। पूजा समितिक कार्यकर्ता सभ श्रद्धालु सभक बीच शरबत आ पानि सेहो बांटलनि।

शोभायात्रा मे धार्मिक आस्थाक संग सांस्कृतिक रंग सेहो देखबा लेल भेटल। कलाकार सभ अलग-अलग रंग आ वेशभूषा मे शामिल भेलाह। केओ नील पोशाक आ गुलाबी पगड़ी पहिरने छलाह, तं केओ हरियर परिधान मे खोपड़ीक मुखौटा लगा साइकिलक संग देखल गेलाह।

उजर पोशाक मे सजल कलाकार सेहो लोकक ध्यान आकर्षित कयलनि। एहि अनोखा पात्र सभ कें देखबाक लेल रास्ता मे लोक रुकैत देखल गेलाह।

पूजा समितिक अध्यक्ष मनोज मेहता आ रुद्रनारायण सिंह बतौलनि जे अलीगंज मे कतेको वर्ष सं भव्य प्रतिमा स्थापित कए मां दुर्गाक पूजा कयल जाइत अछि। नवरात्रिक नौ दिन धरि श्रद्धालु व्रत राखि मां दुर्गाक अलग-अलग स्वरूपक आराधना करताह। मंदिर आ पूजा पंडाल सभ मे भजन-कीर्तन, मंत्रोच्चार आ दुर्गा सप्तशतीक पाठ कयल जाएत। नवरात्रिक पहिल दिन श्रद्धालु सभ मां दुर्गाक प्रथम स्वरूप मां शैलपुत्रीक पूजा-अर्चना कयलनि। अलीगंजक अतिरिक्त इस्लामनगर, अवगिला चौरासा, नोनी, मैनाचातर, ताजपुर आ कैयार सहित कतेको गाम मे सेहो पूजा शुरू भए गेल।

# 43 दिन मे 330 सं बेसी शिकायताक भेल निपटारा, 4 घंटा मे होयत सफाइ




**बिहारशरीफ, समदिया**

नगर निगम क्षेत्र कें स्वच्छ आ कचरामुक्त बनेबाक उद्देश्य सं शुरू कयल गेल तत्पर बिहारशरीफ सेवा के असर देखबा मे आबि रहल अछि। नगर आयुक्त कृत्यानंद रंजनक निर्देशन मे चलाओल जा रहल एहि विशेष सेवा के अंतर्गत पछिला 43 दिन मे 330 सं बेसी शिकायताक निर्धारित समय-सीमा के भीतर निपटारा कयल गेल अछि। एहि पहल के अंतर्गत कचरा जमा होयबाक सूचना भेटला पर निगमक टीम संबंधित स्थल पर पहुंचि सफाइ करैत अछि।

तत्पर बिहारशरीफ सेवा के शुरूआत 27 अगस्त के कयल गेल छल। एहि व्यवस्था के अंतर्गत नगर निगम क्षेत्र मे कतहु कचरा जमा होयबाक सूचना भेटला पर अधिकतम 4 घंटा के भीतर संबंधित स्थल पर पहुंचि सफाइ सुनिश्चित करबाक नियम बनाओल गेल अछि। आधिकारिक आंकड़ा के अनुसार, 9 अक्टूबरक भोर धरि 330 सं बेसी शिकायत दर्ज कयल गेल। निगम प्रशासनक दावा अछि जे एहि सभ शिकायतक निर्धारित समय-सीमा के भीतर समाधान कयल गेल अछि।

## विविध

# एआईक लत भारतक लेल मानसिक स्वास्थ्यक अगिला पैघ चुनौती बनि सकैत अछि

कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई) आइ पढ़ाइ, लेखन, समस्या समाधान आ रोजमर्राक निर्णय लेबाक महत्वपूर्ण साधन बनि गेल अछि। मुदा जखन लोक अपन काज, निर्णय आ भावनात्मक परेशानी लेल एआई पर अत्यधिक निर्भर होमय लगैत अछि, तखन ई मानसिक स्वास्थ्य लेल चिंता पैदा कए सकैत अछि। विशेषज्ञ सभक कहब अछि जे एआईक उपयोग आ ओकरा पर भावनात्मक निर्भरता कें अलग-अलग बुझब आवश्यक अछि।



हालहि एक युवा लेखक स्वीकार कएलनि जे एआईक सहायता लेने बिना आब हुनका लिखबा मे कठिनाइ होइत अछि। पहिने ओ नव विचार खोजबाक आ ओकरा रोचक लेखन मे बदलबाक आनंद लैत छलाह। हुनकर अनुभव एहि सवाल कें जन्म दैत अछि जे एआई कखन सहायता करबाक बदला अपन सोचबाक आ रचनात्मक क्षमता पर निर्भरता बढ़ा सकैत अछि।

गुरुग्राम स्थित फोर्टिस राष्ट्रीय मानसिक स्वास्थ्य कार्यक्रमक अध्यक्ष डॉ. समीर पारीख कहैत छथि जे युवा सभ डिजिटल संवाद आ ऑनलाइन जानकारी प्राप्त करबाक अभ्यस्त रहैत छथि। एहि कारण ओ सभ एआई चैटबॉट कें सहजता सं अपना रहल छथि। गणित वा पढ़ाइ संबंधी सवालक सही उत्तर भेटला पर उपयोगकर्ता एआई पर भरोस करय लगैत छथि। बाद मे ई भरोस व्यक्तिगत समस्या आ संबंध संबंधी सलाह लेबाक समय सेहो बढ़ि सकैत अछि।

मुदा एआईक उत्तर हमेशा सही वा उपयुक्त होयत, ई आवश्यक नहि अछि। भावनात्मक समस्या बुझबाक लेल व्यक्ति विशेषक परिस्थिति, अनुभव आ भावना कें ध्यान मे रखब जरूरी अछि।

मार्गा माइंड केयरक संस्थापक आ प्रबंध निदेशक डॉ. ज्योति नीरजा कहैत छथि जे चिंता तखन बढ़ैत अछि, जखन व्यक्ति बेर-बेर आश्वासन, अपन बातक पुष्टि वा साथ पएबाक लेल चैटबॉट पर निर्भर रहय लगैत अछि। जं एहि निर्भरताक असर नींद, काज, सामाजिक संबंध आ स्वतंत्र निर्णय लेबाक क्षमता पर पड़य लगय, तखन एकरा गंभीरता सं लेबाक चाही। एआई हर समय उपलब्ध रहैत अछि आ उपयोगकर्ता कें तुरंत उत्तर दैत अछि। एकसरापन वा सामाजिक घबराहट अनुभव करय बला लोक कें एहि सं अस्थायी राहति भेटि सकैत अछि। मुदा वास्तविक मानवीय संबंध मे बातचीत, मतभेद आ भावना बुझबाक प्रक्रिया सेहो महत्वपूर्ण होइत अछि। एही अनुभव सभ सं भावनात्मक मजबूती विकसित होइत अछि।

एआई पर बेसी निर्भरता लेखन आ रचनात्मकता कें सेहो प्रभावित कए सकैत अछि। एआई विचार व्यवस्थित करबा, शोध करबा आ लेखन शुरू करबा मे सहायता कए सकैत अछि। मुदा जं विद्यार्थी आ युवा पेशेवर सभ बिना सोचने एआईक तैयार उत्तर स्वीकार करैत छथि, तखन अपन विचार विकसित करबाक, प्रमाणक मूल्यांकन करबाक आ स्वतंत्र रूप सं लिखबाक अभ्यास कम भए सकैत अछि।

विशेषज्ञ सभ स्पष्ट करैत छथि जे एआईक उपयोग मात्र सं मस्तिष्क कमजोर होइत अछि वा रचनात्मकता स्थायी रूप सं समाप्त भए जाइत अछि, एहन निष्कर्ष निकालबाक पर्याप्त प्रमाण एखन नहि अछि। मुख्य चिंता एआई पर आदति आधारित निर्भरता आ दैनिक जीवन पर पड़य बला ओकर प्रभाव अछि।

# मोबाइल आ जंक फूड कें मिश्रण बच्चा सभक लेल केना खतरनाक बनैत अछि? डॉक्टर बतौलनि

आइकाल्हि बच्चा सभ घंटों मोबाइल फोन मे लागल रहैत अछि। चिंता के बात ई अछि जे माता-पिता हुनका सभक हाथ मे पैकेटबंद खाद्य पदार्थ सेहो दैत छथि। अभिभावक एकरा प्रेम जतयबाक तरीका बुझैत छथि, मुदा एहि आदति सं बच्चा सभक शरीर पर कतेक पैघ नोकसान भए सकैत अछि, एकर जानकारी बहुत कम लोक कें अछि। बेसी समय धरि मोबाइल स्क्रीन देखब आ संगहि चिप्स खाइब बच्चा सभक स्वास्थ्य लेल कतेक खतरनाक अछि, एहि विषय पर टीवी9 डॉ. रोली मुंशी (वरिष्ठ परामर्शदाता, बाल रोग आ नवजात शिशु चिकित्सा, यथार्थ सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल) सं विशेष बातचीत कएलक।



माता-पिता के अतिरिक्त दादा-दादी आ नाना-नानी सेहो बच्चा सभ कें चिप्स, चॉकलेट आ दोसर पैकेटबंद खाद्य पदार्थ खूब खुआइत छथि। कतेको शोध मे ई बात सेहो सोझां आएल अछि जे मोबाइल फोन सं निकलय बला नीला प्रकाश बच्चा सभक आंखि आ मस्तिष्क पर प्रतिकूल प्रभाव डालि सकैत अछि।

एकर अतिरिक्त, जखन बच्चा मोबाइल देखैत खाइत अछि, तखन ओकर मस्तिष्क तक ई संदेश नहि पहुंचैत अछि जे पेट भरि गेल अछि वा एखन कतेक भूख शेष अछि। एहि कारण बच्चा अनजाने मे जरूरत सं बेसी भोजन कए लैत अछि।

डॉक्टरक कहब अछि जे आइकाल्हि बच्चा सभ मे मोबाइल देखबाक संग जंक फूड खेबाक आदति एकटा चिंताजनक संयोजन बनैत जा रहल अछि। मोबाइल देखैत समय बच्चा सभ प्रायः बिना ध्यान देने बेसी भोजन कए लैत अछि आ हुनका एहि बातक एहसासो नहि होइत अछि जे पेट भरि गेल अछि।

दोसर दिस, जंक फूड मे नमक, चीनी आ वसाक मात्रा बेसी रहैत अछि। एहि कारण वजन बढ़बाक, पाचन संबंधी समस्या होयबाक आ भविष्य मे मधुमेह जेकां बेमारी सभक खतरा बढ़ि सकैत अछि। लगातार मोबाइल स्क्रीन देखला सं बच्चा सभक शारीरिक गतिविधि सेहो कम भए जाइत अछि, जाहि सं हुनकर वजन आ शारीरिक फिटनेस प्रभावित भए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त, बहुत देर धरि मोबाइल देखला सं बच्चा सभक सुतबाक समय आ नींदक गुणवत्ता सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। एहि लेल माता-पिता कें प्रयास करबाक चाही जे बच्चा भोजन करैत समय मोबाइल सं दूर रहथि। हुनकर भोजन मे घरक पौष्टिक खाना, फल आ तरकारी शामिल करबाक चाही। बच्चा सभ कें प्रतिदिन किछु समय खेलकूद आ शारीरिक गतिविधि लेल सेहो अवश्य देबाक चाही।

# दिल्ली मे प्रदर्शन पर पुलिसिया कारबाइ पर सुप्रीम कोर्टक कठोर टिप्पणी

## आवाजाही आ शांतिपूर्ण प्रदर्शनक अधिकार बहाल करबाक निर्देश

**नई दिल्ली, एजेंसी**

दिल्ली मे प्रदर्शनक दौरान पुलिसिया कारबाइ आ लोकक हिरासत मे लेल जाएबाक मामिला पर सुप्रीम कोर्ट रविदिन विशेष सुनवाइ कयलक। न्यायालय कहलक जे कानूनक अनुसार राजधानी मे लोकनिक निर्बाध आवाजाही सुनिश्चित होयबाक चाही। कानून मे निर्धारित प्रक्रिया छोड़ि ककरो हिरासत मे नहि लेल जा सकैत अछि। न्यायमूर्ति जयमाल्या बागची आ न्यायमूर्ति वी. मोहना केर दू सदस्यीय पीठ कहलनि जे भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता (बीएनएसएस) केर धारा 163 लागू क्षेत्र सं बाहर लोक सभ के एकत्र होयबाक अधिकार रहतनि। न्यायालय इहो निर्देश देलक जे सुप्रीम कोर्टक आसपास धारा 163 लागू रहबाक चेतावनी देनिहार बोर्ड तत्काल हटाओल जाए, जाहि सं न्याय पयबाक लेल लोक न्यायालय धरि पहुंचि सकथि। शनिदिन दिल्ली मे भेल प्रदर्शनक नेतृत्व कॉकरोच जनता पार्टी आ वामपंथी छात्र संगठनक कार्यकर्ता केने छलाह। सुनवाइक दौरान न्यायालय संबंधित अधिकारी सभ सं मंगलदिन धरि अनुपालन प्रतिवेदन आ हिरासत मे लेल गेल लोकसभक विवरण मांगलक।





**सुप्रीम कोर्टक प्रमुख निर्देश :** सुनवाइक दौरान न्यायालय स्पष्ट कयलक जे मेट्रो आ रेल सेवा सामान्य रूप सं चलैत रहबाक चाही। कानूनक अधीन आवश्यक भेलापर मात्र एकरा रोकल जा सकैत अछि। कानून-व्यवस्था, यातायात आ संविधानक अनुच्छेद 19(2) मे देल गेल प्रावधान कें ध्यान मे राखि बैरिकेड लगयबाक व्यवस्थाक समीक्षा करबाक निर्देश देल गेल। न्यायालय ईहो कहलनि जे कानूनक प्रावधानक अनुसार इंटरनेट सेवा बाधित नहि कयल जाए। निर्धारित कानूनी प्रक्रिया छोड़ि ककरो हिरासत मे नहि लेल जाए। धारा 163 लागू क्षेत्र सं बाहर लोक सभ के एकत्र होयबाक अधिकार रहतनि। सुप्रीम कोर्ट वा अन्य कोनो न्यायालय मे न्याय पयबाक लेल व्यक्तिगत रूप सं पहुंचय चाहनिहार लोक कंय रोकल नहि जाए। लाइव लॉक रिपोर्टक अनुसार, सुनवाईक दौरान भारत सरकारक सॉलिसिटर जनरल तुषार मेहता न्यायालय कें बतौलनि जे शनिदिन राति 10 बजे से मेट्रो सेवा पूर्ण रूप सं चालू अछि। सभ स्टेशन खुजल अछि, ट्रेन सामान्य रूप सं चलि रहल अछि आ इंटरनेट सेवा सेहो बहाल कयल जा चुकल अछि।

**याचिकाकर्ताक पक्ष सं पुलिसिया कारबाइ पर सवाल :** राष्ट्रीय जनता दलक सांसद मनोज झाक पक्ष सं उपस्थित वरिष्ठ अधिवक्ता कपिल सिब्बल आरोप लगौलनि जे पुलिस ट्रेन सभ सं लोक कें हिरासत मे लैत छल। जंतर-मंतर सं चारि किलोमीटर दूर रहनिहार लोक कें सेहो हिरासत मे लेल जा रहल छल। हुनकर कहब छलनि जे इलाका मे इंटरनेट सेवा बंद कयल गेल छल आ न्यायालयक आदेशक बावजूद 45 मेट्रो स्टेशन बंद कयल गेल छल। वरिष्ठ अधिवक्ता शादान फरासत न्यायालय कें कहलनि जे प्रदर्शनक दौरान पुलिस हुनको संग दुर्व्यवहार कयलक। हुनकर अनुसार, मामिला मात्र वकील सभक नहि, बल्कि नागरिक सभक शांतिपूर्ण प्रदर्शन करबाक अधिकार सं जुड़ल अछि। ओ कहलनि जे हुनका हिरासत मे लेलाक बाद चलैत बस मे फेंकि देल गेल। ओ राजधानी मे शांतिपूर्ण प्रदर्शनक अधिकार बहाल करबाक मांग कयलनि। वरिष्ठ अधिवक्ता एन. हरिहरन कहलनि जे परिस्थिति एहन छल जे वकील सभ स्वतंत्र रूप सं शहर मे घूमि नहि सकैत छलाह। ओ कहलनि जे तस्वीर सभ घटनाक स्थिति अपने स्पष्ट कए रहल अछि। वरिष्ठ अधिवक्ता गोपाल शंकरनारायणन कतेको वीडियो देखबैत आरोप लगौलनि जे निहत्था छात्र सभ कें पीटल गेल, लात मारल गेल आ अनावश्यक रूप सं धक्का-मुक्की कयल गेल। ओ कहलनि जे पहिने ई देखबाक चाही जे एहन कारबाइक आवश्यकता छल वा नहि। हुनका अनुसार, पुलिसक कारबाइक औचित्य आ जवाबदेही दुनू पर विचार होयबाक चाही। ओ मांग कयलनि जे लोकसभक आवाजाही पूर्ण रूप सं बहाल कयल जाए, सभ बैरिकेड हटाओल जाए आ मेट्रो स्टेशन फेर खोलल जाए। ओ बिना नेम बैज पहिरने पुलिसकर्मी सं संबंधित जवाबदेही तय करबाक मांग सेहो उठौलनि। वरिष्ठ अधिवक्ता संजय हेगड़े कहलनि जे न्याय धरि पहुंचबाक अधिकार मे वकील धरि पहुंचबाक अधिकार सेहो शामिल अछि। वकील कें अपन मुवक्किल वा पुलिस थाना धरि पहुंचय सं रोकब न्यायिक प्रक्रिया कें प्रभावित करैत अछि। हुनकर आरोप छलनि जे पुलिस थाना मे वकील सभ कें पीटल गेल आ प्राथमिकी दर्ज करबाक धमकी देल गेल। एक महिला अधिवक्ता न्यायालय कें बतौलनि जे ओ करीब 150 वकील संग शांतिपूर्वक पैदल चलि रहलीह। एहि दौरान चारि गोटे कें हिरासत मे लए पुलिस वैन मे बैसा देल गेल। हुनकर आरोप छलनि जे महिला पुलिसकर्मी हुनका धक्का दैत रहलीह आ पुलिसकर्मी सभ नेम बैज नहि पहिरने छलाह। वरिष्ठ अधिवक्ता शोएब आलम कहलनि जे मामिला नागरिक सभक मौलिक अधिकार सं जुड़ल अछि आ संविधानक अनुच्छेद 19 नागरिक सभ कें अधिकार प्रदान करैत अछि।



**न्यायालय इहो निर्देश देलक जे सुप्रीम कोर्टक आसपास धारा 163 लागू रहबाक चेतावनी देनिहार बोर्ड तत्काल हटाओल जाए**

**ममता, केजरीवाल सहित नेतासभक हिरासत पर याचिका :** न्यायालय रविदिनक विशेष सुनवाइ लेल दूटा मामिला सूचीबद्ध कयने छल। पहिल मामिला बंदी प्रत्यक्षीकरण याचिकाक छल, जाहि मे हिरासत मे लेल गेल व्यक्ति कें न्यायालय मे प्रस्तुत करबाक आ हिरासतक वैधता जांचबाक मांग कयल जाइत अछि। तृणमूल कांग्रेसक सांसद आ वरिष्ठ अधिवक्ता मेनका गुरुस्वामी ई याचिका दायर कयने छलीह। याचिका मे पश्चिम बंगालक पूर्व मुख्यमंत्री ममता बनर्जी, दिल्लीक पूर्व मुख्यमंत्री अरविंद केजरीवाल, केरलक पूर्व मुख्यमंत्री पिनराई विजयन आ त्रिपुराक पूर्व मुख्यमंत्री माणिक सरकार सहित विपक्षी नेता सभ कें एहतियातन हिरासत मे लेल जाएबाक चुनौती देल गेल अछि।

# रियाद हवाई अड्डा पर धमाकाक खबरि, एक दर्जन लोकक मृत्यु आ 300 सं बेसी घायल




**रियाद, एजेंसी**

सऊदी अरबक रियाद अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर शनिदिन जोरदार धमाका भेल। एहि घटना मे कम सं कम एक दर्जन लोकक मृत्यु आ 300 सं बेसी लोक घायल होयबाक खबरि अछि। घायलक मध्य किछु लोकक स्थिति गंभीर बताओल जा रहल अछि। मृतक सभ मे सऊदी अरब, बांग्लादेश, फिलिस्तीन, मिस्र, जॉर्डन, सूडान आ सीरियाक नागरिक शामिल रहबाक खबरि अछि। समाचार रिपोर्ट सभक अनुसार, एहि हमलाक पाछू हूती विद्रोहीक हाथ होयबाक आशंका जताओल गेल अछि। मुदा सऊदी सरकार एहि घटना पर एखन धरि आधिकारिक बयान नहि देने अछि। धमाकाक बाद हवाई अड्डा पर अफरा-तफरी मचि गेल। आनन-फानन मे कतेको यात्री कें सुरक्षित बाहर निकालल गेल। एतिहाद आ कतर एयरवेज अपन कतेको उड़ान रद्द कए देलक। किछु उड़ान सोमदिन धरि रद्द कयल गेल अछि। घटनास्थल आ आसपासक इलाका मे एक दर्जन सं बेसी एंबुलेंस देखल गेल। प्रत्यक्षदर्शी आ घटनाक जानकारी रखनिहार लोक सभ ई जानकारी देलनि। सऊदी सरकारक सूचना कार्यालय आ नागरिक विमानन प्राधिकरण एहि घटना पर कोनो टिप्पणी नहि कयने अछि। उड़ान पर नजरि रखनिहार वेबसाइट फ्लाइटराडार24क अनुसार, धमाकाक बाद रियाद जायबला यात्री विमान सभक उड़ान रद्द कए देल गेल अथवा ओकरा दोसर स्थान दिस मोड़ि देल गेल। यात्री सभ कें हवाई अड्डा जायबा सं पहिने अपन विमानन कंपनी सं संपर्क कए उड़ानक वर्तमान स्थिति पता करबाक सलाह देल गेल अछि। हवाई अड्डाक ऊपर एकटा हेलीकॉप्टर सेहो उड़ैत देखल गेल।

### रद्द भेल कतेको उड़ान, सुरक्षा पर चिंता

रियाद हवाई अड्डा पर ई घटना एहन समय मे भेल अछि, जखन ओतय ऊर्जा आ निवेश सं जुड़ल पैघ कार्यक्रम आयोजित होयबाक अछि। आयोजक सभ शनिदिन कहलनि जे कार्यक्रम पूर्वनिर्धारित योजनाक अनुसार होयत। एहि हफ्ता सेहो हवाई अड्डा पर हमला भेल छल, जाहि मे चारि लोकक मृत्यु आ कतेको लोक घायल भेल छलाह। सऊदी अधिकारीसभक अनुसार, बृहस्पतिदिन भेल दूटा हमला मे एकटा पायलट सहित तीन सऊदी नागरिकक मृत्यु भेल छल। ईरान समर्थित हूती आंदोलन एहि हमलासभक जिम्मेदारी लेने छल। अधिकारीसभक अनुसार, 6 आ 7 अक्टूबर कें सऊदी अरबक दूटा हवाई अड्डा पर भेल हमला मे तीन अन्य लोकक मृत्यु भेल छल।

### यमनक गृहयुद्ध सं बढ़ल तनाव

ई टटका संदिग्ध हमला यमन मे सऊदी अरब समर्थित सरकारी सेना आ हूती विद्रोहीक बीच बढ़ैत संघर्षक बीच भेल अछि। हूती विद्रोही यमनक उत्तर-पश्चिमी क्षेत्रक पैघ हिस्सा पर नियंत्रण रखैत छथि। हुनकर कहब अछि जे यमनक गृहयुद्ध मे सरकारी सेना कें सऊदी अरब द्वारा देल जा रहल समर्थनक बदला लेबाक लेल ओ सऊदी अरब पर हमला कए रहल छथि। लाल सागरक तटीय क्षेत्र मे सेहो संघर्ष तेज भए गेल अछि। एहि क्षेत्र मे बाब अल-मंडेब जलडमरूमध्य लग स्थित मोखा बंदरगाह सामरिक आ व्यापारिक दृष्टि सं महत्वपूर्ण अछि। ई अंतरराष्ट्रीय जहाजरानीक एकटा प्रमुख आ संकीर्ण मार्ग अछि। यमनक सरकार समर्थक सेना सभ दावा कयने अछि जे ओ लाल सागरक दक्षिणी छोर पर स्थित जलडमरूमध्य पर कब्जा कए लेने अछि। सऊदी अरबक नेतृत्वबला गठबंधन 2015 मे यमन मे हस्तक्षेप कयने छल, जाहि सं हूती विद्रोही अंतरराष्ट्रीय मान्यता प्राप्त सरकार सं सत्ता नहि छीन सकथि। सालों धरि चलल हवाई हमला आ जमीनी संघर्ष यमन मे गंभीर मानवीय संकट उत्पन्न कयलक, जाहि मे लाखो लोकक जान गेल। एहि ताजा घटना सं पश्चिम एशिया मे तनाव आ बढ़बाक आशंका जताओल जा रहल अछि।

# 'तमिलनाडुक 5 हजार करोड़ रुपैया बकाया, बिना शर्त भेटय'...

## पीएम मोदीक उपस्थिति मे कहलनि मुख्यमंत्री विजय

**चेन्नई, एजेंसी**

तमिलनाडुक मुख्यमंत्री जोसेफ विजय रविदिन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक उपस्थिति मे केंद्र सरकार सं 5,110 करोड़ टाका बकाया राशि बिना कोनो शर्त जारी करबाक मांग कयलनि। ओ कहलनि जे समग्र शिक्षा योजनाक अंतर्गत तमिलनाडु कें केंद्र सं ई राशि भेटबाक बाकी अछि। चेन्नई मे विभिन्न विकास परियोजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कार्यक्रमक दौरान मुख्यमंत्री प्रधानमंत्रीक समक्ष राज्यक कतेको महत्वपूर्ण मांग रखलनि। मुख्यमंत्री विजय चेन्नई मेट्रो रेल परियोजनाक दोसर चरणक उद्घाटन लेल प्रधानमंत्रीक आभार व्यक्त कयलनि।

एहि चरण मे पूनमल्ली सं वडापलानी धरि मेट्रो सेवा शामिल अछि। ओ प्रधानमंत्री सं चेन्नई मेट्रो रेलक तेसर चरण कें शीघ्र मंजूरी देबाक आग्रह कयलनि। एहि चरण मे हवाई अड्डा सं किलांबक्कम आ पूनमल्ली सं सुंगुवरछत्रम धरि मेट्रो संपर्क बढ़यबाक योजना अछि। विजय कर्नाटकक होसुर सं बोम्मासंद्रा धरि अंतरराज्यीय मेट्रो रेलमार्ग बनेबाक प्रस्ताव सेहो रखलनि। ओ कहलनि जे कोयंबटूर आ मदुरै मे मेट्रो रेल परियोजनापर फेर विचार करबाक आवश्यकता अछि, जाहि सं राज्यक विभिन्न क्षेत्र मे यातायात सुविधा नीक भए सकय। मुख्यमंत्री केंद्र सरकार सं एहि सभ प्रस्ताव पर शीघ्र निर्णय लेबाक आग्रह कयलनि।



### दूटा उच्च गति रेल गलियाराक घोषणाक स्वागत

मुख्यमंत्री विजय केंद्रीय बजट 2026 मे बेंगलुरु, हैदराबाद आ चेन्नईक बीच दूटा उच्च गति रेल गलियारा बनेबाक घोषणाक स्वागत कयलनि। ओ कहलनि जे एहि परियोजना सभ सं दक्षिण भारतक लोक सभ कें लाभ भेटतनि। विजय चेन्नई सं कन्याकुमारी आ चेन्नई सं कोयंबटूरक बीच सेहो उच्च गति रेल गलियारा बनेबाक मांग कयलनि। ओ प्रमुख राष्ट्रीय राजमार्गक किछु हिस्सा कें छह लेनवला बनयबाक सहित सड़क विकास सं जुड़ल कतेको परियोजना कें प्राथमिकता देबाक आग्रह कयलनि।

### नदी जोड़ परियोजना आ तमिल भाषाक मांग

जल संसाधनक मुद्दा उठबैत मुख्यमंत्री गोदावरी-कावेरी नदी जोड़ परियोजना कें राष्ट्रीय परियोजनाक रूप मे प्राथमिकता देबाक मांग कयलनि। हुनकर कहब छलनि जे नदी सभ कें जोड़ला सं दक्षिणी राज्यसभक बीच जल उपलब्धता मे संतुलन बनयबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। विजय मद्रास उच्च न्यायालय मे न्यायिक कामकाज लेल तमिल भाषा कें प्रमुख भाषा बनयबाक दिशा मे सेहो कदम उठेबाक मांग कयलनि।

ओ कहलनि जे राज्यक लोकक हित मे एहि विषय पर ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। मुख्यमंत्री प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं तमिलनाडुक विकास परियोजना सभ कें शीघ्र मंजूरी देबाक आ समग्र शिक्षा योजनाक अंतर्गत बकाया 5,110 करोड़ टाका बिना शर्त जारी करबाक आग्रह कयलनि। हुनकर मांग सभ मे मेट्रो विस्तार, उच्च गति रेल, सड़क विकास, नदी जोड़ परियोजना आ तमिल भाषा मे न्यायिक कामकाज प्रमुख रहल।

# 'प्रतिस्पर्धा बढ़ला सं ग्राहक कें होयत लाभ...'

**नई दिल्ली, एजेंसी**

स्पेसएक्सक प्रमुख एलन मस्क भारत मे अपन उपग्रह आधारित इंटरनेट सेवा स्टारलिंक शुरू करबाक मांग एक बेर फेर उठौलनि अछि। ओ कहलनि जे भारतीय बाजार मे प्रतिस्पर्धा बढ़ला सं आम लोक कें बेसी विकल्प भेटतनि आ एकर लाभ ग्राहक सभ कें होयतनि। मस्क रिलायंस इंडस्ट्रीजक अध्यक्ष मुकेश अंबानी पर सेहो निशाना साधलनि। ओ अंबानीक समर्थक सभक तर्क कें विरोधाभासी बतबैत एकरा बेतुका दोहरापन आ बढ़ा-चढ़ाक प्रस्तुत कयल गेल बात कहलनि। मस्कक ई टिप्पणी एहन समय मे आएल अछि, जखन ओ भारत मे स्टारलिंक सेवा शुरू होयबा मे भए रहल देरी पर लगातार सवाल उठा रहल छथि।

रिलायंस देशक दूरसंचार क्षेत्रक प्रमुख कंपनी सभ मे एक अछि। एलन मस्क रविदिन सोशल मीडिया एक्स पर लिखलनि जे भारत मे स्टारलिंकक सेवा शुरू भेला सं आम नागरिक कें इंटरनेट सेवाक बेसी विकल्प भेटतनि। हुनकर कहब छलनि जे एहि प्रतिस्पर्धा सं मुकेश अंबानीक लाभ घटि सकैत अछि, मुदा हुनकर कारोबार बंद नहि भए जाएत। मस्क कहलनि जे जं भारत मे स्टारलिंकक सेवा महंग होयत तं लोक ओकर उपयोग नहि करत। एहन स्थिति मे कंपनी कें अपन सेवाक मूल्य ग्राहकसभक पहुंचक अनुकूल रखय पड़त।



ओ अंबानीक इंटरनेट कारोबारक समर्थन करयवला लोकसभक तर्क पर सवाल उठौलनि। मस्कक अनुसार, एक दिस कहल जाइत अछि जे स्टारलिंक अंबानीक सस्त इंटरनेट सेवाक सामना नहि कए सकत, तं दोसर दिस ओकरा एतेक शक्तिशाली प्रतिस्पर्धी बताओल जाइत अछि जे मौजूदा कारोबार लेल खतरा बनि सकैत अछि।

### अंबानी सं जुड़ल कारोबार पर सेहो उठौलनि सवाल

एलन मस्क शनिदिन सेहो अंबानी सं जुड़ल कारोबारक संबंध मे एक्स पर किछु पोस्ट कयने छलाह। ओ किछु समाचार रिपोर्टक तस्वीर साझा कयलनि, जाहि मे आरोप लगाओल गेल छल जे रिलायंस सं वित्तीय सहायता पाबयवाली एक कंपनी सोशल मीडिया पर भारतीय जनता पार्टीक चुनावी अभियान कें बढ़ावा देबा मे सहायता कयने छल। मस्क वर्ष 2022 मे अल जजीरा द्वारा प्रकाशित एक रिपोर्ट सेहो साझा कयलनि। एहि रिपोर्ट मे बताओल गेल छल जे रिलायंस सं वित्तीय सहायता पाबयवाली कंपनी फेसबुक पर भाजपा अभियान कें कोना बढ़ावा दैत अछि। एकर अतिरिक्त, मस्क द इंडियन एक्सप्रेस केर वर्ष 2024 केर एक रिपोर्ट सेहो साझा कयलनि।

**भारत मे स्टारलिंक शुरू करबाक मांग पर अड़ला एलन मस्क**

एहि रिपोर्ट मे रिलायंस सं जुड़ल कंपनी क्विक सप्लाई द्वारा चुनावी बॉन्डक माध्यम सं भाजपा कें 385 करोड़ टाका आ शिवसेना कें 25 करोड़ टाका देबाक बात कहल गेल छल। एहि आरोप सभ पर रिलायंस सार्वजनिक रूप सं कोनो प्रतिक्रिया नहि देने अछि। एकरा पहिने मस्क व्यंग्य करैत मुकेश अंबानी कें प्रधानमंत्री अंबानी कहने छलाह आ हुनका पर अपन एकाधिकार बचयबाक प्रयास करबाक आरोप लगौने छलाह।

### भारत सरकार मस्कक आरोप कें कयलक खारिज

दोसर दिस, भारत सरकार बृहस्पतिदिन मस्कक एहि दावा कें खारिज कए देने छल जे भारतक किछु पैघ कारोबारी स्टारलिंकक शुरूआत मे बाधा पहुंचा रहल छथि। संचार मंत्रालय स्पष्ट कयलक जे देश मे उपग्रह आधारित संचार सेवाक लेल नियम निष्पक्ष अछि आ कोनो कंपनीक संग भेदभाव नहि कयल जाइत अछि। मंत्रालय सोशल मीडिया पर प्रसारित ओहि आरोप सभ कें सेहो निराधार आ गलत बतौलक, जाहि मे नियामक व्यवस्थाक निष्पक्षता आ ओकरा लागू करबाक प्रक्रियापर सवाल उठाओल गेल छल।

# पुतिन सं दोस्ती, जेलेंस्की सं बैर, ट्रंप कहलनि- यूक्रेन कें आब नव राष्ट्रपति चाही

**वाशिंगटन, एजेंसी**

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप एक बेर फेर यूक्रेनक राष्ट्रपति वोलोदिमीर जेलेंस्की पर निशाना साधलनि। रूसक तेलशोधक कारखाना सभ पर यूक्रेनक लगातार हमला पर नाराजगी जतबैत ट्रंप कहलनि जे आब यूक्रेन कें नव राष्ट्रपति चुनबाक समय आबि गेल अछि। हुनकर कहब छलनि जे कीव एहन नेता चुनय, जे रूसक संग नीक समझौता कए सकय। शनिदिन ह्वाइट हाउसक बाहर पत्रकार सभ सं बातचीत करैत ट्रंप कहलनि जे यूक्रेन कें रूसी तेलशोधक कारखाना सभ पर हमला बंद कए देबाक चाही। एक्सियोस केर रिपोर्टक अनुसार, ट्रंप लगातार जेलेंस्की सं एहन हमला रोकबाक आग्रह कए रहल छथि। एकरा किछुए घंटा पहिने ट्रंप घोषणा कयने छलाह जे अमेरिका रूस सं पैघ मात्रा मे डीजल किनत आ वैश्विक बाजार मे रूसी तेलक बिक्री पर आपत्ति नहि जताओत। जेलेंस्की एहि निर्णयक विरोध कयने छथि। हुनकर कहब अछि जे रूस सं अमेरिकी तेल खरीद ओकरा युद्ध जारी रखबाक लेल अतिरिक्त धन उपलब्ध कराओत, जाहि सं युद्ध समाप्त करबाक प्रयास प्रभावित होयत।

### डीजल लेल रूस पर निर्भरता

अमेरिका मे तेलक बढ़ैत दाम ट्रंप लेल चुनौती बनल अछि। आगामी मध्यावधि चुनाव कें देखैत पेट्रोलियम पदार्थक महंगाई हुनका लेल चिंता बढ़ा सकैत अछि। अमेरिका मे माल ढुलाई मुख्य रूप सं ट्रक द्वारा होइत अछि, जाहि मे डीजल महत्वपूर्ण अछि। होर्मुज जलडमरूमध्य बंद रहबाक कारण अमेरिका लग सीमित विकल्प बचल अछि। रिपोर्टक अनुसार, ट्रंपक दूत जेरेड कुशनर आ स्टीव विटकॉफ जेलेंस्की सं रूसी तेलशोधक कारखाना सभ पर हमला रोकबाक आग्रह कयने छलाह। जेलेंस्की शर्त रखलनि जे रूस सेहो यूक्रेनक बिजली ढांचापर हमला नहि करबाक आश्वासन दे। मुदा ट्रंप एहि शर्तक बिना हमला रोकबाक मांग कयलनि। एहि मुद्दा पर दुनू पक्षक बीच सहमति नहि बनि सकल।



**ट्रंप कहलनि, कीव एहन नेता चुनय, जे रूसक संग नीक समझौता कए सकय**

# शंघाई मास्टर्स : अल्काराज 'न्यू लुक' संग टेनिस कोर्ट पर उतरलाह



स्पेनक स्टार खेलाड़ी कार्लोस अल्काराज शनिदिन 'शंघाई मास्टर्स'क दोसर राउंड मे अर्जेंटीना के जुआन मैनुएल सेरुंडोलो के 6-3, 6-3 सं हरा देलनि। एहि जीतक संगहि अल्काराज तेसर राउंड मे प्रवेश कयलनि, जतय हुनकर मोकाबला जिजू बर्ग्ज सं होयत। हालहि मे जापान ओपन जीतनिहार अल्काराज मूंछ बला नव लुक मे खेलैत नेट पर अपन दबदबा बनौने रखलनि। 66 मिनट धरि चलल एहि मोकाबला मे अल्काराज लगातार जीतक सिलसिला 7 मैच धरि पहुंचा देलनि। अल्काराज अपन आक्रामक खेलक शानदार इस्तेमाल करैत 24 विनर लगौलनि आ नेट पर 20 मे सं 13 अंक हासिल कयलनि। अर्जेंटीना खेलाड़ीक प्रदर्शन एहि तुलना मे कमजोर रहल। ओ 8 विनर लगौलनि आ नेट पर 7 मे सं 5 अंक जीतलनि। अल्काराज जापान ओपन जीतबाक बाद शंघाई मास्टर्स मे खेलबाक लेल पहुंचल छलाह। ओतय फाइनल मे चेक गणराज्यक जिरी लेहेका के हरौने छलाह। एहि साल अप्रैल मे कलाई मे चोट लगबाक कारण साढ़े चारि महीना धरि खेल सं दूर रहबाक बाद ई हुनकर पहिल खिताब छल। वापसीक बाद अल्काराज यूएस ओपनक क्वार्टर फाइनल मे जगह बनौलनि, जतय हुनका बेन शेल्टन सं हारक सामना करय पड़लनि। बाद मे फाइनल मे अलेक्जेंडर ज्वेरेव शेल्टन के हरा देलनि। अल्काराज आब अपन पहिल शंघाई खिताब जीतेबाक कोशिश कए रहल छथि। ई मास्टर्स 1000 प्रतियोगिताक ओहि तीन आयोजन मे सं एक अछि, जे एखन धरि स्पेनक एहि खेलाड़ी नहि जीत सकल छथि। बाकी दू आयोजन कनाडा आ पेरिस मे होइत अछि। मैनुएल सेरुंडोलो के विरुद्ध अपन आक्रामक खेल योजनाक विषय मे अल्काराज कहलनि, शुरूआत मे कोनो खास योजना नहि छल। हम तैयार रहबाक आ ओतयक परिस्थिति के हिसाब सं अपना के ढारबाक कोशिश कयलहुं। कोर्टक गति बहुत तेज अछि, जे हमरा नीक लगैत अछि। एहि कारण हमर शुरूआत बहुत नीक नहि रहल आ हमरा लय नहि भेटि रहल छल। ताहि लेल हम किछु अलग करबाक कोशिश कयलहुं। अपन नव लुकक विषय मे अल्काराज कहलनि, ई एहि सप्ताह धरि तं रहबे करत। हम कम सं कम एक बेर मूंछ राखि कए कोर्ट पर उतरय चाहैत छलहुं। टोक्यो जेबाक पहिने टीमक संग हम सभ तय कयने रही जे जं हम टूनार्मेंट जीतब, तं सभ गोटे मूंछ राखब आ ओहि लुक मे शंघाई मे खेलब। हम सभ एहि नव लुकक आनंद उठा रहल छी। ई आब किछु समय धरि रहत।

**सेरुंडोलो कें आसानी सं हरा तेसर राउंड मे कयलनि प्रवेश**

# हसन महमूद रचलनि इतिहास, टेस्ट क्रिकेट मे हैट्रिक लेबय बला बांग्लादेशक पहिल तेज गेंदबाज बनलाह

बांग्लादेश आ अफगानिस्तानक बीच एकमात्र टेस्ट मोकाबला अबू धाबीक शेख जायेद क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जा रहल अछि। बांग्लादेशक तेज गेंदबाज हसन महमूद टेस्ट मोकाबलाक तेसर दिन इतिहास रचि देलनि।

हसन महमूद बांग्लादेश दिस सं टेस्ट क्रिकेट मे हैट्रिक लेबय बला पहिल तेज गेंदबाज बनि गेलाह। ओ पारीक 83म ओवर मे लगातार तीन गेंद पर अफगानिस्तानक बल्लेबाज सभके पवेलियन पठा कए ई ऐतिहासिक उपलब्धि हासिल कयलनि।

83म ओवरक दोसर गेंद पर ओ इस्मत आलम के 1 रनक स्कोर पर क्लीन बोल्ड कयलनि। एकर बाद अगिले गेंद पर ओ कैस अहमद के बिना खाता खोलने पवेलियन पठा देलनि। कैस हसनक गेंद पर लिटन दास के कैच दैत आउट भेलाह। एकर बाद हसन महमूद तेसर गेंद पर जियाउर रहमान के आउट कए अपन हैट्रिक पूरा कयलनि। जियाउर सेहो बिना कोनो रन बनौने आउट भेलाह।

हसन महमूद सं पहिने बांग्लादेशक दू गोट आन गेंदबाज टेस्ट क्रिकेट मे हैट्रिक लए चुकल छथि। पूर्व लेग स्पिनर आलोक कपाली बांग्लादेश दिस सं क्रिकेटक एहि सबस पैघ प्रारूप मे हैट्रिक लेबय बला पहिल गेंदबाज छलाह। ओ 2003 मे पाकिस्तानक विरुद्ध लगातार तीन गेंद पर 3 बल्लेबाज के आउट कयने छलाह। ओतहि स्पिन गेंदबाज सोहाग गाजी 2013 मे न्यूजीलैंडक विरुद्ध हैट्रिक लेलनि।

हसन महमूद शानदार गेंदबाजी करैत अपन 21 ओवरक स्पेल मे 55 रन दैत 5 विकेट झटकलनि। हुनकर शानदार गेंदबाजीक बदौलत बांग्लादेश टेस्टक तेसर दिन जोरदार वापसी कयलक। दोसर दिनक खेल समाप्त होयबा धरि 4 विकेट पर 211 रन बनाकए मजबूत स्थिति मे देखाइ दैत अफगानिस्तानक पूरा टीम 240 रन पर ऑलआउट भए गेल।

अफगानिस्तान अपन आखिरी 6 विकेट मात्र 29 रन जोड़ि कए गंमा देलक। टीमक कप्तान रहमत शाह शानदार बल्लेबाजी करैत शतकीय पारी खेललनि। ओ 216 गेंदक सामना करैत 105 रन बनाकए नाबाद रहलाह। अपन एहि पारी मे ओ 10 चौका आ 2 छक्का लगौलनि। हसन महमूदक अतिरिक्त बांग्लादेश दिस सं इबादत हुसैन 56 रन दैत 4 विकेट लेलनि, जखनकि मेहदी हसन मिराज 1 विकेट झटकलनि।



## रहमत शाहक नाम जुड़ल पैघ उपलब्धि

# कप्तानक रूप मे डेब्यू मैच मे शतक लगाबय बला पहिल अफगानी बल्लेबाज बनलाह

अफगानिस्तानक कप्तान रहमत शाह रविदिन शेख जायेद स्टेडियम मे बांग्लादेशक विरुद्ध खेलल जा रहल एकमात्र टेस्ट मोकाबला मे रिकॉर्ड शतक लगबैत टेस्ट कप्तानक रूप मे अपन शुरूआत कयलनि। बांग्लादेशक 346 रनक जवाब मे रहमत शाह अफगानिस्तान दिस सं एकसर संघर्ष करैत पहिल पारी मे 105 रन बनौलनि। ओ टेस्ट कप्तानक रूप मे अपन पहिलहि मैच मे शतक लगाबय बला पहिल अफगानी खेलाड़ी बनि गेलाह। रहमत शाह एहि साल जुलाई मे हशमतुल्लाह शाहिदी सं टेस्ट आ वनडे कप्तानीक जिम्मेदारी लेने छलाह।

टेस्ट कप्तानक रूप मे अपन पहिलहि मैच मे ओ ऐतिहासिक उपलब्धि हासिल कयलनि। रहमत शाह 216 गेंदक सामना करैत 10 चौका आ 2 छक्काक मदति सं 105 रन बनौलनि। रहमत शाहक अतिरिक्त अफगानिस्तान दिस सं अब्दुल मलिक 120 गेंद मे 62 रन बनौलनि। ओतहि विकेटकीपर-बल्लेबाज इकराम अलीखिल 103 गेंदक सामना करैत 32 रनक योगदान देलनि। एहि सभक मदति सं अफगानिस्तान 240 रन धरि पहुंचल। हालांकि, टेस्टक दोसर दिनक खेल समाप्त होयबाक समय अफगानिस्तान 4 विकेट पर 211 रन बनाकए मजबूत स्थिति मे देखाइ दैत छल। मुदा टीम अपन आखिरी 6 विकेट मात्र 29 रन जोड़ि कए गंमा देलक। बांग्लादेशक तेज गेंदबाज हसन महमूद शानदार गेंदबाजी करैत हैट्रिक लेलनि आ कुल 5 विकेट झटकलनि।



ओ ई उपलब्धि हासिल करय बला बांग्लादेशक पहिल तेज गेंदबाज बनलाह। हसन टेस्ट क्रिकेट मे बांग्लादेश दिस सं हैट्रिक लेबय बला कुल तेसर गेंदबाज छथि। हुनका सं पहिने 2003 मे आलोक कपाली पाकिस्तानक विरुद्ध ई कारनामा कयने छलाह। ओतहि 2013 मे सोहाग गाजी न्यूजीलैंडक विरुद्ध हैट्रिक लेलनि। इबादत हुसैन सेहो 4 विकेट लेबा मे सफल रहलाह। बांग्लादेश अपन पहिल पारी मे 346 रन बनौने छल।

## ऑस्ट्रेलिया दोसर वनडे मे बांग्लादेश कें 9 विकेट सं हरौलक

# शोभनाक ऐतिहासिक शतक पर भारी पड़ल जॉर्जिया वोलक आतिशी पारी

ऑस्ट्रेलियाक महिला क्रिकेट टीम शानदार प्रदर्शन करैत दोसर वनडे मोकाबला मे बांग्लादेश के 9 विकेट सं हरा देलक। बांग्लादेश दिस सं भेटल 221 रनक लक्ष्य ऑस्ट्रेलिया मात्र 28.1 ओवर मे एक विकेट हरा कए हासिल कए लेलक। एहि जीतक संगहि ऑस्ट्रेलिया तीन मैचक वनडे सीरीज मे 2-0 के अजेय बढ़त बना लेलक। लक्ष्यक पीछा करए उतरल ऑस्ट्रेलियाक शुरूआत शानदार रहल। जॉर्जिया वोल आ फोएबे लिचफील्डक जोड़ी नीक लय मे देखाइ देलनि आ दुनू मात्र 119 गेंद मे 162 रनक साझेदारी कयलनि। ऑस्ट्रेलियाक एहि सलामी जोड़ीक आगू बांग्लादेशक गेंदबाज सभ बेबस नजरि अयलनि। लिचफील्ड 51 गेंदक सामना करैत 70 रनक दमदार पारी खेललनि। अपन एहि पारी मे ओ 11 चौका आ 1 छक्का लगौलनि।

ओतहि जॉर्जिया शानदार बल्लेबाजी करैत 81 गेंद मे शतक पूरा कयलनि। ओ 97 गेंदक सामना करैत 131 रन बनाकए नाबाद रहलथि। अपन एहि पारी मे ओ 19 चौका लगौलनि। एलिसा पेरी 22 गेंद मे 19 रन बनाकए नाबाद रहलथि। एहि सं पहिने बांग्लादेश 50 ओवर मे 6 विकेट गंमा कए 220 रन बनौने छल। टीमक शुरूआत बहुत खराब रहल आ फरगाना हक 13 गेंद खेललाक बाद बिना खाता खोलने पवेलियन लौटि गेलीह। शर्मिन सुल्ताना सेहो बल्ला सं खास योगदान नहि दए सकलीह। ओ 20 गेंद मे 5 रन बनाकए आउट भेलीह। मेगन शट शर्मिन अख्तर के बिना खाता खोलने पवेलियन पठा देलनि।

8 रन पर 3 विकेट खसला सं बांग्लादेशक टीम मुश्किल मे पड़ि गेल छल। मुदा एकरा बाद कप्तान निगर सुल्ताना आ शोभना मोस्तरी मोर्चा संभैरलनि आ चारिम विकेट लेल 195 रनक महत्वपूर्ण साझेदारी कयलनि। सुल्ताना 114 गेंदक सामना करैत 74 रन बनौलनि। अपन एहि पारी मे ओ 7 चौका लगौलनि। ओतहि शोभना बांग्लादेश दिस सं ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध वनडे शतक लगाबय बाली पहिल महिला खेलाड़ी बनलीह। ओ 134 गेंद मे 118 रन बनौलनि आ अपन पारी मे 18 चौका लगौलनि। शोर्ना अख्तर मात्र 8 रन बना सकलीह, जखनकि रितु मोनी बिना खाता खोलने रन आउट भेलीह। ऑस्ट्रेलियाक दिस सं गेंदबाजी करैत मेगन शट शानदार प्रदर्शन कयलनि। ओ 10 ओवर मे 36 रन दैत 4 विकेट लेलनि। किम गार्थ 35 रन दैत 1 विकेट झटकलनि।



## सूर्यांश-प्रियांशक दमदार पारी

# ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध तेसर अनौपचारिक वनडे मे 275 रन बनाकए सिमटल भारत-ए



भारत-ए आ ऑस्ट्रेलिया-एक बीच तेसर अनौपचारिक वनडे मोकाबला क्रिकेट एसोसिएशन पुडुचेरी सीचेम ग्राउंड मे खेलल जा रहल अछि। पहिने बल्लेबाजी करैत भारत-एक पूरा टीम 47.3 ओवर मे 275 रन बनाकए ऑलआउट भए गेल। मोकाबला मे ऑस्ट्रेलिया टॉस जीत कए भारत के पहिने बल्लेबाजी करबाक न्योता देलक। टीमक शुरूआत नीक रहल आ प्रियांश आर्या आ प्रभसिमरन सिंह पहिल विकेट लेल 10.4 ओवर मे 83 रन जोड़लनि। प्रभसिमरन 34 गेंद मे 39 रन बनाकए आउट भेलाह। ओ अपन एहि पारी मे 6 चौका लगौलनि। ओतहि प्रियांश अपन अर्धशतक सं मात्र 1 रन दूर रहि गेलाह। ओ 45 गेंद मे 49 रन बनाकए आउट भेलाह। प्रियांश 3 चौका आ 2 छक्का लगौलनि। देवदत्त पडिक्कल बल्ला सं खास प्रदर्शन नहि कए सकलाह आ 2 रन बनाकए आउट भेलाह। कप्तान ऋतुराज गायकवाड़ नीक शुरूआतक लाभ नहि उठा सकलाह। ओ 57 गेंद मे 33 रन बनाकए मिचेल ओवेनक शिकार बनलाह। पिछला मोकाबला मे अर्धशतकीय पारी खेलनिहार रजत पाटीदारक प्रदर्शन एहि मोकाबला मे निराशाजनक रहल आ ओ मात्र 3 रन बना सकलाह। निशांत सिंधु सेहो 5 रन बनौलनि। 159 रन पर 6 विकेट खेबाक बाद मुश्किल मे देखाइ दैत भारत-एक पारी के सूर्यांश शेडगे आ विपराज निगम संभैरलनि। दुनू मिलि सातम विकेट लेल 77 गेंद मे 85 रन जोड़लनि। विपराज 44 गेंद मे 6 चौकाक मदति सं 40 रन बनाकए आउट भेलाह। ओतहि सूर्यांश नीक लय मे देखाइ देलाह आ अपन अर्धशतक पूरा कयलनि।




वर्ष 17, अंक 34 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार ) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053